Nan Non
Sivilizasyon

Editè: JEBCA Editions

Aranjman paj liv la ak Piblikasyon:
JEBCA Editions

Po liv la:
Seamas Culligan

© 2013 by François Nau

Atansyon: Pèsonn moun pa gen dwa fè kopi liv sa a, ni eskane li, ni mete li sou CD san otè a pa ba li yon otorizasyon ekri pou fè sa a.

Depo legal: 2013
Bibliyotèk Nasyonal Dayiti
Bibliyotèk Kongrè Etazini

ISBN 10: 0-9899978-3-9
ISBN 13: 978-0-9899978-3-6

Premye Edisyon (2013)

13 14 15 16 17 18 JEBCA 10 9 8 7 6 5 4 3 2 1

Enprime nan peyi Etazini

Sa Ki Nan Liv La

Prefas 4
Entwodiksyon 9
Mèsi 11
Dilere 13
Ki pèp nou ye? 23
Yo pa anyen pase nou 33
Yon Peyizan 41
Veye ipokrit mòde soufle yo 49
Lavi peyizan 59
Mouche Dodo gen yon mistè 71
Lapriyè monte gras desann 77
Yawè rive Lawomann 83
Yawè tonbe damou 89
Yon ti tan ka man Paul 99
Yon ti tan ka man Jean 107
Rasin restavèk nan peyi nou an 115
Restavèk 123
Kominote 131
Karaktè nou kòm pèp 141
Kwi pòv pa mal pou kase 147
Poukisa se te mwen? 157
Apostola, povrete ak sivilizasyon 173
Yon sitiyasyon espesyal 181
Enpòtans Edikasyon 191
Lespwa yon denmen miyò pou lasosyete ak sivilizasyon .. 197
Nan Non Sivilizasyon...Sou Chimen Sivilizasyon 207

Prefas

Nan Non Sivilizasyon, tit sa a voye n al chache definisyon mo *Sivilizasyon* an nan gwo diksyonè. Malchans pou nou, chans pou moun ki te bay liv la tit sa a, gen plizyè definisyon yo bay pou mo sa a. Se ap responsablite lektè a pou l chwazi kilès ladan yo ki plis reponn ak sa l dekouvri nan liv la. Si n ta itilize definisyon sa yo pou n prezante **Nan Non Sivilizasyon,** n ap dakò, nou pa t ap gen ase paj nan liv sa pou n fè li.

Nou itilize mo sa a detanzantan; men, èske n janm peze l pou n pran pwa li ? Si n eseye fè sa, li pa t ap pran n anpil tan pou n reyalize mo *Sivilizasyon* an se yon mo ki ka lou tankou yon pwa 50 dapre jan yo defini li.

Nan yon premye tan, yo defini sivilizasyon kòm eta devlòpman ekonomik, politik, sosyal ak kiltirèl kèk sosyete. Pa gen yon sosyete ki te tou sivilize. Suivan fòm sosyete a, kondisyon egzistans li ak kantite resous li genyen detèmine konbyen tan l ap fè sou chimen ap chache sivilizasyon. Sosyete ki rive anvan yo toujou vle konsidere tèt yo kòm mèt sivilizasyon. Poutèt sa, «nasyon sivilize sa yo» (parantèz yo pa inosan) panse yo ta dwe nan nenpòt ki fason, ak nenpòt ki mwayen mache pote sivilizasyon pa yo a bay lòt nasyon.

Nan liv sa a, François Nau kònen yon lanbi nan zòrèy nou tout Ayisyen pou n leve kanpe, chache chimen sivilizasyon ki koresponn ak valè pèp nou ye a. Li raple nou nan ki kontèks gwo blan nan anpil peyi ki rele tèt yo peyi sivilize te debake sou zile nou an pou te vin tabli yon sivilizasyon ki chita sou eksplwatasyon kretyen vivan. Yo te di yo pote sivilizasyon ban nou, alòske se ranmase yo te vin ranmase tout byen ak richès nou yo pou yo t al

ranfòse sivilizasyon pa yo. Pandan yo t ap eksplwate nou, yo te mare konsyans nou nan inyorans ak soumisyon, yo te kraze kilti nou ak pase santiman nou anba pye. Nan Non Sivilizasyon :

Yo dechouke nou
tankou pès ak chik
Yo kraze ogatwa nou,
pou ban nou oratwa
Yo kraze zo nou...

Apre sa, yo defini sivilizasyon tankou "aksyon pou sivilize yon nasyon, pou amelyore kondisyon materyèl ak kiltirèl yon pèp". **Nan Non Sivilizasyon** envite nou tout pou n mache koupe fache ak sivilizasyon pèpè. Li mennen n al dekouvri kilti lòt pèp pa ka amelyore kondisyon lavi nou. François Nau, tankou nan yon melodi, ak bèl mo ki mare ak zantray nou, nan lang pa nou, tabli bote ak fòs kilti nou ki ta dwe menmen nou Sou Chimen Sivilizasyon pa nou. Otè a ap di nou :

Nou se moun ! Nou se Ayisyen !
Nou kreye yon Nasyon
tout koulè, tout mès
tout kwayans, tout istwa...

Defini sivilizasyon nan fason sa yo pa satisfè tout moun. Plizyè otè dakò pou di nasyon yo kapab vin pi endistriyalize, pi fò ekonomikman ak politikman, yo kapab sèvi referans nan anpil domèn lasyans san yo pa vin pi bon nan fason yo panse, nan lanmou ak nan jistis (Pellarin, 1967). Se sa k pouse nou al eseye jwenn yon lòt jan pou n ta defini mo sivilizasyon an.

Pou n fini, nou kapab wè sivilizasyon kòm: ansanm karaktè ki pwòp ak vi entèlektyèl, atistik, moral ak materyèl yon pèp osnon yon nasyon. Definisyon sa ta sanble l ap plis kole ak sa **Nan Non Sivilizasyon** ap enspire moun ki li l yo.

Tout sa ki se fòs nou, espesyalman sa nou reyalize nan listwa, ka sèvi nan jèfò k ap fèt pou n vin yon pèp sivilize. Istwa nou pou kont li, se yon leson sivilizasyon pou sila yo ki kontinye ap chache yon definisyon pou mo sa a. François Nau, envite n koupe fache ak tout fo sivilizasyon. Li dekri reyalite nou kòm pèp. Nou gen mizik nou, relijyon nou, koutim, mès ak abitid ki pa sanble ak ankenn lòt. Nou gen yon sosyete ki ta dwe itilize edikasyon pou devlope agrikilti ak fyète kòm prensipal endistri nou.

Otè a menmen nou tou dousman al navige sou teren fòs ak feblès nou. Se yon envitasyon pou n konstwi sou fòs nou pandan n ap lave rad sal nou yo nan mitan fanmi. An n al pase yon ti tan sou lakou kay man Zaza, kay man *Paul* osnon kay man *Jean* pou n ka wè lanvè landrèt pèp moun eklere yo rele moun andeyò yo? Lè n fin li **Nan Non Sivilizasyon** n a chwazi ki kote n ta plis renmen tounen.

Nan Non Sivilizasyon se yon èv total kapital. Li se yon pwezi, yon mizik, yon kritik, yon vaksin, yon liv istwa, yon literati, yon èv sosyal. Li touche yon seri gwo fenomèn sosyete ki gen gwo enpak sou sa nou te ye yè ak sa nou ka vin ye denmen. Lè n ap li liv sa a, n ap tande yon tanbou rasanbleman y ap bat lwen nan ziltik, yon lanbi y ap kònen sou tèt pik Makaya, vwa yon pèp ki nan yon mizèrere vitametènam, n ap tande lagonni yon peyi ki kouche sou kabann Lopital Jeneral; men, ki gen lespwa. N ap reve je klè pandan sant yon kafe dlo kann ak bobori rasi, yon donbwèy nan sòs pwa kongo ap

zatouyèt sans nou yo. N ap anvi kouri tounen lakay, andeyò nan mòn, kèlkeswa jan yo vle rele l la. Nou pral nan jaden ki se Relijyon peyizan nou yo. Nou pral sou ti moso tè yo genyen, ki se Patri yo. Nou pral ka fè yon gwo konbit nan lakou lakay sou bitasyon nou, pou n ka viv bèl sivilizasyon sa a.

Sila yo ki pa twò konekte ak reyalite lavi moun andeyò yo, liv sa a ap ogmante kiryozite nou, pou n al dekouvri anpil valè, respè moun ak kouraj ak lanmou pou travay ki egziste lakay peyizan nou yo. N ap gen chans fè konesans ak anpil bèl son kreyòl ki nan kilti nou. Kèlkeswa nivo yon moun ak sektè l ap evolye, l ap jwenn yon ti kichòy ki touche konsyans li nan liv sa a.

Nan Non Sivilizasyon se yon travay ki envite n pran konsyans sa nou ye, sa nou genyen ak sa nou dwe batay pou n chanje.

Anpil kolon 21èm syèk la ki kontinye ap eksplwate peyi Dayiti ak anpil lòt peyi ki poko make gwo pa Sou Chimen Sivilizasyon ta dwe li liv sa a. Jodi a, nan peyi Dayiti, militè etranje ap vyole, fè zak maspinaj, pwopaje epidemi, ak touye frè ak sè nou yo san krent pinisyon lajistis. Yo pote epidemi kolera ban nou, epi, Nan Non Sivilizasyon, ak konplisite gouvènman nou yo refize pran responsablite yo. Pwoblèm lan sèke nou-menm nou pa pran responsablite nou... an patikilye moun ki nan pozisyon pou sa yo. Ta sanble olye pou reponsab yo ta chache estabilize peyi a, pouse li nan yon nivo ki respektab ak ranfòse lwa ki pou pwoteje enstitisyon nou yo; se zafè pòch yo, politik ak fanm y ap regle. Etranje yo toujou jwenn yon jan pou eksplwate peyi a ak tout moun k ap viv ladan l yo. Lè yo pa jwenn li tou fèt, yo kreye l ak sipò patriyòt machann peyi yo ki pa gen konsyans.

Antouka, chak n ap chache repons pou kèk nan keksyon nou ka ap poze tèt nou yo, **Nan Non**

Sivilizasyon se yon liv n ap ka louvri ak fèmen plizyè fwa ankò.

Fanel Benjamin
Psychologue Clinicien

Entwodiksyon

Liv sa a, **Nan Non Sivilizasyon** se yon lanbi François Nau kònen nan zòrèy nou, pou l reveye sila yo ki vle make pa Sou Chimen Sivilizasyon. Ke w se moun lavil, ke w se moun andeyò, depi w se Ayisyen, istwa sa a konsène w. Si w se yon peyizan, se istwa w ki ekri nan liv sa a. Nou pa ka kontinye fouye tou nou ye a pi fon toujou. Li lè pou n gade kijan n ka soti ladan li. Liv sa a swiv chimen ki mennen nou kote n ye a ; l ap tou montre n kijan n ka amelyore egzistans nou sou tè a.

Li t ap bon, si n te ka chanje move kondisyon lavi nan peyi Dayiti kounye a , san n pa tann; men, li pa fasil pou n chanje abitid ak mès ki la depi digdantan. François Nau, swete istwa ki nan liv sa a ka sèvi pou chanje lavi jenerasyon peyizan k ap vini an. Moun ki rele tèt yo moun eklere ap jwenn dekwa tou nan liv sa a pou chanje jan yo wè ak konprann peyizan yo. Liv sa a te ka sèvi gid pou peyizan ki pa konprann ki sa yo reprezante ak ki kote yo kanpe anndan sosyete a. Li ka sèvi glas pou anpil lòt moun, lidè ak byenfetè gade tèt yo ak jan yo konprann wòl yo nan sosyete a.

Chanjman ki dwe fèt yo ka pran anpil tan anvan pou nou wè yo. L ap pran plis tan toujou anvan pou nou kòmanse viv rezilta yo. Gen lespwa pou yo chanje lavi peyizan nan peyi Dayiti jouk yo jwenn plas yo merite a anndan sosyete a. Depi lontan, devlòpman peyi Dayiti te toujou chita sou agrikilti. Sèl chans peyi nou an ap genyen pou l vanse Sou Chimen Sivilizasyon, se lè nou tout va mete men nan devlòpman agrikilti nan peyi a. Lè sa rive fèt, n a konprann egzistans nou pi byen sou tè a, n a konprann dwa nou ak devwa nou, n a aprann aksepte

kretyen vivan parèy nou, menm lè yo pa wè ak panse menm jan ak nou. Konsa, n a wè pwogrè ap boujonnen nan tout kominote nou yo. Kè kontan a simaye alawonnbadè ak tout kote limyè solèy la klere. Limyè ki klere wout nou p ap janm tenyen. Kè nou p ap janm sispann bat, lavi p ap janm fini. Nou p ap bezwen etranje pou vin pote ak fòse nou aksepte sivilizasyon ipokrit degrenngòch pa yo ankò. Lè sa a, n a di tout bon vre, nou se moun sivilize.

Jou nou rive fè yon maryaj legliz an kreyòl ant Ledikasyon ak Agrikilti, ant Blan, Nèg Nwè ak Milat pou n vanse nan menm direksyon, nou tout a di ak fyète, tout kote n pase: Nou se Ayisyen.

Tout nasyon, tout koulè a kole tèt youn ak lòt pou nou viv jan Bondye te kreye nou pou n viv. N ap ka di ak fyète: Sivilizasyon kouvri tout tè a. Pawòl ki te di: Ewòp pou blan yo, Lafrik pou nwa yo ak Ayiti pou milat yo p ap gen plas li ankò nan vokabilè nou.

Si n te gen chans li **Chapo ba pou Marechal Mimi ak ti Jan**, nou p ap regrèt al dekouvri eta konsyans peyizan sa a yon lòt fwa nan : **Nan Non Sivilizasyon.**

Mèsi

Liv sa a se temwayaj respè m genyen pou youn nan pi gwo peyizan m te konnen: **Franck Nau**. Nan vivan l, msye te yon senbòl fyète, respè ak kouraj nan travay tè ak nan lavi. Anpil nan sa ki prezante nan liv sa a kòm karaktè ak valè yon peyizan ta dwe genyen lakay li, m te obsève yo nan lavi sitwayen sa a.

M vle dedye liv sa a, a tout òganizasyon, ak byenfetè ki sipòte devlòpman moun, ti moun an patikilye. Nan lis sa a, m vle site **Gerard Gabriel, Wilmina Augustin, JEBCA Ministries, Fondasyon Marechal Mimi,** elatriye...

Pou m fini, m ap di madanm mwen, **Edith Nau**, yon kokennchenn mèsi pou konpreyansyon l, pasyans ak tolerans li. Se li-menm ki te chwazi foto kouvèti liv la. Apre moun ki ban m lavi yo, li se pi gwo kado Bondye ban mwen.

Dilere

Rigèl ak Jwanèl se 2 dènye nan 11 pitit gason, bòs Toto te genyen ak man Zaza. Apre plizyè vwayaj Lawomann, mesye sa yo te deside rete chita nan peyi yo pou travay tè, olye pou yo t al pran imilyasyon nan koupe kann kay vwazen an. Lasaf pa t twò bon pase sa nan ane k pase yo. Rigèl te pote yon radyo entènasyonal 2 bann, koulè jòn sitwon, nan dènye vwayaj li te fè a. Man Zaza te koud yon ti sak twal pou mete radyo a sou tèt gadmanje ki nan sal kay la. Radyo sa a, se sitou dimanch, nan lè tiraj lotri pral kòmanse yo louvri l pou amatè yo ka tande boul k ap soti nan tiraj Sen Domeng. Se sèl nèg ki t al Lawomann deja ki plizoumwen ka konprann sa k ap di nan radyo a.

- Veinte cuatro mil novecientos cuarenta
- Cuarenta pesos
- Veinte ocho mil novecientos veintidós
- Cincuenta mil pesos
- Cuarenta mil doscientos catorze
- Cincuenta pesos
- Cuatro, primera bola
- Doce
- Mil pesos...
- Cuatro, segunda bola...
- Veinte, tercera bola

Tiraj fini, Jano li fich bòlèt konpè l yo, pou verifye pèdan ak gayan yo. Konpè Dodo te jwe 04, se nimewo kay li. Boul li fè 2 kabès. L achte yon poban tafya nan men man Zaza. Li jete 2 ti tchèk atè, li leve boutèy la anlè kòm si pou l di Bondye mèsi. Li kage kou l dèyè ak

bouch li louvri pou l vide prèske mwatye boutèy la nan gagann li. Li gade sa k rete a, epi l pase l bay konpè l yo. Boutèy la fè wonn nan, yo chak mouye gòj yo ak gwòg la. Sila yo ki genyen, yo kontan; lòt yo ki pa asiste tiraj reziye yo. Mesye yo deplase kite lakou kay man Zaza a, y al bay bèt yo manje. Kèk nan yo pral nan gagè al parye sou kòk kalite. Kèk lòt kontinye ap fè yon pòy siga fè wonn. Amatè ki pa gen bèt pou yo okipe osnon ki pa gen anyen pou yo fè; ouvè yon jwèt mayanba anba tonèl la.

- Pou li 10,
- Pou li 20
- Kont li 20
- Krap!
- Kont li 20
- Pou li 20
- Vètè !
- Pou li 15
- Pou li 20
- Lèp !
- M pare w 10
- Pou li 15
- 4 ble !
- Yon gwòg

Nou-menm peyizan, nou koule gwòg nou, nou bwè tafya nou, nou pran plezi nou jan n kapab. Nou jwe aza, nou fimen, n al nan dezafi. Nou jwe, nou parye, nou genyen, nou pèdi, youn ede lòt; men, nou pa chanje. Lavi a sèmante li p ap ri ak nou paske n lèd; men, pito nou lèd nou la.

Jou ale jou vini, pou nou-menm pa bò isit, kèlkeswa sa lòt moun di, premye jou senmenn nan se lendi. Bò isit, lendi maten, pa gen babye, pa gen plenyen, tout jenn gason ki pa pote kanson yo pou bèl twèl, leve byen bonè

al bay bèt manje, vizite jaden yo, epi, y ap pare yo pou y al nan vaksin.

Rigèl louvri radyo a chak maten, pou yon ti tan, lè l sot wè bèt li Bwa Lòtbò, pou l ka tande lè sou Radyo Nasyonal. Nan epòk la, Radyo Nasyonal te kouvri tout tèritwa peyi Dayiti.

"Sur toute l'étendue du territoire national, il est exactement 8 heures"

Nou pa te pale franse moun save yo te konn pale nan radyo a; men, nou tout te konn sa fraz sa a te vle di lè n te tande li. Li fè 8 tè won kon baboul, tout kote Radyo Nasyonal fè glaw. Yo te menm fè nou kwè, moun nan peyi Ginen, peyi zansèt nou yo, sanble te konn koute Radyo Nasyonal tou.

Pa bliye 8 tè, se lè yo monte drapo toupatou nan peyi a, nan kazèn, nan pòs lapolis, nan lekòl, nan tribinal, nan biwo leta, nan biwo prive, elatriye. Nan lekòl yo, tout ti moun kanpe dwat devan klas yo pou yo resite im nasyonal nou an anvan yo antre nan klas.

8 tè, se lè gason k rele gason pa kanpe bra kwaze ap touye mouch k ap fè laviwonndede bò figi yo. Tout fòs vivan Nasyon an leve kanpe a 8 tè.

Si n ta wè y ap monte drapo peyi a, pa bliye pou n kanpe, wete chapo n, pou poze l sou lestomak nou, kanpe ak tèt nou drèt pou n chante ochan peyi a ak fyète pandan drapo a ap chire file nan syèl la tankou yon zèklè.

Pa bliye n se Ayisyen, nou dwe fè sa pou n onore kouraj zansèt nou yo ak peyi yo kite pou nou an. Istwa nou kòm pèp, se pi bèl istwa ki genyen sou latè. Zansèt nou yo make memwa limanite, yo mete nou pami gran pèp ki abite sou tè a.

Piske nou tout se Ayisyen, nou-menm peyizan andeyò, nou kòmanse travay a 8 tè tou tankou moun eklere k ap travay sou biwo yo.

Rigèl kòmanse kònen lanbi a pou rasanble travayè yo, ki deja te sou wout ak digo, wou ak pikwa yo. Prèske yon ventèn gason rasanble sou lakou ka man Zaza a. Rigèl kontinye ap kònen lanbi a. Fafa pran yon manman banbou pou l kòmanse wonfle kèk son gra... Humm, hum, hum... Nan 2 tan 3 mouvman, ti *Joseph* pran tanbou a, li kòmanse fè l depale anba tap ak siyad. Lele pran ti banbou a, menm kote a, li kòmanse ak yon toutou, toutou, toutou. Fafa pwoche bò kote Lele, epi, yo akòde son yo. Toutou... hum... toutou, toutou... hum... toutou... humm, toutou, toutou. Tout enstriman mizik yo te gentan jwenn yon mizisyen pou jwe yo. Anvan n bat je nou, mizik vaksin nan anvayi tout peyi a menm jan ak solèy la. Lè bò isit, se kòk kalite, sant kafe dlo kann ak mizik vaksin nan ki kontwole l lematen. Wonf manman banbou a grav menm jan ak yon towo bèf sipa ki an chalè. Wonf ti banbou a reponn sou yon ton kadanse chak melodi manman banbou a lage. Tanbou a, se depale Jwanèl ap fè l depale anba siyad kote l kwoke nan kou l la. Venn kou mesye yo anfle pou yo eklate. Yo di wonfle banbou bay makouklou; men, se pa mesye sa yo. Lòt travayè mizisyen yo, chache ti wòch galèt pou frape digo ak wou ki nan men yo, pou bay son tou. Nan mitan bèl ribanbèl sa a, sanba Tiwowo ki te an reta, parèt. Menm kote a, li grate gòj li, epi, li rale yon plòt repiyans, l al krache l nan kwen lakou a, anba pye woukou man Zaza a. Li pase men l nan bouch li, pou netwaye krache a. Ak menm men sa a, li bay konpè l yo lanmen. Li rale yon foka ki te nan pòch kanson li. Foka sa te plen ak yon tranpe rasin, kànèl mele ak kleren. Li jete 3 gout atè, li sèvi sa l wè ak sa l pa wè yo anvan; epi, li kage ti boutèy la nan tèt li. Tiwowo pa bwè ak moun, li pa bwè ni fimen nan men moun. Apre l fin pran gwòg la,

li bougonnen 2, 3 pawòl pyès moun pa te ka tande, epi, li kòmanse konte:

1,2,3,4 annavan...

1,2,3,4, annavan

1,2,3,4, annavan

Annavan tonnè! Kote nou? M pa tande nou non.

1,2,3,4 annavan....

Se te tankou yon parad milité. Se konsa travayè yo te kòmanse vire an won, youn dèyè lòt, sou lakou a, an silans. Sèl vwa nou te ka tande, se vwa sanba Tiwowo.

Apre yo fin make pa, yo tanmen ochan peyi a. Chak moun di sa yo konnen nan jan pa yo. Apre yon moman silans, mizik la frape, Tiwowo tanmen chante a:

Dilere o Dilire o

Tout lòt yo reponn:

- Fanm nan kite mari l
L al kouche pou mazonbèl
Se lè maladi a pran l
De ran dlo koule nan je l
An ye, an ye o!
- Mezanmi, n p ap pale pawòl yo, se vre
Dilere o Dilere o
Yon fanm ki gen mari
K al kouche pou mazonbèl
Se lè maladi a pran l...
De ran dlo koule nan je l
An ye, an ye o!

Se sou son mizik sa a, travayè yo pran chimen an pou y al fouye tè konpè Finis yo Bwa Lòtbò ak nan Ilèt. Gen 2, 3 nèg ki kontinye ap jwe mizik pandan rès yo ap fouye tè san pran souf. Mizik melanje ansanm ak tafya te bay mesye yo ankourajman. Se konsa esklav yo te konn travay tou. Sèl diferans, esklav yo pa te konn chante paske kè yo te kontan; se doulè yo pito yo te konn

fredonnen. Se sèl yo-menm ki te konn sa k t ap pase nan tèt yo. Se sèl jan yo te ka mande Bondye mizèrikòd li. Kanta pou nou-menm jodi a, onè nou ak diyite nou chita nan travay tè a. Apre madan Finis fin sèvi travayè yo kolasyon, mesye yo bay yon bèl espektak nan jan yo atake travay la ak fòs. Nou ka wè sa pawòl : "Men anpil, chay pa lou " a vle di. Anpil tè ap fouye, jaden ap fèt, lapli ap tonbe, rekòl ap bèl, n ap kwape grangou, n ap mache ak tèt nou drèt nan respè ak diyite.

- Men, gade non, konpè Lele, depi n pa malad, nou pa grangou, moun p ap ka ranse ak nou. Travay se libète, se sa n te toujou tande grandèt lontan ap di. Si l te verite ayè, li rete verite jodi a pou nou tou. Sa w panse?

Men ki jan yon pale te kòmanse nan mitan travayè yo.

- Moun ki gen ti lòlòy, k ap valkannen, volè grenn ze moun, koupe zòrèy bourik nan savann nan, monte do bèf malere kiltivatè leswa, malfèktè, se sila yo ki chita ap fè parese, k ap tann lamàn tonbe, se yo ki p ap dakò ak ou konpè Djo. Se bèl pawòl wi w di la.
- Djo, nou-menm nèg isit, peyizan ke nou ye, nou gen fòs, nou zòm menm jan ak tout zòm. Nou pa depann de gouvènman, respè nou se nan ponyèt nou l chita. Nou pa depann de kikeseswa, nou granmoun tèt nou. Ak gras Bondye, mache chache pa dòmi san soupe, depi n plante, n ap rekòlte kanmenm. Se sa m leve m jwenn. Grate santi pa bay, vòlè pa metye.
- Mon konpè, kòman pou yon sitwayen osnon yon jenn moun antre nan jaden yon lòt, pou l vòlè? Nou pa esklav ankò, nou pa gen rezon pou n ta aji konsa. Kote santiman ak respè jèmen pa gen dezòd konsa.

Nou leve pitit nou yo byen, nou montre yo pou yo respekte sa k pa pou yo.

- Nou wè sa k rive gason konpè Similyen an lòtrejou a! Adyewidan! Konpè a pa travay pou sa. Ala wont o! Ti jennonm sa a pa gen dwa jwenn fanm bò isit ki pou tande pawòl nan bouch li. L a fè zafè wi; men, se pa ak jenn fanm bò isit. Ki moun k ap ofri l chèz sou lakou yo? Sitirè ak vòlè se menm wi, konpè. Si pa t gen sitirè, pa t ap gen vòlè. Ti nonm nan gate ras la. Men, gen dwa se pa fòt li non, se yon mal yo ka fè li. Pa gen rezon pou l ta fè sa, se mal yo fè li. Se yon move devenn konpè mwen.
- Ou konnen dèyè mòn gen mòn konpè Djo. Jan chat mache, se pa konsa l kenbe sourit, se sa pwovèb la di. Bagay sa a fè mal, li lèd pou nou tout abitan nan zòn nan. Lè nen pran kou, je kouri dlo.
- Lele, ou pa manti non. Lè l rive devan jij tribinal, pou l di se moun bò isit la l ye, se nou tout li mele ladan l wi. Se sa k fè nou di, vòlè a se pa repitasyon l sèlman li sal; men, li sal repitasyon fanmi l ak tout moun zòn kote l ap viv la.
- Konpè Jano, ou-menm ki save, ki fè lizaj plim ak papye, paske w te lekòl, ou te pase nan tout silabè a, e pa vre? Pouki w pa fè yon chita pale ak jenn gason yo apre vaksin nan fin travay pou ba yo yon ti limyè?
- Se pa lè kabrit fin pase, pou ap rele fèmen baryè konpè. Mal la gentan fèt deja. Anpil fwa, bon bouch konn ap pale, alòske se move zòrèy k ap koute. Sa pa t ap chanje anyen nan sa k pase a.
- Se bon pawòl wi l di la konpè Djo.
- Lele, respè pou ou. Nou pa ka wè l konsa, m sezi tande se ou k pale nan fason sa a. Si nou pa seye drese ti pye bwa yo lè yo tou piti, li ka vin twò ta vre

wi. Nou pa ka voye tout panyen zoranj lan jete, paske gen youn ki pouri ladan li. Nou ka mete tèt ansanm pou sa ki rive gason konpè a pa rive nan lakou pa nou osnon nan zòn nan denmen.

- Mwen-menm Jano, nou tout konnen, se la m leve, se la m grandi. M wè anpil bagay nan ti tan m gentan viv sou tè a. M te fè 2 jou lekòl se vre; men pifò sa m konnen, se nan travay tè, m aprann yo, nan koute bouch santi gran moun k ap pale bon pawòl. Se yo-menm ki gen sajès. Lè dwèt nou ap fè nou mal, nou pa koupe l jete, lè zòtèy nou fè nou mal, nou pa koupe l jete. Non, nou chache tretman pito. Se menm jan wi ak vagabon ki lage nan savann nan ap fè sa k pa sa. Nou pa ka touye sila yo ki fè move zak, nou pa t ap panse konsa pou pitit nou. Lavi se Bondye k bay sa, nou pa gen pou n retire lavi moun parèy nou. Se ansanm pou n jwenn ki jan nou ka frennen pwoblèm sa yo nan kominote a anvan l twò ta, jan konpè a sot di l la. Si se pa sa, lwijanboje yo ap pran peyi a nan men nou.
- Bèl pawòl, Jano! Bèl pawòl!
- Men fòk nou konn ki moun nou ye, anvan nou kòmanse travay sa a, vagabon se kòd gita.
- Konpè m yo, e si n ta kontre apremidi a, lè n fin bay bèt manje, sou lakou ka man Zaza pou yon ti pale. N a tou pwofite bwè 2 gwòg ak fè 2 kout domino, sa n panse ? Nou dwe chache konn ki moun nou ye. Jano sanble l ka ede nou. Lè solèy la kòmanse balize dèyè Bene, Rigèl a kònen lanbi a pou bay siyal rasanbleman an. M konte sou nou konpè m yo.
- Men, ki moun ou ye menm?
- Ki moun nou ye?
- M ta renmen konnen

- M ta renmen konnen tou wi konpè m yo

Jounen vaksin nan fini, tout travayè yo pase manje sou lakou kay man Finis la; epi, y al depoze enstriman yo ka man Zaza. Ti moun kou gran moun te kanpe sou 2 bò wout la tankou moun Galile pou gade ak tande mizik la k ap pase. Anpil ti moun ap reve ki lè pou yo ka travay nan vaksin nan, ak ki lè pou yo ka jwe mizik tankou sila yo ki pi gran.

Men, pandan n ap pale a, m tande lanbi a kòmanse kònen, sanble l gentan lè pou rasanbleman. Se yon save tankou Jano ki ka di nou ki moun nou ye. Konpè m yo an n pase pran Tiwowo pou n ale. Djo, ou pa gen yon pòy siga ? M ta fè 2 nway, m santi yon zègrè depi maten an.

Ki pèp nou ye?

Nou se desandan *Caonabo*, *Anacaona* ak kasik *Henri*, ki se premye revolisyonè nan istwa nou kòm pèp. Nou se desandan *Polidor, Plymouth, Mackandal, Boukmann* ki se te yon lòt gwoup revolisyonè. Nou se eritye *Toussaint Louverture, Henri Christophe, Jean Jacques Dessalines ak Alexandre Pétion*, ki yo-menm se fondatè patri nou an. Nou se premye pèp nèg, ki goumen kont mechanste, avilisman, eksplwatasyon ak imilyasyon pou pran libète nou ak diyite. Nou se peyizan ayisyen, nou reprezante zantray peyi ki rele Ayiti a. Nou se eritye peyi ki te pi bèl, ak ki te gen tè ki te pi rich nan Karayib la. Nou se Ayisyen, nou se patriyòt ayisyen! Nou vle travay pou fè Ayiti tounen sa l te ye nan tan lontan; pi bèl peyi nan Karayib la.

Nasyon nou an, se yon nasyon espesyal ki pran egzistans li nan kondisyon ki pa menm ak ankenn lòt nasyon. Nou te soti toupatou an Afrik pou n debake sou zile sa a, ki jounen jodi a gen 2 pèp k ap viv sou li : Ayisyen ak Dominiken. Anvan kolonizatè peyi Ewòp yo te mete pye sou zile a, Endyen yo, ki te abite sou li, te rele li : Ayiti, Kiskeya osnon Boyo. Non sa yo te vle di: gwo tè ki gen gwo mòn yo. Lè kolonizatè yo te debake, yo te jwenn yon ras moun po wouj ki t ap viv sou zile a nan lapè. Yo te rele po wouj yo : Endyen, paske yo te panse se nan peyi End osnon Endonezi yo te rive. Anvayisè yo t ap chache richès, epis ak lò. Se pou sa, menm kote pye yo te touche tè a, yo te kòmanse dechèpiye tout sa yo te ka jwenn. Li pa te pran yo lontan pou yo te kòmanse batay ak po wouj yo pou te ka domine yo ak pran tout sa yo te genyen. Kou yo te fin simen lapèrèz nan nanm yo, yo te mete yo nan esklavaj.

Kèlkilanswa peyi Ewòp la te gen dwa mete men sou tout byen ki pa te pou yon lòt peyi Ewòp. Pèp Ewòp yo te toujou kwè, yo siperyè tout lòt pèp ki egziste sou tè a. Se pou rezon sa a, yo pa janm te sispann goumen antre yo pou konn kilès nan yo ki pi siperyè. Yon epòk se te Grès, Wòm, Espay, Pòtigal, LaFrans, Tiki, Angletè ak Wolann. Pa gen lontan se te Almay. Youn vle domine lòt paske l panse l siperyè li. Grèk yo panse yo pi entelijan pase Women yo. Women yo panse yo pi brav pase Fransè yo. Fransè yo panse yo pi delika pase Anglè yo ki yo-menm panse Fransè yo twò kout. Alman yo panse yo pi blan pase tout lòt yo. Kòm yo tout se blan, pa gen youn nan rezon sa yo ki te ka jistifye siperyorite youn sou lòt. Men, nan ka po wouj yo ak Nèg Nwè yo, yo te itilize koulè po yo pou tabli siperyorite sa a.

Se pa sou zile nou an sèlman po wouj yo t ap viv, yo te gaye nan tout kontinan Amerik la. Lòt zile ak gwo tè, ki nan vwazinay Ayiti yo te gen po wouj ki t ap viv sou yo tou. Kolonizatè yo te pase sou kèk nan zile sa yo anvan yo te rive Ayiti; men, yo te chwazi pou tabli yo sou zile pa nou an, paske li te gen anpil richès espesyalman lò. Pita, yo t ap vin reyalize tou, zile nou an te gen tè ki te ka bay bon rapò nan agrikilti.

Nan kondisyon ki pa t respekte diyite kretyen vivan, kolonizatè yo te kòmanse detwi ras moun po wouj yo nan fòse yo fè travay yo pa t ka fè. Nan yon ti tan kout, ki pa te plis pase 15 zan, prèske tout natif natal yo te gentan mouri nan lagè pou defann diyite ak byen yo kont anvayisè yo. Sila yo ki pa te mouri nan lagè ; te mouri nan travay do kase anvayisè yo te fòse yo fè nan min lò ak nan travay jaden.

Peyi a te rich anpil. Lò t ap degrengole nan tout rigòl rivyè nou yo. Lò ak sik te pami 2 pi gwo richès yo t ap eksplwate sou tè nou an. Agrikilti se te pi gwo endistri ki

te tabli sou zile a. Kolon yo te eksplwate endistri agrikòl la ak fyète.

Richès peyi a te lakòz anpil jalouzi tou nan mitan peyi Ewòp yo. Se pou sa, apre peyi Espay, te vin gen LaFrans, Almay, Wolann, Pòtigal ak Angletè ki t ap goumen pou vin pran pa yo. Yo voye tout richès nou yo lakay yo pou konstwi anpil nan bèl palè n ap gade jounen jodi a nan peyi sa yo. Sik te fèk parèt nan epòk sa a, pèp ki rele tèt yo pèp sivilize yo pa te ka jwenn ase sik pou satisfè bezwen yo. Kòm po wouj yo te mouri pa pakèt, travay eksplwatasyon an pa te ka kontinye jan kolon panyòl yo te vle l la. Sa te ba yo anpil pwoblèm.

Yon pè katolik *(Las Casas)*, ki t ale nan misyon an Afrik, te debake an Ayiti ansanm ak kolonizatè yo. Li wè jan Endyen yo t ap mouri, li te gen pitye pou yo. Li sonje tou jan Afriken yo gwo nèg, li te panse moun koulè sa a, te plis ka fè travay do kase Endyen yo t ap fè a. Peyi Ewòp yo te gentan fè dappiyanp sou anpil peyi an Afrik. Anpil Afriken t al rekonèt yo kòm restavèk pèp sivilize yo an Ewòp. Se kapab yon rezon ki deja montre nou *Las Casas* te grandi ak lide moun koulè po l yo te siperyè moun koulè nwa yo. Nan tèt li, se sèl Nèg Nwè ki te kalifye pou fè travay di Endyen yo t ap fè a. *Las Casas* se te yon pè katolik. Wòl li kòm misyonè ta sipoze: preche lanmou pou tout moun tout koulè ak tout ras. Pou *Las Casas*, ta sanble se sèl pèp Ewòp yo ki te desandan Adan ak Èv.

Li te konseye kolonizatè yo pou yo te voye chache Nèg Nwè an Afrik pou vin ranplase Endyen yo nan travay do kase ki t ap touye yo a. Yo te lage chen sovaj dèyè nou-menm Nèg Nwè, nan tout bwa Lafrik, pou mare nou bay blan je vèt, pou n te ka vin travay tankou bèt sou tè sa a. Se pa pou kolon ekonomik yo sèlman nou te konn travay. Kolon espirityèl ak moral yo te gen

esklav tou. Anpil nan nou te travay sou bitasyon pè katolik yo. Kòm yo pa te wè nou tankou kretyen vivan; yo pa te trete n tankou moun.

Depi nan lanne 1499 kolonizatè yo te gentan wè nesesite pou mennen Nèg Nwè an Amerik pou sèvi kòm restavèk. Yon ti tan apre, nan lanne 1503, sou gouvènman Nicolas de Ovando a, yo te kòmanse mennen nou pa pakèt. Nan lanne 1517 *trèt* la te demare ofisyèlman ak benediksyon wayòm peyi Ewòp yo. Gwo bato kite peyi sa yo chaje ak pakoti rive sou kòt peyi Afrik yo. Yo boukante pakoti sa yo pou esklav. Menm bato sa yo kite Lafrik chaje ak machandiz ki pa te lòt bagay ke kretyen vivan, Nèg Nwè. Se komès sa ki rele trèt la.

Wa nou yo ak chèf tribi nou yo an Afrik patisipe ak kè kontan nan komès sa a. Yo fè lajan nan vann pitit ki soti nan zantray Lafrik bay blan pou pakoti peyi Ewòp. Yo lote nou tankou grenn chabon sou waf Jeremi. Yo anbake nou sou bato tankou sadin, pou voye nou nan lanfè Lamerik te ye pou nou an. Depi sou chimen lanmè, yo lage latèrè nan nanm nou. Pou fè n rete dousman, yo rache ak manchèt, tankou vyann sou etabli bouchè, sila yo ki t ap plenyen. Yo fè nou manje vyann frè nou tou kri, kretyen vivan parèy nou. Sila yo ki mouri pandan vwayaj la, yo te lage yo bay reken manje san seremoni. Yo maltrete nou, yo imilye nou, yon jan pou ta fè n bliye nou se moun. Yo deklare nou pa moun menm jan ak yo akòz koulè po nou. Yo te fè tout sa Nan Non Sivilizasyon.

"Sivilizasyon se lè moun rive konprann youn lòt, se lè enterè yon gwoup makònen san pwoblèm ak enterè yon lòt gwoup pou vin fè yon sèl, se lè kò nou, moral nou ak kapasite entèlektyèl nou devlope" *(Dr Jean Price Mars)* menm jan ak flè solèy ki louvri ak pannach anba solèy 10 zè. Men, ki sa sivilizasyon yo te di yo pote a ye !

Nou pa kwè sivilizasyon pa yo se menm ak sa nou vin konprann nan.

Lò, sik, endigo, ak koton ranplase valè nou genyen devan Bondye nan je yo. Yo deklare gen koulè ras ki siperyè pase lòt. Yo itilze desepsyon, vyolans moral ak fizik pou fè n aksepte yo siperyè nou. Yo debake ak sòlda ki pote gwo zam fann fwa pou fè n pè ak matirize nou. Yo debake ak pè katolik pou mete konsyans nou nan dòmi pou n te ka aksepte kòm volonte Bondye, tout sa yo te fè nou. Yo fè n tounen zonbi, nan preche nou soumisyon, nan fè n aksepte nou pa moun menm jan ak yo.

Apre 312 zan, nou te rive debarase nou de sila yo ki te pote zam fann fwa yo. Men, jouk jounen jodi a, nasyon nou an kontinye ap peye abi moral ak sosyal relijyon te fè sou li. Kouto pa grate manch li, se sivilizasyon yo di yo te pote ban nou. Ki sa sivilizasyon sa a ye menm? Pou n repete yon pawòl premye minis *Jomo Kenyatta*, nan peyi Kennya te di: "Lè blan yo debake yon kote ak bib nan men yo, yo jwenn abitan yo gen tè. Blan yo mande yo pou fèmen je yo pandan y ap priye, lè lapriyè a fini, yo louvri je yo; blan yo gen tè a, abitan yo gen bib la nan men yo".
Se ekzakteman sa k te rive pèp nou an.

Apre tout tray nou fin pase anba esklavaj ak eksplwatasyon, jodi a, pèp sivilize ki te pote kwa sivilizasyon an ban nou yo pa gen ase pè lakay yo ki pou asire evanjelizasyon. Moun sa yo vire do bay prensip zansèt yo te fòse nou aksepte kont konviksyon nou yo. Tout pèp sivilize sa yo konte sou moun yo te kolonize yo pou preche yo pawòl Bondye a kounye a. Si peyi tankou Etazini ka bezwen pè Ayisyen ak Afriken pou kenbe legliz karolik se yon bon siy. Si sa ka rive fèt nan relijyon, anvan n bat je nou, nou ka sezi wè anpil lòt chanjman

fèt nan anpil lòt domèn. Annatandan, y ap prepare yon lòt fòm sivilizasyon po yo vin enpoze nou. Si yo gen tan !

Nou te debake sou zile Dayiti pou n te vin ranplase yon pakèt inosan kolonizatè yo te sakrifye.

Nou soufri an silans, sou san inosan yo, nou pa te gen ni vwa, ni dwa. Yon chen te gen plis valè pase nou. Nou sipòte jouk manman te blije touye pwòp pitit yo, pou yo pa te vin pase menm tray mizè yo t ap pase anba men kolon yo. Kòmandè yo pa te lòt ke frè nou. Yo lave sèvo yo nan ridikil lespri domestik chen manje chen, depi nan ginen nèg te rayi nèg, pou yo pa gen bon rapò ak sila yo k ap travay sou lòd yo.

Kolonizatè yo te chanje non peyi nou an pou Sen Domeng. Peyi LaFrans ak Espay te tabli yo sou zile a tankou 2 matlòt, se pou rezon sa a, yo te fann li an de. Dominikani yon bò, Ayiti sou lòtbò a. Lòt peyi, tankou Angletè, Pòtigal ak la Wolann te plis angaje nan komès achte esklav pou vin vann nan Karayib la ak nan tout Amerik la. Esklavaj sou zile pa nou an te pi grav pase lanmò, tèlman nou te soufri mechanste anba men Franse yo. Soufrans nou kontinye jouk jounen jodi a, sou yon lòt fòm. Yè, se te koulè po nou ki fè nou t ap soufri, jodi a se kòripsyon ak mantalite de grenn gòch ti lòlòy ki bay lòt peyi yo lisans pou fè sa yo vle lakay nou. Piske dapre yo, gen ras ki siperyè lòt, li nòmal pou youn domine lòt. Se rezon sa a ki fè blan yo panse yo gen dwa pou domine nèg yo jiskaske yo te mete nou nan esklavaj. Pou pwoteje dominasyon sa a, yo te fè tout efò pou kenbe Nèg Nwè yo nan inyorans. Yo pa te pèmèt nou touche anyen tankou relijyon ak edikasyon, ki te ka louvri lespri nou. Men, jou ale jou vini, yon jou anpil nan nou, pitit Ayiti Toma, n a jwenn edikasyon ki pou louvri lespri nou. Lè sa a, n a montre lòt ras yo, nou pa janm te enferyè yo vrèman. Annatandan, anpil nan nou tankou zonbi ki nan

pigatwa. Nou poko konn ki moun nou ye, je nou bouche toujou, konsyans nou poko louvri. Move je yo kontinye ap chache mwayen pou kenbe zizani nan mitan nou pou jou delivrans sa pa janm rive. Konsyans nou rete antòtye ak prensip soumisyon ras nou an anba volonte lòt ras yo.

Nan lannuit 14 dawou 1791 nou te kònen lanbi libète a nan nannan zòrèy kolon yo pou n di yo nou bouke. 9 jou pita, nan lannuit 23 louvri sou 24 dawou 1791, nou leve kanpe pou n montre yo nou se moun menm jan ak yo. Nou te itilize lanbi se yon fason pou n te di yo ki enpòtans leve kanpe pou libète ak diyite te gen pou nou.

Yo tèlman te fè n tounen zonbi, menm jodi a lè n anfas moun parèy nou, menm lè yo pa blan, si cheve yo siwo, nou panse yo siperyè nou. Tout sa nèg parèy nou fè pa gen valè pou nou ; alòske tout sa yon ti blan mannan san edikasyon fè ak di sonnen nan zòrèy nou tankou pawòl labib. L ap pran anpil tan ak pasyans anvan pou n retire konsyans nou nan brid ak baboukèt panyòl yo te mete l la. L ap pran lòt ras yo anpil tan tou anvan pou mantalite yo chanje. Li te pran ant 300 a 500 lanne pou n rive kote n ye la jodi a. Sa vle di, pou n chanje sitiyasyon sa a, li ka pran pi plis tan toujou. An n swete l pa pran nou tout tan sa a, anvan pou n ta rive aksepte nou se moun menm jan ak tout moun. An n swete li pa pran lòt ras yo tout tan sa a tou anvan pou yo wè nou ak viv ak nou tankou moun. Plis li pran nou tan pou n chanje sitiyasyon nou an; se plis l ap pran lòt ras yo tan anvan pou yo kòmanse aksepte nou. Travay sa a, se nan nou li dwe fèt anvan. Menm jan n ap goumen pou yo aksepte nou an, se menm jan genyen moun nan lòt ras yo, depi yo ti bebe paran yo osnon anviwònman kote y ap viv ap drese yo pou yo pa wè moun lòt ras menm jan ak yo. Zansèt nou yo te gentan genyen batay pou te fè

konnen dwa nou kòm moun. Kounye a, se responsablite n pou n montre lòt ras yo, yo pa plis pase nou, nan jan nou viv, panse ak aji.

Anpil nan nou ka panse, piske nou konn li, nou konn ekri, nou gen kòb ak anpil byen, sa ki di la pa konsène nou paske nou fè pati moun sivilize yo deja. Enben ! Nou twonpe nou si n ta panse konsa. Sivilizasyon se pa mwen, se pa ou, se pa li ; men se nou tout.

Pou nou vin yon nasyon sivilize, nou dwe panse a sila yo k ap viv nan zòn kote se lanbi ki pi gwo mwayen kominikasyon jouk jounen jodi a. Nou dwe panse a sila yo ki ka sot tonbe sou pye kokoye, pye yo kase, zo do yo kase; sèl sa yo ka fè, se koupe pye kokoye sa a epi ale nan ralman sou branka nan lespwa ya rive kay doktè fèy la vivan. Sila yo ki pa konn li, ki pa konn ekri, ki nan bezwen edikasyon ta dwe ka konte sou nou-menm ki swa dizan konsidere tèt nou kòm moun sivilize pou louvri pòt la pou yo. Sivilizasyon se yon mouvman tèt kole, pa gen plas pou egoyis, pa gen plas pou regadan sou chimen sa a. Limyè sivilizasyon gen pou l blayi sou moun sa yo tou, nou pa anyen pase yo. Si nou panse nou kichòy pase yo, si nou panse sivilizasyon pa ka rive osnon p ap janm rive sou yo, nou bay kolonizatè ki te mete nou nan esklavaj yo rezon.

Pandan tout lòt nasyon yo ap vanse, nou-menm se bak n ap fè. Sa fè lontan n ap lage move sitiyasyon nou an sou do esklavaj ak lòt nasyon yo. Li lè, li tan pou n leve kanpe, rasanble tout pitit Ayiti Toma ki toupatou sou tè a anba yon sèl drapo, envite yo vini ak tout sa yo ye, ak tout sa yo konnen pou vin pote kole nan bati yon lòt Ayiti tou nèf. Yon Ayiti kote sivilizasyon ap boujonnen. Se sèl nou-menm Ayisyen ki ka bati Ayiti sa n ap reve a ; zanmi p ap ka bati l pou nou, an n mare senti nou pou n kòmanse. Se responsablite nou-menm ki gen limyè deja,

pou n klere chimen sila yo ki nan fènwa toujou. Nou p ap ka ale kite yo twò lwen dèyè, twò prese p ap fè jou louvri. Si sivilizasyon ak teknoloji pran yon lòt syèk anvan pou yo rive touche lavi lòt frè ak sè nou yo, se menm tan sa n ap gen pou n tann anvan pou n kontre ak yo Sou Chimen Sivilizasyon an.

N ap pale de sivilizasyon, anpil lòt ap pale de lafen dimonn tankou si se yo ki responsab. N a sezi wè sa, inivè a se yon wonn li ye, tout sa k ladan l ap vire tounen. Jan sa te kòmanse a, gen chans pou se konsa l fini. Peyi Ejip se bèso sivilizasyon kretyen vivan l ye. Se la pifò nan istwa teknoloji ak sivilizasyon te kòmanse. Malgre tout bèl avansman ki fèt nan domèn sa yo jounen jodi a, nivo sivilizasyon nèg ki t ap viv nan peyi Ejip nan tan farawon yo kontinye ap souprann nou chak jou.

Abitan Ejip yo pa te blan je vèt, sa deja montre nou, ras nou an pa te toujou nan pozisyon li ye jounen jodi a. Sa pa anpeche, blan yo toujou ta vle prezante Ejipsyen yo pou blan osnon kòm desandan yo. Anpil nan yo kwè moun koulè ras nou an pa gen anyen ki bon ki ka soti nan yo. Tout sa ki bon, ki bèl, ki gen pou wè ak entelijans plis ta vle sanble ak zèv blan. Men, verite Ejip la, pa gen mwayen pou l chanje, malgre tout sa yo seye. Yo itilize esklavaj ak anpil lòt taktik degradan pou devalorize nou nan pwen nou rive jodi a. Yo menm ta vle fè kwè endepandans 1804 la pa ka zèv Nèg Nwè, yo plis ta vle bay milat yo kredi pou li ; paske yo gen mwatye san blan nan yo. Si l te parèt nòmal nan tan pase yo, nou rive nan yon moman kounye a, kote je nou kòmanse louvri sou sitiyasyon nou an. Nou pwouve toupatou sou tè a, nan tout domèn, lespri nou louvri nan tout bagay menm jan ak tout lòt ras yo. Ti pa, ti pa n ap fè pwogrè nan pwopaje ledikasyon ak limyè ki ka reveye pèp nwa yo. Ayiti gen yon gwo wòl pou l jwe nan chanje

sitiyasyon pèp nwa yo, menm jan l te fè l deja.Toutotan sivilizasyon n ap pale la a pa rive touche nanm tout kretyen vivan k ap viv sou tè a, pou youn gade lòt pou l wè imaj li, ke l blan, jòn, wouj osnon nwa... nou pa bezwen pale de lafen dimonn.

Yo pa anyen pase nou

Nou pa janm te wè lòt ras yo yon lòt jan. Si nou rasis, se yo-menm ki fè n vin rasis. *Caonabo* te boule fò LaNativite ak tout sa k te ladan l, pou te di panyòl yo "pinga". *Caonabo* pa te panse Panyòl yo te yon ras ki te siperyè ras Endyen yo. Li pa te mete ajenou devan yo, li te batay ak yo pito, e li te mouri ak fyète.

Kasik *Henri* te kanpe devan *Valanzuela* pou l di l, li se yon kretyen vivan menm jan ak li ki merite respè ak onè. Li te konprann ki sa sivilizasyon ye. Li pa t touye sòlda Valanzuela yo ki pa te ka defann tèt yo. Li te pran yo kòm prizonye. *Henri* te di Valanzuela, li pa moun pase li.

Vincent Ogé ak *Julien Raymond* te pèdi lavi yo nan defann dwa yo kòm kretyen vivan devan palman fransè a. Yo te wè enjistis nan jan blan yo t ap trete milat ak esklav yo.

Boukmann pa te pè leve kanpe kont enjistis blan yo sou ras li a. Seremoni Bwa Kayiman pa t ap fèt, si *Boukmann* te kwè blan yo te siperyè nwa yo.

Toussaint Louverture tèlman te gran, ènmi l ak chèf li *Napoléon* te rekonèt li kòm *"Le premier des Noirs"*. *Toussaint* leve diyite Nèg Nwè sou tout tè a nan jan l te goumen pou libète nou.

Dessalines se papa endepandans nou an, san li, nou pa konn kote n ta ye jodi a. Men se sitou lespri kolaborasyon ki te gen ant *Dessalines*, *Christophe* ak *Pétion* ki te pèmèt nou jwenn endepandans sa a. *Morpas, Charles Belair, Capois Lamort, Charlemagne Péralte, François Duvalier, Anténor Firmin, Louis Joseph Janvier,* elatriye... tout se patriyòt ki pa te kwè nan siperyorite lòt ras sou ras nou an. Menm devan lanmò, mesye sa yo pa t ap chanje koulè po yo. Nou

chwazi pou n site non moun sa yo pou popilarite yo; men, gen plis Ayisyen, ki pa te prezidan, chèf militè, revolisyonè osnon politisyen, ki te montre ras nou an, ras nwa a, pa enferyè pyès lòt ras. Kapasite sitwayen sa yo, montre jan yo konprann syans, medsin, matematik ak tout lòt domèn ki mande devlòpman entelijans. Se prèv koulè po nou pa sifi pou di ki sa nou ye ak ki sa nou ka fè.

Nou pa t moun nan je kolonizatè yo; men, sa pa t anpeche yo te fè kadejak sou fanm nou yo ak sou pitit fi nou yo. Si jamè pitit gason kolon yo ta tonbe damou yon nègès jansiv vyolèt, tete doubout, bèl fòm; nègès la ka pran baton nan men paran jenn gason sa a. Ki dwa l pou l nwa, pou l jwenn moun renmen li? Nègès tankou Anita ak Selimèn, malgre sa, te kòmanse ap ban nou pitit tout koulè. Se konsa, nou te vin gen ti Nèg Nwè je vèt ak marabou nan mitan nou. Kouman pou pitit Anibal cheve pwav, ak Selimèn, fanm tèt gridap, ta fè gen je vèt, cheve siwo? Plasay ak zoklo te vin gen plas yo tou nan mitan nou. Madanm kolon yo pa janm te renmen wè ti milat sa yo nan lakou lakay yo, paske yo konn ki jan yo te fè la. Pou anpil rezon, depi yon nègès fè yon ti milat, gen chans pou mètrès li mande pou mari l vann nègès sa a ak tout pitit la.

Kèk nan pitit kout ba ak vyolans sa yo, si papa yo te rekonèt yo, te konn gen chans vwayaje lwen nan peyi Ewòp yo pou y al fè etid pou te ka louvri je yo ak konsyans yo. Yo te blije pati, paske pandan tout tan anvayisè yo te tabli sou zile a, yo pa te janm louvri lekòl. Menm pitit sa yo, ki soti nan zantray fanm nou yo pa te pran nou pou moun. Jodi a, yo kontinye pa wè n tankou moun nan jan yo trete nou. Yo te vin tounen pi gwo lènmi kongo ak kreyòl k ap travay nan esklavaj sou zile a. Kongo ak kreyòl sa yo pa lòt moun ke papa yo, gran

papa yo, kouzen yo, tonton yo, bò pè yo ki jodi a se nou-menm. Yo fòme klas pa yo, yo pran nou pou travay sou bitasyon yo. Anvan sa, se te blan ak po wouj sèlman ki te la sou zile a. Kounye a se blan je vèt, Nèg Nwè ti zòrèy ak milat san-mele afranchi. Twa klas sitwayen sa yo responsab sa nou ye jodi a nan peyi Dayiti.

Nou-menm peyizan kongo, ibo, kita, nago, kreyòl, elatriye, nou rete kondane ap goumen anba solèy Ayiti Toma. Solèy la leve ak kouche sou do nou, kalamite nou pa janm fini. Piske po nou pa jòn, ni blanch, nou pa gen dwa gen relijyon, ni edikasyon, ni byen. Lòt 2 klas yo konplote sou do nou pou kondisyon nou pa janm chanje. Men, chans pa nou, youn pa te renmen lòt. Kolon yo konsidere milat ak Nèg Nwè tankou fatra yo. Milat yo konsidere Nèg Nwè yo tankou fatra pa yo. Nèg Nwè yo ap foule youn lòt anba pye pou yo ka jwenn favè nan men blan ak milat. Menm lè milat ak blan yo te gen menm enterè nan esklav yo, yo pa te gen menm koulè, yo pa te nan menm klas sosyal; youn pa t renmen lòt. Nan je mèt nou yo, gwo blan, ti blan, blan mannan, afranchi ak milat, nou pa te moun. Sèl sa nou te ka fè, dapre yo: se travay tè a, tankou zannimo, tankou zouti pou fè yo vin pi rich. Pou yo, se pou sa Bondye te kreye nou-menm Nèg Nwè. Yo goumen youn ak lòt; men, yo itilize bra nou ak fòs nou pou mennen batay sa a. Nou se esklav, nou pa moun, yo fè sa yo vle ak nou. Nan goumen pou yo, nou vin konprann nou ka goumen pou tèt pa nou tou, pou sòti anba enjistis. Se konsa, apre nou fè lontan n ap goumen pou yo, nou deside kole zèpòl ak san-mele yo ki pi pre nou nan koulè. Ansanm, nou rive voye blan yo ale kote yo te soti a. Nou vin premye nasyon nèg ki frape pye atè devan blan pou di yo : Pinga, sera, seta !

Blan yo te panse pou jan yo te detwi moral nou ak kò nou, pou jan yo te anpwazonnen lespri nou, pou jan yo te toupizi nou, pa gen mwayen pou n ta janm panse nou ka soti anba pwa chenn enjistis ki te mare nou. Yo pa te kwè, nou t ap janm ka òganize nou ansanm, pou libere tèt nou. Kòm nou pa janm te nan pozisyon anvan pou n te fè desizyon pou tèt nou, yo pa panse nou t ap ka òganize nou antre nou pou n konbat enjistis ak esklavaj sou tè nou an. Se moun sèlman ki gen kapasite pou panse, òganize ak revòlte; nou pa te moun pou yo. Men, nou fè latè tout antye respekte dwa ak diyite kretyen vivan nou.

Apre nou fin pran endepandans nou, pou montre yo nou konprann ki sa sivilizasyon ye, nou te envite Nèg Nwè toupatou k ap soufri anba esklavaj ki vle goute libète, pou te vin viv nan peyi nou an. Pandan tan esklavaj la, yo te konn tanpe kò chak grenn esklav lè yo debake ak lè yo vann yo tankou zannimo. Apre endepandans 1804 la, yo te tanpe tout peyi a ak fè cho kòm move egzanp pou lòt nasyon kote esklavaj se zo do ekonomi yo. Peyi Etazini, poutèt sa, pa te vle itilize Nèg Nwè pou goumen nan gè yo t ap fè. Yo pa te vle pou esklav yo te swiv egzanp nou an. Se pou sa, li te pran yo yon pakèt tan anvan yo te aksepte rekonèt endepandans nou an. Se toujou akòz nou-menm OEA (Oganizasyon Eta Ameriken) pa te fòme anvan 1948. Plantè eta Jòjya ak lòt eta ki nan sid Etazini yo pa te dakò pou reprezantan yo te chita sou menm tab ak yon lidè nwa nan yon reyinyon ki te dwe fèt Panama nan lanne 1826. Oganizasyon sa a, akòz nou-menm, pase 122 zan nan pasaj. (Istwa Etazini, Asa Earl Martin, 1934, paj 505)

Jouk jounen jodi a, nou kontinye ap peye sa gwo nasyon yo rele enpètinans 1804 la. Nou pa regrèt, ni nou p ap janm regrèt, nou te pete chenn sa a pou ras nou an.

Nou se Ayisyen, Nèg Nwè, drapo lonnè ak diyite pèp nwa yo, se nou ki pote l ak Etyopyen yo pou plis tan. Se jouk nan lanne 1960 yo, anpil lòt peyi Lafrik, ki t ap soufri anba enjistis kolonizasyon ak imilyasyon te resi leve kanpe pou diyite yo.

Alafen, apre tout batay nou yo te fini, milat yo te jije nou pa te merite eritye tè Dayiti a. Yo te deklare se yo ki sèl eritye tè sa a, paske se pou papa yo ki te kolon plantè, tè yo te ye. Se pou sa papa *Dessalines* te rele : «E Nèg Nwè ki te batay pou endepandans peyi a, ki gen papa yo an Afrik, yo pa merite anyen?» Yo bliye se san nou ak swe nou ki te wouze tè Dayiti a pou libète ak diyite yon ras te ka jèmen. Si yo te kapab, yo t ap anbake nou pou voye n tounen kote n te soti nan Ginen an ak chenn sou do n ak nan pye nou.

Ayisyen, pitit kout ba sa yo te fè konplo pou te asasinen anprè *Dessalines*. Depi lè sa a, yo kenbe peyi a anba gagann pou yo toufe li, men Ayiti fè sèman l p ap mouri. Yo fè dappiyanp sou depi se tè k te genyen. Yo pataje sa yo pa t bezwen ak zanmi yo ki te nan lame. Kòm yo pa t Ayisyen, pou ti krik ti krak, yo te toujou pre pou yo vann dwa gran moun peyi a, epi y al kache an egzil. Nou-menm, se la nou fèt, se la peyi nou ye, n ap defann tè sa a jiska dènye gout san nou. Lafrik se grann nou, se la lonbrik manman ak papa nou antere. Nou p ap janm bliye l, se la zantray nou ye, se la danti nou yo ye, se la y ap tann nou. Nou gen pou n tounen yon jou nan Ginen; men, se nou ka chwazi jou sa a. Nou p ap fè yon pa kita, ni yon pa nago. N ap goumen pou n viv ak diyite moun osnon pou n mouri jan zansèt nou yo te fè li. Jouk jounen jodi a, nou pa janm bouke goumen pou yo ka ban nou ti moso respè ak diyite kretyen vivan n merite a. Nou se natif natal Ayisyen, nou se patriyòt Ayisyen. Men ki moun nou ye!

Yo dechouke nou
tankou pès ak chik
Yo kraze ogatwa nou,
pou ban nou oratwa
Yo kraze zo nou.
Men, nou rete vivan
Nan nanm nou
ak nan gangans nou
Yo derasinen nou
pou transpòte nou
tankou bèt sovay
pou mennen nou
nan papòt simityè
devan bawon samdi
ak yon kwa, kwa makak
Kwa esklavaj la
Nou pote l nan nanm nou
Li kraze kò nou
Men, li pa kraze gangans nou
Nou se moun ! Nou se Ayisyen !
Nou kreye yon nasyon
tout koulè, tout mès
tout kwayans, tout istwa
Nou leve tèt pèp koulè po nou
ak tout lòt pèp k ap chache
diyite kretyen vivan
yo te pèdi sou chimen sale
chimen lanmò
chimen dezonè
Nou se youn nan gran pèp
k ap viv sou fas tè a
Nou se premye pitit Lafrik
sou kontinan Amerik

Istwa nou se rivyè
ki wouze nanm anpil lòt nasyon
ak anpil lòt pèp
ki kontinye ap chache diyite ak respè
Mwèl tèt nou lave
nou panse, nou pa moun
menm jan ak tout moun
Nou pa panse nou gen valè moun
Nou bliye kote n soti
Koulè po nou
Se senbòl mizè,
Esklavaj, imilyasyon,
dyab, move zè, elatriye…
Lafrik ginen se dezonè pou yo
Nou se patriyòt Ayisyen !
N ap frape lestomak nou
Pou n di ak fyète se Lafrik Ginen nou soti.

Yon Peyizan

Pou anpil moun k ap viv nan vil yo; ki rele tèt yo moun eklere, mo peyizan an, yo asosye l ak ridikil griyen dan ak diskriminasyon gwo zòtèy...Sa ta fè yo kwè, gen moun pase moun, menm jan kolon blan yo te fòse esklav yo kwè li. Nou te ka konprann konpòtman blan yo, paske koulè po yo te fè yo kwè nan epòk la ak jouk jounen jodi a, yo ta siperyè moun po koulè nwa yo. Blan ki fèt nan peyi LaFrans yo te panse yo siperyè blan kreyòl ki fèt an Ayiti yo. Tout kolon blan yo panse yo siperyè milat yo, milat yo panse yo siperyè Nèg Nwè yo, nèg kreyòl yo panse yo siperyè nèg kongo yo, moun lavil panse yo siperyè moun andeyò, gason panse yo siperyè fanm, elatriye... Peyizan se echantiyon sosyete nou an, nou kenbe tout valè ak tradisyon pèp nou ye a nan tèt nou. Nou pale ak tout kè nou ak nanm nou lè nou gen pou n di kichòy. Nou di ki moun nou ye, san blòf, san jòf, san wete, san mete. Nou tout antye nan tout sa n ap fè, nou pa nan kamouflay. Nou se senbòl inosans, respè ak senplisite. Nou kwè nan lanati ak tout fòs ki kache nan mistè li yo. Moun eklere yo bay manti an franse; men, nou-menm, nou pale verite an kreyòl. Peyizan yo se gadyen bèso pèp nou ye a.

Men, gen plizyè fason nou ka konprann mo peyizan an pou kont li. An jeneral, mo a vle di moun k ap viv andeyò. Pou moun k ap viv nan zòn Nò peyi a, se pa sa sèlman li vle di. Si nou kontre ak yon moun nan Nò, epi li di nou yon moun se peyizan l, se pou l di nou moun sa a soti menm kote ak li. Si nou ta konsidere sans sa pi fon toujou, n ap jwenn se yon fason pou n di yon moun se moun pa nou li ye. Kòm nou tout gen menm istwa, mo peyizan an ta dwe mo ki ini nou youn ak lòt. Chak nou

tande l, li ta dwe fè n santi soukous fyète nan tout nanm nou. Nou ta dwe santi nou pa pou kont nou nan batay la. Men anpil fwa, mo peyizan sa a plis pentire yon ti gwoup Ayisyen ki nan je anpil lòt pa moun menm jan ak yo. Chak yon frè nou bezwen desann valè nou, yo di nou, nou se peyizan. Kèlkilanswa jan nou konprann mo peyizan an, nan liv sa a, nou retire chapo nou byen ba devan tout peyizan pou n di yo lonnè, respè ak bon lizaj. Tradisyon fè nou-menm peyizan konsève tout istwa nou nan sèvo nou. Anpil nan nou pa konn li ak ekri, sa lakòz nou pèdi anpil nan tradisyon nou yo. Tou dousman, nou ka remake, nou pa enterese jwenn gato myèl pou n manje ankò Vandredi Sen. Gran moun pa chita pou rakonte ti moun kont leswa anba lalin klè ankò. Istwa Jan lespri ak Jan sòt anvi disparèt nan tradisyon nou. Tonton Bouki ak ti Malis pase mòd. Pa gen ni wòl, ni teyat pou moun al griyen dan yo ankò dimanch aprèmidi. Ti moun kòmanse pa di gran moun bonjou ankò sou gran chimen yo. Sèl fason pou ti moun alèkile yo ak ti moun denmen yo konnen sa k te konn fèt lontan, se si bagay sa yo te ekri yon kote. Tout sa ki ekri, pa ka disparèt. Pa gen anyen nouvo ki ekri nan liv sa a, se menm istwa nou toujou konn ap tande yo depi ti konkonm t ap goumen ak berejèn. Moman an rive kounye a pou n mete yo sou papye pou ba yo plis fòs ak pou konsève yo pou jenerasyon k ap vini yo. Se sèl fason y a ka konnen si nou fè pwogrè ak si nou fè bak kòm yon kominote osnon kòm yon pèp. Pwovèb la di : L*a parole passe ; mais, l'écriture reste.* Pou garanti gen klète sou kilès nou ye ak ki jan nou viv, fòk nou ekri istwa nou yon kote. Si nou kapab, ekri istwa nou nan lang nou pi alèz pou n pale, ekri ak konprann nan. Lang nou pale, konprann, li ak ekri a, lang nou pi alèz ladan l lan, se sèl li-menm ki ka pèmèt nou pran chimen sivilizasyon n ap pale a. Nou wè nan ki eta

nou ye depi kreyasyon nasyon nou an ak yon lang pèpè, yon sivilizasyon pèpè. Li p ap fasil, l ap pran tan; men, nou dwe kòmanse li. Si se pa sa, menm sa ki te rive Endyen ak esklav ki t ap viv sou tè Dayiti nan tan lontan an, ap rive nou tou. Se lòt moun ka ekri istwa nou pou nou jan yo vle, nan lang nou pa ka konprann. Grasadye, jounen jodi a, anpil nan nou konn li ak ekri. An n fè sa n kapab pou evite se lòt moun ki kontinye ap ekri istwa n pou nou. Se ap yon pa Sou Chimen Sivilizasyon si n rive fè sa.

Esklav yo te debake sou tè peyi Dayiti ak chenn nan pye yo. Apre yon tan, yo te leve kanpe kont enjistis ak abi yo t ap sibi anba men blan yo. Yo te kole tèt ak milat yo pou goumen kont blan yo pou mete yo deyò sou tè nou an. Nou di mete yo deyò paske zansèt nou yo pa te mande blan yo pou y ale; yo te mete yo deyò. Se pou sa nou ka di se esklav yo ki te fonde peyi nou an.

Sistèm esklavaj ki te tabli sou zile nou an pa te dakò pou esklav yo te touche silabè a menm ak ti pwent ti dwèt yo. Blan yo te konnen ki kantite byen ti moso ledikasyon te ka fè pou esklav yo. Pou yo te ka rete esklav, pou je yo te ka pa janm louvri, blan yo pa t dakò pou esklav yo te aprann li, ni ekri. Ki vle di, nou lib pou nou di pwoblèm analfabèt nou genyen nan peyi a, se blan yo ki te tabli l nan tan pa yo a, pou pwoteje enterè yo nan esklav yo. Sa lakòz gran gran papa nou yo pa te ka ale lekòl pou aprann li ak ekri. Se sa ki fè anpil nan nou pa konn li ak ekri jounen jodi a. Moun ki ale lekòl gen avantaj sou sila yo ki pa ale kòm egzanp gade Boukmann ak *Toussaint Louverture* ki te ka li. Nou wè ki sa yo reyalize nan istwa nou.

Nou konnen sila yo ki konn li p ap pote lèt kondanasyon yo. Sa pa vle di moun ki pa konn li ak ekri pa moun. Ni, li pa vle di, sila yo ki konn li ak ekri pi plis

pase lòt yo. Devan Bondye, nou tout egal ; blan kou nwa. Pou montre nou jan blan yo te mechan ak nou, menm legliz yo pa t dakò pou nou t ale. Yo tèlman te ipokrit, premye bagay yo te fè, lè yo te debake sou tè nou an, yo te plante yon gwo kwa sou Mòn Sen Nicolas. Yo pa t pèmèt nou adore Bondye jan nou te kwè. Nou te kwè, nou toujou kwè, tout sa ki nan lanati ki gen lavi gen lespri ki abite li. Yo detwi kò nou, yo seye detwi nanm nou ; men, Bondye pi fò, nou la toujou!

Levasyon ak ledikasyon se 2 bon zanmi ki mache ansanm sou chimen sivilizasyon. Nou resevwa levasyon nan men manman ak papa nou, pandan nou chita sou janm yo y ap fè nou fè dodo. Moun ki gen bon levasyon pa mouri ak move madichon gran moun bouch santi.

Moun ki gen levasyon pa kite manman yo rale tete gòch met deyò pou voye malediksyon dèyè yo.

Ledikasyon li-menm se sou ban lekòl nou resevwa l, anpil moun di li louvri je yo. Lè yon moun resevwa tou 2 (levasyon ak ledikasyon) nan bon ti manmit, gen chans pou lòt moun renmen viv bò kote moun sila a. Pawòl moun sa a ka mete dòmi nan je nou, tèlman li boure konprann ak sajès. Piske esklav yo pa t ka gen fanmi, zansèt nou yo pa t ka gen levasyon ak ledikasyon sa n ap pale la.

Pandan lontan, nou te nan inyorans; nou pa janm te ka viv anba limyè ledikasyon. Moun ki te vle ede nou al lekòl yo, pa te ka fè travay la poukont yo. Gen nan zansèt nou yo ki te konn mawon pou yo te ka aprann li ak ekri. Yo te konn itilize san yo kou lank pou yo ekri lèt a, b, c sou fèy bwa. Sa di nou ki enpòtans aprann li ak ekri te genyen pou yo. Jodi a, nou gen anpil moun ki jwenn opòtinite pou y al lekòl gratis ki refize li. Kòman nou konprann sa ?

Apre anpil tan pase, sitiyasyon an vin chanje. Men, gouvènman nou yo ak klas moun eklere ki rele tèt yo elit la itilize menm taktik blan je vèt yo pou nou pa janm leve je gade yo. Sa vin kite nou nan yon eta inyorans ki grav. Lè ansyen esklav vin ranplase kolon yo nan gouvènman peyi a, yo trete frè ak sè yo pi mal ke jan blan te konn trete yo. Se okazyon pou yo te montre yo siperyè lòt yo. Prezidan *Boyer* se youn nan swadizan pitit peyi a, ki te siyen lèt kondanasyon nou. Li te nan pozisyon lè l te prezidan pou l te mete peyi a sou yon bon ray. Li te kenbe pouvwa a pandan lontan. Li te gen otorite pou l te mennen pèp la kèlkeswa kote l te vle a. Men, li pa t yon bon bèje pou Nasyon nou an, li pa t kwè nan edikasyon.

Piske nou te kondane pou nou pa janm te touche silabè a; edikasyon te vin pa twò enpòtan pou nou tou. Nou te plis enterese nan travay tè, paske yo te fè nou kwè se pou sa Bondye te kreye nou. Travay tè te rapòte kichòy chak 3 mwa pou pi piti. Li te bon pou ekonomi gouvènman nou yo. Si nou plante pwa ak mayi, nou ka rekòlte yo byen vit pou n manje ak fanmi nou. Si nou fè elvaj bèt, yo bay pitit chak 3, 4, 6 mwa osnon chak lanne. Konsa, nou vin mete tout enèji nou nan travay tè ak fè elvaj pito. Moral nou, apre tout sa n pase, pa janm devlope pou reflechi yon lòt jan. Papa fè pitit pou vin ranplase yo nan jaden an. Zafè papa toujou te pi bon pase zafè pitit yo. Sa ki fè sa? Se paske ti moso tè papa a kite kòm eritaj pou pitit li yo blije separe bay tout pitit li genyen yo. Yon nonm ki te gen 2 kawo tè, lè l mouri; pitit li yo gen pou separe 2 kawo tè sa a pou fè 6 lo, si li te gen 6 pitit. Sa papa nou te konn fè sou tè l yo, nou pa ka fè yo jounen jodi a. Ki fè lavi nou vin pi di chak jou.

Gen yon tan, peyizan Dayiti te konn voye pitit yo lekòl pou y al aprann siyen non yo. Gen nan yo ki te rive fè klas sètifika. Sila yo ki te rive nan brevè, se gwo save

yo te ye. Menm nan ane 1980 yo, gen paran ki te kontinye voye pitit lekòl sèlman pou yo ka konn ekri boul bòlèt ak li papye tè. Jouk jounen jodi a gen paran ki poko konprann ki sa lekòl ye ak ki sa edikasyon ka fè pou yo. Rèv peyizan nan keksyon edikasyon pa janm twò long. Men, pitit ki rive kase chenn sa a pou yo vanse lwen lekòl toujou chanje lavi paran yo. Kèlkilanswa moun andeyò ki gen yon pitit ki vanse lekòl, l ap chanje lavi tout moun nan kay la. Li pi fasil pou yo fè pwogrè pase lòt fanmi yo akòz pitit sa a.

Nan tan lontan, pou konn ki jan yon moun chita nan sosyete andeyò, se sou kantite tè ak bèt li genyen pou te gade. Jounen jodi a, sa chanje; se sou konbyen pitit ki ale lekòl pou nou gade. Edikasyon se sèl chans nou genyen kòm peyizan pou nou pote chanjman nan lavi fanmi nou. Li ka pran tan pou nou wè rezilta, nou ka pa menm gentan wè l, men pitit pitit nou yo a pote nouvèl ban nou.

Nou-menm ki gentan grandèt, pa gen anpil bagay ki ka chanje nan lavi nou, paske abitid nou yo se tankou vis yo ye. Men, si nou renmen pitit nou ak si nou respekte non nou pote a, n ap fè sakrifis pou nou kite yon kado pou sila yo k ap vini apre nou. Pi gwo byen paran ka bay pitit yo, se ti moso ledikasyon. Se vre, li pran tan anvan pou n rekòlte nan pye bwa edikasyon an; men, pi bonè se granm maten. Fò nou gen anpil pasyans ak pye bwa sa a, pou n wouze l ak mete fimye nan rasin li, anvan pou n rekòlte. Men, gwo avantaj nou genyen; lè l kòmanse bay rannman, li p ap kanpe jouk li mouri. Menm lè l mouri, rasin li ap pouse pi bèl boujon toujou. Bèl chandèl ak bèl boujon sa yo pa lòt ke pitit ak pitit pitit nou yo. An n fè sakrifis pou pèmèt pitit nou yo vin ranplase nou nan jaden nou yo, avèk yon tit teknisyen agrikòl. An n swete gen kèk lòt k ap vin tounen bòs mason, bòs chapant, bòs

tayè osnon doktè zannimo. An n mete yo sou chimen pou yo gen yon sètifika, yon diplòm ki sètifye yo nan metye sa yo. Konsa, pitit pitit nou yo a grandi pou yo vin agwonòm, enjenyè, avoka, doktè, elatriye. Sa pa vle di tou, pou nou bandonnen travay tè, paske n ap toujou bezwen rannman tè a pou nou manje ak pou pèp lavil yo manje. Agrikilti se lonnè ak diyite pèp Ayisyen. Yo ka eseye fè nou kwè nan lòt bagay, yon fason pou mare libète nou ak trip nou. Depi yo kontwole vant nou, yo kontwole libète nou tou. Chen grangou pa gen diyite. Se pou sa yo mache chache zo atè kay vwazinay. Se ekzakteman sa k ap pase peyi Dayiti jodi a. Se nan fènwa gouvènman nou yo ap mache chache zo ka vwazinay. Se pou sa tou yo kase zo do nou ak kout bwa bale. Jan kominote entènasyonal la trete nou an se rezilta neglijans dirijan peyi a. Lonnè ak diyite nou rete nan sa nou ye ak nan sa nou ka fè. Si nou mete tèt ansanm pou n fè ti moun nou yo grandi ak mantalite sitiyasyon yo ka vin pi bon pase sitiyasyon paran yo, lè sa a n a di nou sou wout pwogrè. Plis nou gen moun ki resevwa ledikasyon nan mitan nou ak bò kote nou; se mwens moun ap ka eksplwate nou. Moun ap pè griyen dan sou nou. N a viv alèz youn ak lòt san jalouzi, san egoyis, san diskriminasyon akòz limyè ledikasyon k ap liminen nan mitan nou.

Liv sa a se kontribisyon yon peyizan nan ede kominote devlope, nan louvri je sila yo ki vle vanse, nan ede nou konprann ki moun nou ye ak ki jan nou ka amelyore sitiyasyon nou nan chache chimen sivilizasyon.

Veye ipokrit mòde soufle yo

Gen 2 klas peyizan nan peyi Dayiti. Premye klas la, se gwo peyizan yo; nou rele yo grandon tou. Yo gen anpil tè, dèfwa, yo gen anpil moun ki rete lakay yo osnon yo anplwaye pou travay nan jaden yo. Se prèske menm jan ak kolon blan grandon yo ye. Moun ki rete avèk grandon yo, yo trete yo menm jan ak esklav. Apre ti kote yo dòmi an ak ti moso manje, yo pa gen dwa a anyen ankò. Nou dwe di tou, se pa toupatou li konsa. Gen kèk grandon ki trete moun ki rete lakay yo tankou fanmi yo.

Dezyèm klas la, se ti peyizan yo, ki rele tèt yo malere. Yo pa gen kantite tè ak mwayen gwo peyizan yo genyen. Anpil ti peyizan travay tè grandon yo dimwatye. Tè a se pou grandon an, ti peyizan an travay li, epi li separe rekòl la ren pou ren ak grandon an. Sistèm sa a egziste depi sou tan lakoloni. Chak zòn nan peyi a rele l yon jan.

Yon lòt jan nou ka pataje peyizan yo ankò, se peyizan nan plèn yo ak peyizan nan mòn.

Peyizan nan plèn se menm ak sila ki nan mòn yo. Yo fè jaden ak plis fasilite paske yo ka wouze jaden yo san pwoblèm. Yo pa fasil pèdi rekòl anba sechrès yo-menm. Sila ki nan mòn yo fè jaden sou kont papa Bondye ki pou voye lapli lè lide l di li. Ki fè, anpil jaden nan mòn konn pèdi lè Bondye fè yon ti vire do ba yo. Lè siklòn pase tou, peyizan nan plenn yo soufri anpil. Dlo ak van konn kraze ak bwote tout plantasyon yo. Peyizan nan mòn konn mare zanmitay ak peyizan laplèn yo; konsa, lè sa pa bon pou youn lòt la soutni li.

Gen anpil zòn kote kantite tè yon peyizan genyen depann de fanmi li. Si fanmi l te grandon, li gen chans pou l gen anpil tè kòm eritaj. Si fanmi l se te ti peyizan,

se li ki pou demele l chache achte ti moso tè pa l pou kreye eritaj li.

Fòk nou di tou, fanmi nou yo viv nan bon jan tèt kole youn ak lòt andeyò. Nou abite menm kote, sou menm bitasyon papa ak manman nou te mouri kite pou nou. Nou gen kominote pa nou anndan kominote a. Se fòm sosyete ki pi solid ki ka egziste. Akòz sa, si youn nan nou ta vle vann yon ti moso nan tè nou genyen, se sèlman manm fanmi an ki ka achte li. Nou p ap janm vann tè anndan bitasyon an ak etranje, paske nou panse etranje sa a ka vin simen zizani nan mitan nou.

Nou-menm peyizan, nou se kretyen vivan k ap viv andeyò lakanpay. Nou travay tè ak gade zannimo pou sipòte fanmi nou. Anpil fwa, peyizan se sijè griyen dan pou moun k ap viv lavil yo. Genyen ki fè l pa mechanste, gen lòt ki fè l pa inyorans. Nou ekspoze a tout ridikil moun lavil, ki rele tèt yo moun eklere osnon kapitalis. Li pa difisil pou moun lavil yo konn si nou se peyizan lè yo wè nou. Se kòm si nou gen yon etikèt ki kole nan do nou. Jan nou mache, jan nou pote chapo nou ak abiman nou pèmèt tout moun konnen nou pa moun lavil. Nou pa bezwen sanble ak yo tou. Men, lavi moun lavil k ap fè tchilitchiti, pale franse depann de travay di peyizan nan mòn ak nan plèn yo. Se nou ki travay tè pou bay moun lavil yo manje. Bèl tomat, bèl yanm, bèl berejèn, diri, mayi, zaboka, militon, sitwon, pwa, zoranj ak tout lòt bon bagay moun lavil ap manje-bwè sou bèl tab gani, se rezilta travay do kase peyizan. Yo ka gen lajan nan men yo; men, èske yo ka manje li? Ki sa k t ap pase si peyizan pa ta travay tè pou voye manje desann lavil? Anpil manifestasyon kont lavi chè n ap tande osnon n ap wè, se toujou nan vil yo, yo fèt. Nou-menm peyizan, nou toujou ka manje. Lè n paka achte grès nou gen kokoye, lè n pa ka achte pat tomat, nou gen woukou. Nou pa

gentan pou n fè grèv ni manifestasyon kont lavi chè. Si n te kapab, se kont sechrès ak vèmin nou ta manifeste pito. Ki moun ki t ap tande vwa nou tou? Nou pa konte, nou pa moun menm pou sila yo ki depann de travay nou pou yo manje ak bwè. Malchans pou nou, pa gen moun ki apresye anyen peyizan fè. Sila yo ki konn li ak ekri yo se pitit lejitim peyi a alòske nou-menm yo trete nou tankou pitit deyò. Manifestasyon anpil fwa fèt pou manje ki soti nan lòt peyi, paske nou-menm Ayisyen, nou pa apresye sa nou ka fè lakay nou. Nou bay tout sa ki soti lòt peyi yo plis enpòtans. Nou prefere manje ponm ki soti lòt peyi olye nou manje mango ki soti nan jaden nou. Nou prefere bwè ji nan sachè olye yo bwè yon kokoye. Anpil moun panse tout sa ki soti lòtbò pi bon pase sa nou fè lakay nou. Yo te toujou vle fè nou kwè nou pa anyen, sa lakòz, nou pa kwè nan anyen nou ka fè. Nou nwa, nou esklav, nou se peyizan, nou pòv, ki pi gwo malè k te ka rive nou? Anpil lòt pèp pran avantaj sou inyorans nou pou yo eksplwate nou. Yo pran abitid kritike sa k nan kilti nou pandan y ap eksplwate menm resous kiltirèl sa yo pou yo plen pòch yo. Pi gwo liv ki rakonte istwa pèp nou ye a, se etranje ki ekri yo. Malgre tout jan yo fè pou yo diminye nou, istwa zile nou an rete pi bèl istwa sou latè ; menm lè se ènmi nou yo ki ekri li.

Ki lè, menm jan *Jean Price Mars* te fè l, n a leve kanpe pou n reklame sa k pou nou ? Kilè n a chita pou n rakonte sila yo ki vle tande laverite son kout klòch pa nou an ? Ki moun k ap pran responsablite pou rakonte istwa nou an ak tout fyète li gen ladan li ? Ki lè y ap sispann di se lafyèv jòn ki te detui lame fransè a olye yo bay sòlda nou yo tout kredi yo merite pou kouraj yo, menm jan Rochambeau te fè li pou Capois Lamort?

Moman an rive pou n aprann renmen sa nou ye ak sa nou fè. N ap toujou ap viv nan mizè si n kontinye

inyore sa n ye ak sa n vo. Lòt moun lòt peyi p ap janm respekte nou, alòske nou se youn nan pèp ki pi rich sou latè. Kounye a, yo taye yon kazak tou nèf mete sou nou kòm peyi ki pi pòv nan zòn nan. An n kòmanse renmen tèt nou ak tout sa nou genyen pou lòt moun ka gen respè pou nou ak pou yo ka apresye sa nou fè. Nou pito pale, li ak ekri tout lòt lang yo tan pou n pale, li ak ekri kreyòl ki se lang nou. Nou kwè lè nou pale lòt lang, lòt moun gen plis respè pou nou osnon ya pran nou pou sa n pa ye. Ki pwoblèm ki genyen ak sa nou ye menm? An n manyè pale kreyòl, se li nou tout konprann ak pale san kè sote. Nou pa ka chita ap mande pou lòt pèp yo respekte nou; se fè pou n fè yo respekte nou jan *Toussaint Louverture* ak *Dessalines* te fè li.

Ayiti se youn nan peyi ki te pi rich nan zòn kote l chita a. Richès li pa te lòt bagay ke tè a. Li te konn bay manje ak tout sa nou mete ladan l agogo. Anpil nan nou pase anpil tan ap lapriyè, tan pou n travay tè nou yo, kòm si lapriyè ka kraze grangou. Lapriyè bon pou nanm kretyen vivan, li pa ka fè anyen pou grangou nan vant. Se travay pou n travay, pou n ka kwape grangou ak mizè nan peyi nou an. Sila yo ki kite andeyò k al plen kapital la san rezon kontribye nan pwoblèm sa a tou. Kou yo rive nan kapital, yo pa jwenn anyen pou yo fè, grangou fòse yo antre nan chante Bondye bon. Menm andeyò, jenn gason pa vle travay tè ankò. Sila yo ki konn li menm idanfye tèt yo kòm entèlektyèl ki pa gen anyen pou yo wè ak metye travay tè.

Te toujou gen plis moun k ap viv andeyò pase nan vil yo, plis, yo te travay di anpil. Men, lè Meriken te vin okipe peyi nou an nan lanne 1915, yo te di se pou ka mete lòd nan dezòd. Yo te chanje tout bagay. Yo te tabli pifò aktivite komès ak endistri nan mitan vil yo, sitou Pòtopwens, pou fòse peyizan desann lavil vin chache

lavi. Yo te pwofite tou pou fè dappiyanp, gwo ponyèt sou tè anpil malere andeyò kont lide *Dessalines*, pou etranje pa t janm posede tè nan peyi nou an. Pou *Dessalines,* tè nou an se te yon tè sakre kote tout Nèg Nwè ta dwe vin goute libète. Gouvènman malatchong ki te chaje ak trèt ladan yo kole tèt ak ènmi nou yo pou te pase tè sa a yo bay akolit yo ki te bezwen tabli gwo biznis ki pa te gen anyen pou wè ak enterè peyi a osnon mizè peyizan. Gouvènman nou yo pa janm defann pèp la ak peyi a jan konstitisyon nou an mande li. Se sa k esplike yon prezidan sou pouvwa ka di li pa gen pwoblèm pou l kite peyi a pou l ale viv yon lòt kote paske l abitye viv nan peyi etranje. Yon sitwayen konsa pa gen karaktè pou l ta prezidan yon peyi tankou Ayiti. Pa gen yon lòt peyi sou tè a ki t ap aksepte l kontinye manda l kòm prezidan. Depi apre okipasyon an, ta sanble gen yon mouvman k ap fèt pou detwi karaktè patriyotik nan nou. Ta sanble kominote entènasyonal la, nan non sivilizasyon ap konplote pou sitiyasyon nou pa janm chanje. Yo kenbe nou nan mizè, pou n pa gen tan pou n panse a istwa nou ak fyète. Plis gen kriz nan peyi nou an, se plis yo ka ranmase lajan sou do nou pou yo ka kontinye egziste. Si n pa mete tèt ansanm pou n regle diferans nou yo, y ap pwofite divizyon nou yo pou yo ka toujou parèt tankou sovè nou. 2015 ap fè 100 tan depi lespri sa a ap devlope lakay nou. Tout moun, soti sou prezidan Dartiguenave pou rive sou *Jean Baptiste Conzé* ap chache jwe wòl reskiyè lòt peyi. Ta sanble pa gen Ayisyen ak san Dessalines nan venn yo ankò! Lè etranje ap foure dwèt nan gagann nou, gouvènman nou yo, pi souvan, ba yo sekirite ak sipò kont pèp la, paske nou gen yon leta ki nan restavèk. Gwoup moun ki nan pozisyon pou ta pwoteje pèp la ak mete l sou bon chimen gen enterè yo nan mizè pèp la. Lidè nou yo ak entèlektyèl nou yo pa jwe wòl yo ta dwe

jwe pou gide pèp la. Apre endepandans peyi a, pandan gwo chèf militè yo t ap banbile, yo te fòse peyizan kontinye travay pou po pistach ak peye depi se taks leta te bezwen pou peye dèt peyi a.

Prezidan *Duvalier* pou te ka mete pouvwa l chita, te mennen anpil nan nou desann lavil. Nou te la kont volonte nou, pou lejitime pouvwa gwo ponyèt la nan bat bravo pou bèl pawòl franse, nan diskou nou pa te menm konprann. Anpil nan nou, se gwo kamyon ki te konn al chache nou vin lage nan kapital la. Majorite nan nou ki te vini pa te gen yon kote pou n te desann Pòtopwens. Nou te vin kreye yon lòt klas moun yo te rele "moun 22 sektanm" yo nan kapital la. Nou kite pwovens yo ak aktivite jaden nou pou vin plen lari vil la.

Se sou jaden nou nou konte pou n sipòte fanmi nou. Nou pa gen lòt lespwa, Ayiti se yon peyi agrikòl. Nan tan lontan, se te verite paske tè nou yo te konn bay rannman tout bon vre. Men, jounen jodi a, anpil nan sa n ap manje, se lòt kote yo soti. Dominikani voye bannann, salami pwazonnen, ze, kokoye ak yon latriye lòt bagay ban nou. Nou koupe pye bwa pou fè chabon voye vann yo. Peyi Etazini voye diri, pwa, lwil ak anpil lòt konsèv vann nou. Alòs nou achte nan men yo, nan pri pakoti osnon yo voye bagay sa yo ban nou sou fòm èd alimantè. Lè yo siyen gwo kontra pou ede gouvènman Ayisyen an, anpil nan èd sa yo pase nan manje yo vann bay gouvènman an. Peyi sa yo ka vann nou pwodui sa yo bon mache, lè nou fèk kòmanse achte nan men yo. Peyizan peyi sa yo jwenn asistans gouvènman lakay yo ki sipòte abitan k ap travay tè. Kou nou vin depann nèt sou manje kay vwazen nou yo, yo monte pri yo sou nou. Kòm nou pa ka pwodui manje pa nou ankò osnon paske nou dekouraje, nou blije kontinye achte nan men yo, nan pri tèt nèg la. Menm lè pri a monte, nou blije achte nan men

yo paske nou fin abitye ak sa y ap vann nou yo. Nou achte nan men yo ; alòske nou pa gen anyen pou nou vann yo. Lontan nou te konn fè echanj ak yo, nou te gen kafe, kakao, pit, po zoranj, vetivè, sik elatriye...Jodi a, nou lage 2 bra pandye ap vann mizè nou. Nan lanne apre *Jean Claude Duvalier* te kite peyi a, gouvènman jeneral *Namphy* a te aksepte diri pèpè, lèt ak lwil anvayi peyi a, depi lè sa a, pwodiktè diri Gonayiv yo ap trennen nan mizè. Akote manje pèpè, moun sivilize peyi Etazini yo pa te bliye voye dechè toksik vin anpwazonnen peyi a tou Nan Non Sivilizasyon. *Bill Clinton* ede peyizan *Arkanzas* ki se eta kote l soti a, alòske *Namphy* kase bra peyizan Gonayiv yo. Se menm gouvènman restavèk machann peyi sa yo ki te aksepte pou Meriken te touye kochon nwa dyòl long nou yo. Yo te ranplase yo ak kochon grimèl pakoti ki pa ka reziste anba chalè ak kondisyon peyi nou an. Gade rezilta yo kounye a. Peyizan pa ka voye pitit yo lekòl ankò. Yo koupe ti pye bwa ki te rete yo nan fè chabon, sechrès touye jaden nou yo chak sezon. Grangou ap kòde trip peyizan toupatou. Konbyen entèlektyèl, ki soti an pwovens, ki pa rekonèt se kochon paran yo te konn vann pou voye yo lekòl ? Ki sa n ap tann anvan n kòmanse aji pou ede frè ak sè nou yo jwenn diyite yo ankò ?

Nou pa ka plante ankò, paske pakoti ki anvayi peyi a dekouraje nou. Nou p ap ka vann tou pou n fè benefis. Kou pri yo monte, nou pa gen anyen nan jaden nou, ni nou pa gen lajan pou n achte nan men peyi vwazinay nou yo. Se konsa mizè ak move mès pran jarèt nan mitan nou. Jounen jodi a, gen anpil gwo òganizasyon peyi letranje k ap bay manje gratis ti cheri adwat agoch. Yo chwazi pou bay manje nan anpil zòn kote ki te ka fè bèl rekòl pou bay pitit tè a manje. Anpil nan nou al travay pou yo nan konstriksyon wout. Chak senmenn ki fini, yo

ban nou kèk manmit diri, lwil ak yon ti tchotcho. Nou tou pa gentan pou n tounen al travay nan jaden nou ankò. Nou depanse lajan nou fè a nan diri ak farin. Kou òganizasyon sa yo al fè wout yo, grangou ak mizè tabli nan lakou lakay nou. Anpil nan nou nan mizè jounen jodi a; men, nou pa konn ki jan nou fè ladan li. Jenn gason ki ta dwe ap fè jaden, lage nan fè taksi-moto, lòt yo lage 2 bra pandye ap chase mouch. Yon lòt seri lage nan fè sa k pa sa pou ka sanble ak sa yo pa ye. Oganizasyon sa yo gen enterè yo nan kenbe nou nan mizè, paske mizè nou kreye biznis pou yo. Peyizan, an n louvri je nou, se pa tout sa blan pote ban nou ki bon. Blan yo vin ak pwogram yo rele pwogram devlòpman pou nou san yo pa konn anyen de nou, de abitid nou osnon de zòn kote n ap viv la. Anpil fwa se tankou espyon yo konn voye yo pou vin chache zo nan kalalou. Majorite pwogram sa yo pa janm ka kontinye apre blan yo al fè wout yo. Zansèt nou yo pa te kwè nan yo yè, pouki jodi a nou lage vant nou ba yo? Kote diyite nou? Menm lè gouvènman nou yo vann peyi a, se pa yon rezon pou nou neglije respè ak diyite nou. Pifò gwo mouvman revòl ki te fèt nan peyi a, pi souvan se peyizan ki konn kòmanse yo. Ki vle di nou gen pouvwa pou n chanje avni peyi a, lè nou vle.

Akòz pwoblèm edikasyon, gen anpil bagay nou pa konprann; l ap pran tan pou nou rive konprann yo tou. Pa gen yon enstitisyon ki wè nesesite ban nou esplikasyon, si jamè nou ta vle konprann kichòy nan sa k ap pase bò kote nou yo. Nou dwe louvri je nou, pale sa nou bezwen nan lang nou tout ka konprann, pou twò ta pa bare nou. Nou dwe konnen òganizasyon sa yo pa la pou toutan. Se pou rezon sa a, nou pa dwe konte twòp sou yo kounye a. Nou dwe konte sou jaden, ak kominote nou yo. Ti moun ak jenn moun k ap grandi ki jwenn papa yo ap travay tè,

p ap vle travay tè tou. Yo montre yo travay tè se dezonè, peyizan pa moun. An n kòmanse prepare denmen ak ti moun yo, se yo-menm ki lespwa nou pou jou k ap vini yo. Yo ka grandi ak lide se yo ki responsab byennèt kominote ak peyi kote y ap viv la. Si nou pa fè sa nou dwe fè, y ap toujou panse gen yon moun ki responsab sitiyasyon yo, si kafe yo ta koule ak ma. Jounen jodi a, nou lage tout pwoblèm nou yo sou do vwazen nou yo, li lè pou n pran responsablite nou. Peyi a se peyi nou l ye, se nou-menm ki pou pran desizyon pou konstwi li ak pwoteje li. Nou pa ka kontinye ap akize etranje yo. Nou deja konnen se piyay yo vin pran sou sila ki lage kò yo.

Lavi peyizan

Nou-menm peyizan nan zòn ki pi rekile yo, nou reveye nan kabann depi a 3 zè, 4 trè dimaten. Genyen nan nou ki fimen pòy siga tabak ki kraze nan pòch pantalon nou pou n ka pase kalkil. Nou pase bon tan ap pale ak madanm nou de jaden nou ak sezon an anvan nou leve. Lè nou leve, madanm nou tou leve ak manmit remèd fèy osnon mannit kafe nan men yo. Nou lave je nou nan gòdèt emaye osnon plastik. Nou bwè te anmè epi n ale nan jaden al vizite bèt nou yo. Dèfwa, nou konn tou rete nan travay jiskaske solèy leve. Genyen nan nou, ki tanmen travay anvan solèy leve jiskaske li kouche. Genyen lòt ki tounen lakay pou vin bwè kafe dlo kann ak yon moso kasav osnon bobori anvan n pran chimen travay. Sila yo nan nou ki gen chans, madanm nou konn gentan frikase yon tèt aransèl osnon yon ti moso vyann kochon sale mete sou yon grenn bannann ak yon tranch lam veritab ban nou anvan n ale. Konsa, vè pa ka pike kè nou. Lè n nan konbit, nou kòmanse travay yon jan pi ta, epi n lage pi bonè tou. Gen kote tou, konbit kòmanse depi 4 trè nan maten anvan solèy louvri je l pou lage a 9,10 zè. Konsa nou evite travay anba gwo solèy midi a.

Nan tan lontan, nou te konn fè sosyete vaksin ki tanmen travay a 8 tè tapan. Se te *"au son de la musique"* nou te konn travay jiska 4 trè aprèmidi. Nou travay menm jan ak moun k ap travay nan biwo leta. Kout tanbou ak wonf banbou kenbe nou sou konpa pandan n ap travay, sanba ap chante, n ap danse. Nou te konn bwè ti gwòg nou tou, travay tè se te yon bèl anbyans epòk sa a. Fyète nou te marye ak travay tè a, nou te responsab vant nou.

Lè nou lage travay, menm anbyans mizik la kontinye pandan n pral kay moun ki mèt travay la. Lè nou rive, nou manje kèk twons mayi osnon pitimi ak lay sòs pwa. Koze vyann nan pa te kò twò popilè nan tan n ap pale la. Nou te konn travay di anpil, nou pa te ekzijan tankou travayè kounye a. Peyizan, nou travay di se vre; men, gen nèg nan nou ki ka manje tou. Nou ka sezi wè yon nèg desann 3, 4 twons mayi osnon pitimi vide ak yon ti gout sòs pwa. Lè l rive lakay li, l ap manje sa madanm li kite pou li kòm soupe ankò.

Lè nou kòmanse travay, nou chante ochan peyi a. Se te yon fason pou mete jounen an devan papa Bondye ak leta peyi a. Yon bèl seremoni ki gen anpil mouvman patriyotik ak tradisyon zansèt yo te kite pou nou. "Lè gran papa nou t ap travay..." Sosyete vaksin disparèt nan kilti nou. Se sa k fè pwodiksyon manje bese, ki bay lamizè ak vagabonday kote pou yo danse kalinda. Se sa k fè se ka vwazinay n ap mache chache zo pou n souse.

Lè n sòti nan travay, n al okipe bèt nou yo. Apre sa, nou antre lakay pou al pase tan ak fanmi nou. Gen nan nou k ap pase bò basen dlo osnon bò rivyè a pou fè yon plonje ladan li. Gen sila yo k ap foubi kò yo san savon pou retire swe, kras ak tè sou do yo. Genyen tou k ap sèlman lave pye yo, kòm si rès kò yo pa merite yon ti netwayay. Gen lòt ki toujou gen yon grenn savon sere yon kote vlope nan yon fèy zanmann pou lave kò yo epi retire sant swe sou yo. Kèlkilanswa ka a, nou toujou remete menm rad la sou nou.

Konpè entèl al ka konpè entèl pou ede l grennen mayi. Jodi a pou youn, denmen pou yon lòt. Sou lakou a, nou kare vye chèz pay nou nan mi kay la. Nou manje manje madanm t ap prepare a, nou grennen mayi, fimen pòy siga nou, bay blag, ak pale de sezon an. Lè gen mwayen tou, nou bwè 2 gwòg anvan n al dòmi. Ti moun

yo-menm, anba bèl klète lalin ap fè lago. Lè yo bouke, yo vin chita pou tire kont, se toujou sou do Jan sòt ak Jan lespri. Lè yo bouke ak 2 mesye sa yo, yo chanje non yo pou tonton Bouki ak ti Malis. Gen moun ki konn pwofite mete grenn yanm ak patat boukannen anba sann dife cho, pandan lòt yo ap boukannen mayi pou fin plen vant sila yo ki pa janm satisfè. Kann se yon lòt amizman ki bon pou moman sa yo. Lè gen labapen, nou pase tan nan manje labapen pandan n ap tire kont, san nou pa bliye mete degonfle bouyi pou sila yo ki gen move vant k ap balonnen. Lè mayi a fin grennen osnon lè dwèt nou fè nou mal, konpè entèl pran chimen lakay li. Anvan l deplase, li limen yon pòy siga pou l rale de nway, li bay konpè l rale 2 nway tou anvan l deplase. Se siga sa a ki pral ede l fè wout la ak koukouy k ap klere pa li. Lè l rive sou lakou lakay li a, li tenyen sa ki rete nan siga a ki te prèske ap boule po bouch li; epi li lage rès pòy la nan pòch pantalon li. L ap touse pou l rale yon plòt krache l ap pouse soti ant lang li ak dan devan l yo. Li p ap bliye fè yon netwaye gòj li anvan l monte sou lakou a. Li rale dèyè l 2 gòl bwa panyòl pou l kwaze yo ankwa nan sa nou ka rele baryè a. Mouche a enspekte lakou a, epi l antre pou al manje sa madanm kite sou yon ti tab nan kwen sal kay la pou li. Ti moun yo konn rete ap veye kilè l ap vini, pou ka manje ti rès manje k ap rete nan bòl la.

Lè a rive pou nèg al dòmi, youn nan ti moun yo mete dlo nan yon potchanm pou papa l sou tèt mi an. Msye pral lave pye l anvan l ale kouche. Pa fatige nou, nèg lave pye l, men, l ap mache pye atè pou al monte kabann li. Tout ti moun yo gentan antre tou. Yo kouche sou yon nat jon bannann ki gen 2, 3 moso kanson ble ouvè sou li. Lave pye a, se jis yon tradisyon; ti moun yo fè menm jès la. Msye antre, li kwochte pòt la, plis li pase yon bale nan kòchèt la pou ba l plis fòs. Li pral lage

kadav kò a sou yon kabann bò madanm li. Kabann sa a gen pou matla yon nat ak yon pil ranyon sou li ki vlope ak yon dra 20 moso, 10 koulè. Madanm konn gentan nan fon somèy lè konsa ak yon ti bebe anba vant li. Yon lamp gaz jòn tèt gridap, ap mouri limen, sou konn yon malad ki soufri feblès jeneral k ap trepase ak yon je louvri yon je fèmen sou kabann Lopital Jeneral. Gason soufle sou bòbèch lamp lan pou tenyen li. Chanm lan fènwa pase lank. Nèg tonbe dòmi menm kote a, paske vye kò a fatige. Dòmi pa te kò menm pran l, nou pa kwè l te menm gentan fè rèv; nou te ka tande l k ap wonfle sou lòtbò ravin nan.

Jou ale, jou vini ; se toujou menm kout baton an. Ki sa ki pou fèt, osnon ki kote chanjman pral soti pou rive sou nonm sa a?

Plantasyon fèt, lapli tonbe jodi a, epi, li fè 2 senmenn li pa tonbe ankò. Grenn ki kòmanse jèmen anba tè pa jwenn lapli pou fè yo leve. Sa k ap leve ap tou kokobe, move sezon, jaden pèdi.

Nou te nan mwa Mas; kounye a, nou nan mwa Jiyè. Yo anonse move tan; men, tan an bèl toujou, ki moun k ap kwè l ap vini? Moun nan radyo yo pa Bondye, kòman yo fè konnen ap gen move tan?

Sanzatann, move tan pase, dlo bwote jaden ki sou wout li ak tout towo bèf mouche a. Sa l pral fè? Dlo tonbe nan zòrèy manman kabrit li gade pou konpè *Paul* la. Yon ras 3, li te tou plenn, nou pa menm ka kòche li. Ti biston an mouri tou, nou grate l, yon boukannen, yon bouyon, yon soupe, yon moso pou konpè *Paul*, tout vyann fini. Si se ti kochon an ki mouri, nou boule l, nou grate li, nou boukannen 2 moso, nou sale 2 moso. Konpè *Jean* ap pran yon moso, bouchè a pran kou a ak bwa ke a, fèt la fini. An n pare nou pou grangou apre siklòn.

Kilès ki konnen ak ki sa denmen ap sanble? Sèl sa nou konnen fòk nou kontinye viv. Peyizan gen lonnè ak respè, menm lè sa rèd; nou p ap mande ni nou p ap vòlè. Byennantandi, nan epòk lonnè ak respè te egziste. Sa gen dwa pa verite jounen jodi a.

An n fè yon ti gade dèyè sou lavi peyizan nou sot pale la a.

L ap pase tout vi l ap fè menm aktivite sa yo. Sa p ap janm chanje pou li, ni li p ap janm panse sa ka vin pi bon pou li tou. Depi l fèt, se konsa sitiyasyon an te toujou ye. Sa rann li difisil pou n ta fè l konnen gen mwayen pou lavi l chanje. Mayi ak pwa pèdi, pa fatige nou, l ap replante yo ankò kou sezon an rive. Se nòmal se sa nou leve jwenn. Ti moso tè sa a gen pwa nwa, mayi, pitimi, pwa kongo ak manyòk plante sou li. Pou l degaje l pou fè yo pouse pandan tout yon lanne. Sa fè 5 jaden ki fèt yon sèl kou sou tè sa a. Ki rannman nou ka espere pou l bay. Si pwa a bon; nou deja konnen mayi a pa ka bon. Anplis sa, gen bèt ak vèmin k ap pèsekite tè sa a ak tout sa k plante sou li. Tradisyon se yon gwo koze nan lavi nou.

Nou travay san pran souf. Lè n malad, pa gen lopital pou nou, paske pa gen mwayen pou n peye konsiltasyon ak medikaman. Li pi fasil pou n di se moun k ap fè n mal paske nou pi fò nan sipèstisyon. Konsa nou vann ti gazèl la ak ti poulich la, pou pote lajan bay mouche gangan pou tretman. Mouche gangan li-menm, anonse nou, se pou byen osnon pou bèl towo bèf konpè entèl ap pèsikite nou.

Lanmitye ka gate, youn vle manje lòt, youn ap akize lòt. Alafen, nou konn rekòmanse viv kòm si pa te janm gen anyen. Men, mouche gangan fè kòb la nèt, sòt bay, se sèl enbesil ki pa pran. Vwazinay se dra blan, se youn ki pou sipòte lòt. Sant kafe kay youn envite lòt yo vin chita sou pilon pou bwè li. Kafe dlo kann ak pen, bobori

osnon kasav, se bon bagay lematen, sitou lè nou jwenn yon bobori ak kokoye ladan li ki gen yon ti gou rasi. Men, sa pa sifi pou lestomak gason k ap travay nan kondisyon sa a. Nou bezwen manje ki pi serye pase sa. Pa bliye tou, nou pral bwè ti gwòg.

Eske nou oblije bwè tafya lè n ap travay? Se move abitid nou bay tèt nou. Nou ka fè aksidan tou lè n bwè twòp. Kout wou nan pye, kout manchèt nan jenou, kout digo nan dwèt, kout rach nan pye, tout se aksidan nou te ka evite. Souvan, lè n ap travay nan jaden pa nou, nou pa bwè tafya. Poukisa n oblije mande malèrèz n ap ede a pou l ban nou tafya? Li gen dwa pa menm kapab achte li.

Lè nou vle bwè 2 gwòg, nou te ka achte yon boutèy tafya ansanm. Nou chita sou lakou lakay nou, pou bwè ti gwòg nou ak pran plezi nou. Nou ka chita bò yon tab domino osnon yon vannen kat 3-7 pou n ka distrè nou byen alèz. Men, nou kwè se tafya ki ban n fòs pou n travay. Pa gen anyen k ap retire sa nan tèt nou; an reyalite tafya ak tabak se vis tout ye, move vis.

Akote travay tè, peyizan, kit grandon osnon ti peyizan; konsidere tèt bèt nou genyen tankou kanè bank nou. Yon peyizan gendwa pa gen yon pakèt tè; men, li gade anpil bèt tankou chwal, bèf, bourik, mouton, poul, milèt, kochon, kabrit, elatriye... Li ka viv menm jan ak yon grandon. Men, souvan fòk yon nonm gen tè pou l gade bèt sa yo. Ki fè, li toujou pi fasil pou yon grandon gen anpil tèt bèt pase yon ti peyizan.

Jaden nou, se makèt nou. Nou plante jaden, epitou lè n bezwen dekwa pou fanmi nou manje, n al pran l nan jaden an. Anpil nan pwodiksyon yo se mayi, pwa, pitimi, patat ak yanm. Nou cheche grenn yo pou konsève yo pou jou k ap vini yo. Lè rekòl pa bon, tankou si lapli pa tombe pou jaden yo ka bay bon rekòl, grangou konn frape nou. Lè konsa, se rezèv nou genyen sou galata ak

anba tè nou manje. Lè nou di rezèv anba tè, n ap pale de patat, mazonbèl, yanm ak manyòk.

Lè gen yon ijans, tankou si yon moun nan fanmi nou tonbe malad, osnon kèlkilanswa lòt bagay la, nou vann bèt nou genyen. Se sa k fè nou di bèt nou yo, se bank nou. Anpil nan nou pa gen abitid sere lajan, nou pa genyen pou n ta sere tou. Men, gen mwayen pou n fè sa san n pa santi li.

Tout moun plante mayi, pwa, pitimi elatriye, tout moun tou gen pwoblèm manje menm lè. Li ta bon pou nou ta kòmanse chanje abitid jan nou fè jaden. Chak peyizan ta dwe gen yon ti jaden legim yon kote, gwo jaden pwa ak mayi gen itilite pa yo. Men, berejèn, tomat, militon, kalalou, piman, chou, zepina, kawòt ka ede n pare move tan nan anpil mannyè. Paske gen delè pa gen mwayen pou n achte vyann. Fanm ki konn demele yo ka fè n koupe dwèt nou nan yon legim militon, lyann panyen osnon berejèn san vyann.

Nou ta dwe aprann sere yon ti monnen chak mwa osnon chak lajan tonbe nan men nou. Li pa bezwen anpil kòb. Si nou mete 100 goud nan yon bank chak mwa, nan fen ane a, n ap gen 1200 goud ki sere yon kote. Si nou fè sa pandan 5 lanne, gade ki kote n ap rive. Lè ti Jan ou byen ti Fifi malad nou p ap bezwen vann ti gazèl bèf la pou mennen l lopital. Fè atansyon tou, pa mete ti kòb nou goumen pou n mete akote a nan bank ki ka sove avèk lajan nou. Bank kominotè se kapab pi bon kote pou mete ti kòb nou. Moun ki ladan l lan, se moun zòn nan pi souvan. Li p ap vle gen etikèt vòlè kole nan do li akòz jan nou wè vòlè nan kominote nou yo. Menm lè li ta vle al viv yon lòt kote, l ap gate ras li. Nan koze fè ekonomi an, medam yo pi fò, yo plis ka pran responsablite sa a pou fanmi yo.

Lavi n kout anpil, se pou sa nou oblije viv ti tan Bondye ban nou pou n viv la ak kè kontan. Se vre li pa fasil ak pwoblèm nou yo; men, lavi se sa nou fè ak li, l ap ye. Gen moun ki toujou ap ri, gen lòt ki toujou ap chache fè moun ri. Ri nan anpil ka se yon remèd li ye. Anpil nan nou, moun andeyò, nou pa gentan pou n pran plezi. Nou konprann pa gen anyen, ni pa gen pyès kote pou n ta pran plezi. Bay blag, tire kont, al nan teyat se mwayen pou nou distrè nou, pou nou griyen dan nou. Anpil nèg jwe aza, osnon bat kòk kalite; men, aktivite sa yo gen paryay ladan yo. Yo mete estrès sou jwè yo, ki fè yo pa amizman jan nou vle panse a. Jwèt domino pou plezi osnon kat ka ede nou. Plis nou ka chita ansanm ak 2-3 moun pou nou pase kalkil nou, se plis li bon pou moral nou. Se yon gwo avantaj li ye pou peyizan tou, paske nou pale plis youn ak lòt. Se pa menm jan ak moun lavil yo ki nan televizyon, òdinatè ak telefòn tou tan. Anpil fwa yo pa gentan pou yo pale youn ak lòt.

Di yon peyizan bonjou mande pou n pran tan nou, paske fò n bay nouvèl tout fanmi nou. Si n se moun ki gen levasyon, n ap konnen pou n mande peyizan nouvèl fanmi pa yo tou. Yon bon bonjou andeyò ka dire nenpòt ki 5 minit. Kòm moun k ap viv lavil osnon nan peyi etranje yo toujou prese, yo gendwa parèt yon ti jan dwòl nan je moun andeyò yo. Lè nou andeyò, se pou sa prèske pa gen moun ki gen mont, pran tan nou lè n kabab pou n di peyizan nou yo bèl kout bonjou. Nou renmen sa lè moun pran tan pou pale ak nou. Sa pa vle di pou n kanpe ap bwè pawòl moun fou nan men yon nèg ki sou k ap plen n ak pawòl tafya. Nou pa ka chanje lavi moun nan, men, nou ka fè l santi se moun li ye. Bay peyizan yo atansyon lè nou santi yo bezwen l nan men nou.

Si nou te gen chans al lekòl, apre ledikasyon, moso tè se youn nan pi gwo byen papa ak manman nou ka kite pou

nou lè yo mouri. Anpil moun andeyò konsidere tè kòm pi gwo byen yo genyen apre sante yo. Tèlman gen batay ki fèt, tèlman gen san ki koule, tèlman gen moun ki rayi ak trayi lòt pou tè nan peyi a; sa fè peyizan konsidere ti moso tè yo genyen pi plis pase Patri a. Depi ti konkonm t ap goumen ak berejèn, koze tè, se te toujou koze gwo machwè. Gen anpil moun ki pèdi lavi yo anvan lè pou yon ti lizyè tè. Alòs nou di anvan lè, paske tè a t ap manje yo wè pa wè. Moun andeyò pa fasil bay legen lè y ap fè pwosè pou tè. Men, anpil travayè tè nou rele kiltivatè se fotokopi sa yon kiltivatè ta dwe ye. Kiltivatè lontan yo te toujou ap plante pye mango, pye zaboka, pye chadèk elatriye...Non sèlman pye bwa sa yo te konn pwodui fwi; men, yo te konn pwoteje tè a tou pou dlo pa bwote l al lage nan lanmè. Koupe pye bwa se pa yon bagay nouvo. Depi sou tan lakoloni, kolon yo te konn ap koupe bwa pou voye vann nan peyi Ewòp yo. Nan epòk sa a, tè peyi Dayiti te tèlman rapò, pye bwa te pouse pou kont yo. Men, jodi a, kondisyon yo chanje. Menm sa nou plante mal pou pouse, anplis sa, peyizan yo koupe pye bwa san konsiderasyon paske yo pa gen kochon pou yo vann ankò. Anpil nan tèt mòn nou yo vin menm jan ak Savann Dezole paske ti pousyè tè a fin desann al plen anba lanmè. Tout pye bwa fin disparèt, sa lakòz lapli pa tonbe souvan. Lè lapli resi tonbe se dega li plis fè, lavalas bwote tè, bèt ak jaden li jwenn sou wout li. Pye bwa ki te konn bay lonbray yo pa la ankò. Pye fwi tankou mango, gwayav, kachiman, zaboka, labapen, lamveritab, zoranj, siwèl, chadèk elatriye...ki te konn soulaje mizè manman pitit pa la ankò. Nou koupe yo pou n fè chabon, ki sa k ranplase yo? Kann detwi nan anpil zòn ki te konn fè l, paske sechrès vin pi grav detanzantan. Kòm yo di latè pa ka pwodui, majorite jenn gason ki gen kouraj pou ta travay tè al chwe Lawomann ap chache lavi miyò nan

batèy. Lòt yo lage ap grate santi san lespwa. Gason sa yo ki pa vle travay tè lakay pa gen pwoblèm al fè l Lawomann.

Nan tan lontan, tout peyizan gran moun osnon jenn moun te pran plezi nan fè gadinaj. Men, jounen jodi a, jenn gason refize gade bèt. Yo pa gentan pou bay bèt dlo osnon manje, yo plis ap chache lajan fasil nan jwèt aza ak nan lòt fason. Malfèktè yon lòtbò dekouraje sila yo ki vle kenbe men ak elvaj toujou. Sa desann moral jenn moun yo tou, pa gen anyen yo fè ak lanmou jan sa te ye pou ansyen yo.

Kochon kreyòl se te yon ekonomi asire pou peyizan yo. Lè yo detwi kochon nou yo, kochon etranje ki te vin ranplase yo pa te ka reziste chalè ak maladi, sa lakòz yo te mouri byen vit. Se sou kochon malere ak malèrèz te konte pou voye pitit yo lekòl osnon pou kèlkilanswa lòt ka ki te ka prezante. Disparisyon kochon kreyòl yo vin fòse anpil nan peyizan nou yo antre nan koupe pye bwa pou fè chabon ak plis fòs. Li fasil pou otorite ak òganizasyon vin di, nou pa dwe koupe pye bwa pou fè chabon; men, ki sa yo ofri nou pou ranplase ekonomi sa a? Ki sa yo ofri nou pou solisyon pwoblèm nou genyen jodi a? Si nou plante yon pye bwa jodi a l ap pran 15 a 20 lanne anvan pou l ta bon pou fè chabon ak li. Èske pou nou tann 20 tan pou satisfè bezwen fanmi nou genyen jodi a? Nou sèlman ka mande peyizan pou plante plis pye bwa kounye a, ak pale de enpòtans pye bwa genyen nan pwoteje tè ak anviwònman an...Se sèl fason nou ka pwoteje enterè nou genyen nan tè a, ak asire pitit nou yo n ap kite yon eritaj ki gen valè pou yo lè n mouri. Tè a se manman nou li ye. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou pwoteje li. Tout sila yo ki vle atake libète nou, se tè a yo toujou vle pran nan men nou. Panyòl, Anglè, Franse, Meriken tout te goumen pou te ka eritye tè sa a. Papa

Dessalines pou te ka pwoteje nasyon nou an kont yo te deklare blan pa gen dwa posede tè nan peyi Dayiti. Premye sa Meriken yo te fè sou lokipasyon se lwa sa a ki te toujou nan Konstitisyon peyi a depi sou Lanprè yo chanje.

Mouche Dodo gen yon mistè

Mouche Dodo ak madanm li abite sou do mòn sen *Joseph*. Yo eritye yon bèl ravin ki kouvri ak pye zaboka grenn soukwe, pye chadèk, pye mango kòn, mango miska, mango fil, pye siwèl, ak anpil pye kokoye. Nan ravin nan, gen yon rigòl dlo k ap galonnen desann tankou bèt ki gen tik ki pete kòd. Gen yon touf banbou nan tèt kote dlo a soti a. Yo di gen lespri ki abite nan touf banbou sa a. Toujou gen yon gwo koulèv k ap chofe solèy nan patiray la. Pye kakawo ak kafe makònen nan yon goumen pou espas. Sou wout rigòl dlo a, chak li frape ak yon wòch osnon yon koub, yo tanmen yon dyalòg, yon melodi ki chame tout zòrèy k ap koute. Lè pa gen zòrèy moun pou koute l, li kontinye chame lanati ak zòrèy Bondye.Vwazinay ki abite pi pre frè Dodo a, se frè Jan, li rete sou tèt yon lòt ravin an fas la. Fanmi sa yo abite nan yon kay klisad palmis, ki kouvri ak latanyen. Kizin yo bare ak tach palmis epi, yo kouvri l ak pay vetivè. Twa gwo wòch pyè chita nan mitan kizin nan, se la man Dodo koule kafe dlo kann chak maten. Se la tou li prepare manje pou fanmi li. Rido nan papòt kay man Dodo se yon drapo meriken. Ki jan drapo sa a fè rive la ? Moun p ap janm konnen. Antouka, ta sanble nan èd peyi devlope yo voye ban nou, yo pa janm bliye voye drapo yo pou fè n sonje nou pa mèt vant nou. Yon drapo ki ka koute 60 dola vèt. Nou konnen l ap parèt nan gwo chif ONG blan yo sou fòm èd alimantè osnon sou yon lòt ribrik rekonstriksyon ak anpil lòt zero dèyè 60 lan.

Moun ka frè Jan yo ka oukwe moun ka man Dodo, yo pa bezwen lanbi. Ti moun yo pa menm bezwen soufle kolorado lè yo pral nan dlo. Se konpè Jan, man Dodo,

youn rele lòt. Van ka pote sant pitimi ki toufe ak pwa kongo kay youn al frape anba nen lòt la nan papòt lakay li. Lè manje kwit, youn voye yon bòl bay lòt. Yo t ap viv ti vi yo an pè. Vwazinay se dra blan; youn konte sou lòt. Msye *Jean* gen 7 ti moun ak madanm li Mata. Kanta pou msye ak man Dodo; sèl sa ki te manke yo se yon pitit. Ta sanble zonbi te klanmen mèt vant madanm nan. Men, yo pa janm te dekouraje mache nan jèn ak nan pelerinaj douvan sen *Joseph*, ak douvan tout sen yo konnen. Man Dodo toujou ak yon wòb malvina sou li. Li mare senti l ak yon kòdon 2 koulè, wouj san bèf ak ble digo. Kòdon sa a, kote l pase anba ti vant madanm nan, se li k ap sipòte tout chay lapriyè, orezon ak litani tout pwomès pitit l ap chache a. Li mete wòb la tankou si se te yon ve. Sèl lè wòb sa soti sou li, se lè l chita sou galèt bò rivyè a ap fè lesiv. Premye rad pou l lave tou, si l ap lave l se wòb sa a. L al tann li sou galèt la pou l ka chèch anvan tout lòt rad.

Fèt chanpèt sen *Joseph* se pi gwo selebrasyon pou moun nan zòn nan. Sen *Joseph* se papa bon kè, li konn doulè tout malere k ap chache lavi pou fanmi yo.

Lè konsa tout otorite militè osnon sivil nan zòn nan prepare yo pou al bay parad devan legliz la. Tout tonton makout mete inifòm ble yo pou y al paweze sou lòd kòmandan seksyon an. Tout chèf katye ak kanson ble, chimiz malvina ble pal ak bèl amwari byen klere nan chapo yo ap nan fèt la tou. Adjwen yo menm se pa pale, w a di se yo-menm ki gen pouvwa pase tout moun. Gwo koko makak yo nan men yo, plim pa bouje anba je mesye sa yo. Nan okazyon an, mesye sa yo pa peye pou gwòg. Tout moun ki bezwen pwoteksyon yo, pwofite achte figi yo, nan ofri yo gwòg ak fimen gratis.

Jenn gason, jenn fanm pare yo pou y al nan kèmès djaz k ap soti lavil pou vin jwe. Kèmès la, se pou moun

eklere yo. Bon plezi a se anba tonèl sou lakou ka man Sensè, kote k ap gen yon bal 4. Tradisyon zòn nan, nan mizik, dans, koulè, mès, plezi, karaktè moun yo, se la l chita. Moun ki abitye ak bèl selebrasyon kiltirèl sa a, ap renmen l plis y ap ba l valè li merite. Tout ansyen bon yo ak gwo chapo maten, chapo pay nan tèt yo pral bay chalè pa yo. Anpil medam zòn nan, prezante pye atè ak yon zèl sapat kenbe nan men yo. Se oubyen yo pa vle sandal la chire oubyen yo pa alèz ak li nan pye yo. Yo toujou gen yon tèt zòtèy ki kase osnon yon kò nan je pye yo. Tèt yo mare ak bèl mouchwa swa ak bèl flè tout koulè pentire sou yo pou vin bay payèt. Yo se rèn chantrèl nan kwaze le 4, le 8 ak rebonbe ameli.

Mizik la frape, akòdeyon ap gronde, po tanbou ap tranble anba bèl siyad mouche tanbourinè yo. Pa 4, pa 8, mesye dam yo kare kò yo nan ma anba tonèl la. Chak gason peye 25 kòb pou chak won nan yon ma. Lè sekretè a fin ranmanse lajan an, kòmandè a pran kontwòl bal la. Ak yon vwa zèklè, l ap bay dansè yo lòd sou mouvman dans lan. Son mizik la ak vwa kòmandè a tèlman soti klè, menm mò nan simityè leve danse nan tèt sila ki sèvi yo.

Apre chak won, mesye yo oblije mennen medam yo nan bivèt. Gen nan medam ki pi jenn yo k ap pran pen ak marinad ak sòs tomat, bannann peze, griyo, pen mouye, pen chèch ak dous, draje, pistach griye, elatriye. Gen lòt k ap mande pou kavalye yo ba yo lajan nan men. Konsa, anpil ladan yo antre lakay ak kòb sèl ak gaz mare nan yon ti mouchwa yo foure nan soutyen yo. Malgre tout lòt aktivite ki gen nan zòn nan ; pa gen youn ki ofri plis anbyans pase sa k pase anba tonèl ka man Sensè a. Nèg ki te fimen tabak pandan tout ane a, pwal pwofite fè chèlbè ak kèk sigarèt *"Comme Il Faut"*. Se moman pou tout ti moun ki t ap sanble ti kòb yo pou fèt la, vin depanse ekonomi yo san gade dèyè. Tout sila yo ki te

rate chans fè kichòy ane pase, p ap manke l ane sa a. Jenn fi, jenn gason soti byen lwen pou vin mete koulè nan fèt la. Gen sa k ap chache anmore, gen sa k ap chache anmorèz. Men pa gen yon jenn jan k ap gen kouraj ak odas fè youn nan jenn medam sa yo deklarasyon. Sa pa vle y ap manke fè yo pwomès yon vizit. Gen lòt ki la tou pou fè moun anpil, jako pye vèt. Se moman pou tout moun ki gen ti komès konte sou bon lavant. Yon fwa chak ane, tout moun zòn nan, gen chans pran devan legliz sen *Joseph* la pou yo, pou fè sa yo vle ak li.

Moun ki nan pelerinay plen 2 kwen devan mach legliz la. Yo limen chandèl yo pou resite priyè ak orezon yo gen pou sen bon zòrèy la.

Apre 12 voyay nan pye sen *Joseph*; man Dodo ak mari l jwenn repons yo t ap tann nan. Yo konn istwa *Joseph* ak *Marie* nan Bib la; paske yo te nan katechis lè yo te jenn. Yo konnen jan sen *Joseph* te mennen *Marie* nan peyi Ejip ak ti Jezi. Sen *Joseph* se yon bon papa ki ka konprann doulè yo. Men, nan yon kwen nan kay la, yo gen yon ogatwa yo dedye bay Dagi Bologe nan kwayans danti ki reprezante sen *Joseph*. Nan ogatwa sa a, yo gen foto sen patwon an, yon baton, yon boutèy ki mare ak kòd tout koulè, yon tas emaye blanch ki gen yon chandèl ladan li. Fòk ou fouye zo fon nan kalalou pou jwenn ak kote ogatwa Dagi sa a kache. Se pa kote nenpòt moun ka antre si yo pa jwenn envitasyon. Se sèl chanm nan kay la tou ki gen kle. Se la, lespri k ap veye sou fanmi an chita nan pi gwo sekrè. Fanmi an pa pran desizyon san l pa gen dizon lwa yo ak mò yo. Moun yo gen anpil respè pou mò yo. Pou anpil moun tankou mouche Dodo ak madanm li, tout sa k gen lavi ladan l tankou pye bwa, sous dlo, zannimal ka gen lespri ki abite yo. Kwayans sa yo se eritay ki pase ba yo de jenerasyon an jenerasyon.

Mouche Dodo se dènye nan 12 pitit papa l te gen ak manman li. Se li-menm mistè yo te chwazi tou ki pou sèvi yo. Sa vle di, se li ki te gen pouvwa pou rele lwa yo nan bitasyon an. Mistè sa yo, se pa achte yo t achte yo, se eritay yo leve jwenn, se danti.

Lapriyè monte gras desann

Ta sable gen yon keksyon mistè yo pa te ka reponn; keksyon pitit la. Mistè yo pa te fin renmen man Dodo, se sa k fè l pa te ka fè pitit, dapre anpil moun. Men, nou konnen fè koupe fè. Sanble sen *Joseph* pi fò pase mistè yo, paske man Dodo vin ansent yon ti tan apre fèt chanpèt la. Nou jwenn anpil pratik legliz katolik ki melanje ak kwayans vodouyizan. Nou-menm Ayisyen, nanm anpil nan nou mare nan mitan 2 kalfou.

Man Dodo fè tout atansyon pandan gwosès la, pou pyès move je pa vale saliv yo twò pre li. Kòm si pou move je pa manje osnon klouwe pitit la nan vant li. Ki enterè move je a ap jwenn nan sa? Nou pa konnen. Men sila yo ki pratike mal, pa bezwen yon rezon pou fè frè ak sè yo soufri. Yo gen dwa pa menm konnen si yo se move je. Anpil fwa yo konn di, nan mache chache gen moun ki konn jwenn. Kwayans popilè ta vle fè kwè anpil malfèktè, se nan mache chache, yo gate yo. Gen lòt ki di, se kout lanj kondiktè ki konn fè yo sa. Chak kwen nan peyi a gen istwa pa yo. Antouka, man Dodo ansent, moun a wè l gwo vant; men, se pa li-menm ka di yo sa. Man Dodo toujou ap plenyen ak gaz. Sa te vin atire atansyon yon pratik li, alòs yon machann k ap mache pwonmennen komès kenkay. Li te menm rive mande l sa k ap pase anba wòb bèl lajè sa a. Man Dodo krache 3 fwa sou vant li, epi li louvri baryè a pou mete fanm nan deyò. Li menm montre l chimen. Se te dènye fwa tou baryè bwa panyòl sa a t ap louvri pou machann sa a. Li se machann; men, se pa pou man Dodo. Nou pa konn si l a achte nan men l apre 9 mwa.

Sou 9 mwa 10 lalin, pòch gaz man Dodo a eklate, men, se pa te gaz sèlman, te gen yon ti gason tou. Yo bay ti nonm nan yon ti non daki, pou ka fèmen tout dyòl ki gen keksyon. Dodo fouye yon twou dèyè do kay la pou l antere lonbrit ti moun nan ak mèt vant lan anba yon kokoye. Yo rele pitit la: Yawè. Se sèl pitit yo rive chape apre yon bann deranjman bridsoukou, san klaksòn. Moun yo resevwa pitit la avèk anpil kè kontan; men, yo pa te bezwen lanbi ni pòt vwa pou anonse nouvèl la pou yo. Te gen anpil seremoni ki te fèt tou, ki gen pou wè ak pwoteksyon pitit la ap bezwen sou wout li, kont je ak bouch malfèktè. Se te yon piga kont tout malen.

Yon kolye pikan pine te gentan pare ap tann ti bebe a. Yon riban twal wouj ak yon grenn nwa chèch mare nan senti li. Nan papòt kay la, sou lento a, yo te klouwe yon kwa bwa sèd. Ki moun k ap janm konnen ki sa ki te mare anba zòrye pitit sa a? Antouka, 8 jou apre akouchman, doktè fèy la te vin mete man Dodo deyò. Se premye fwa manman ak pitit la ap soti deyò pou yo wè solèy. Se te okazyon tou pou yo te fè anpil lòt seremoni beny ak manje. Pandan senmenn nan, youn nan sè Dodo yo pran responsablite pou vin okipe ti nouris la. Mouche Dodo te gentan pare plizyè rejim bannann ak poul pou madanm li manje lè l akouche pou yon senmenn. Se wè pou n ta wè mèvèy sa a lè y ap pote manje bay ti nouris la. Bèlsè a mete nenpòt ki 9 grenn bannan ak sòs poul nan yon bòl pote bay man Dodo. Chak maten, li bouyi fèy tout kalte nan yon gwo chodyè pou fè madanm nan vin louvri kò l sou li pandan yon tan. Fèy yo gen yon sant fò ki anbonmen tout kay la. Yo fè l bwè yon tizann tou pou geri anndan li. Tout pòt kay la te rete fèmen pou lè frèt pa al bat madanm nan ak ti bebe a. Menm ti jou pòt yo, yo te bouche yo ak ranyon.

Yawè pran premye plas nan fanmi sa a. Men, yo toujou kontinye fè atansyon pou moun pa pote twòp atansyon sou li pou yo pa ba l djòk. Yawè te menm jan ak yon ze ki kale; madan Dodo pa te janm fin kouve. Man Dodo pa janm sevre bebe a. Lè Yawè te gen 3 zan, li te kontinye ap tete manman li. Sa te fè l vin yon ti jan yenyen.

Ti nonm nan grandi pou vin yon gwo bonnonm nan men moun yo. Li gentan gen 7 tan. Tout ti moun nan laj li al chache dlo nan sous la ak kalbas osnon ak kanboum pou plen ja lakay yo; men, se madan Dodo k al nan dlo nan lakou lakay li. Dèfwa, li konn fè Yawè akonpanye l ak yon kanboum. Men, Yawè pa janm pran lari pou kont li. Pou man Dodo, Yawè se ravèt poul ap veye pou ka beke l kou l mete tèt li deyò.

Yawè, san l pa ta vle, tounen yon ti moun gate, yon pèlen ki tou pre pou l detann. Se tankou ze madanm nan t ap kouve a pouri anba li. Ti moun pran plezi avèk Yawè san rete. Wa rechiya rechiya pa w. Depi yon je gade l, 2 ran dlo ak 2 ran larim te gentan pran wout bouch li. Avèk pwent lang li, nou ka wè l k ap ba yo direksyon kanal bouch li. Ti gason an toujou ap chache tye wòb manman l pou kache figi li. Kanta pou kriye a, pou nenpòt ti krik ti krak, ti nonm nan mete dlo nan je li. Menm lekòl moun yo pa vle voye l lè l te gen laj pou sa. Yo pa t vle pou malè rive l sou wout osnon pou l pa detann sou pwofesè yo. L al pran ti leson patikilyè kay mouche *Claude* ki gen pou moutre l siyen non l ak make chif. Yawè pase plis pase 2 senmenn nan chak paj leson silabè l te pote a. Apre yon mwa l ap pran leson, li te gentan manje mwatye nan paj silabè a. Se yon chifon liv ki te rete nan men li. Dayè, se nan liv la li vlope mayi boukannen l, pou l pote lè l pa gentan fin manje l lakay li.

Lè ti nonm nan gen 12 zan, li te gentan kòmanse bay papa l kout men nan travay jaden. Li vin tounen yon gwo potorik gason nan lakou a. Li ede papa l bay bèt manje tou. Li te gentan bandonnen aktivite lekòl la lontan anvan sa a. Alòske ti moun nan laj li yo kontinye pral lekòl; li-menm, li rantre nan vann jounen. Se sèlman lè sa a tou, li kòmanse ka al pran yon kalbas dlo pou manman l, pou kont li nan sous la. Nan laj sa a, tout lòt ti moun yo te gentan kite zafè al nan dlo. Yo t ap fè jenn jan, veye ti fi sou wout yo pou al bay woulib ak kase ti bwa nan zòrèy yo. Yawè li-menm, se kounye a l ap fè sa yo te konn fè lè yo te gen 7, 8, 9,10 zan. Men longè janm jennonm nan, nan yon bout kanson ki chire bò pòch dwat li, ki kite mwatye nan kò Yawè nan lari. Bout kanson sa a pa sanble Yawè janm wete l sou li menm jan ak wòb ve manman l te pote pou li a. Jan l pase jounen an ap kouri nan savann nan, se konsa l al dòmi. Yawè pa ta ka mete dlo twò ta sou li tou pou l pa pran latyak.

Tankou pifò jenn gason nan zòn nan, Yawè ap veye ki lè pou l gen laj pou l ale Nan Panyòl. Lè l gen 15 zan, li fè jèfò ak manman l pou l t ale; men man Dodo pa te pran priyè. Ti jennonm nan poko gen laj pou bagay konsa. Man Dodo pa ta renmen vagabon Lawomann koupe tèt pitit gason l lan nan move diskisyon. Yawè pa janm sispann priye pou jou sa a rive pou l ale.

Yawè gen 17 tan, li prepare l pou l ale Nan Panyòl pou premye fwa. Se sa pifò jenn gason nan zòn nan leve jwenn. Se sa ki pral fè l grandi pou l vin yon gason tout bon tou. Nèg ki ale Lawomann ti moun, pa retounen ti moun. Se mwayen pou l ka fè yon ti kòb tou, pou bati de chanm kay sou ti moso tè ki pa twò lwen kay paran l yo, pou si l ap gen pou fè zafè yon jou. Li pa janm twò bonè pou kòmanse fè byen. Depi Yawè gen de poto ki kanpe yon kote, l ap ka mande paran l yo pou al rete nenpòt ki

jenn fi nan zòn nan pou li. Pou Yawè ale Nan Panyòl, man Dodo bezwen yon moun pou l konfye ti gason an. Konsa moun sa a a voye je sou li; sitou li poko pale lang nan. Pa te gen pi bon moun pou djòb sa a pase konpè ti Toto, ki an bon vwazinay, se parenn Yawè tou. Depi nan mwa sektanm, Yawè te gentan pare pou l ale. Anbakasyon ap gen pou fèt Leyogàn nan mwa novanm. Mesye nan zòn yo ranje eskwad yo, pou konn ki moun ki prale ki lè. Lè konsa, yo kite zòn nan alanjelis pou rale wout la apye pou rive Leyogàn bonè nan maten. Yawè pa te rive pase imigrasyon premye jou a. Li pran li 2 jou anvan li-menm ak parenn li pase. Men ki jan Yawè ak anpil kanmarad nan laj li yo siyen yon kontra ak lanmizè ak kè sote pou 5, 6 mwa k ap vini yo. Anpil fwa se yon kontra pou tout vi yo.

Yawè rive Lawomann

Yawè rive Lawomann ak ti kòb nan pòch li. Parenn li te tou chanje l depi sou fontyè a pou li. Se pou pare move tan premye jou yo papa l ak manman l te fè l pati ak ti kòb sa a. Anpil nan kanmarad Yawè yo, se ponya yo te pran pou yo pati, konsa lè yo tounen ya peye kòb sa a ak tout enterè.

Lasaf kòmanse nan batèy yo. Se nan batèy Koloni Yawè te ye, li antre nan koupe bya kann. Chalè a cho anba jaden kann yo. Li oblije wete chimiz sou li tèlman l fè cho. Men, fèy kann yo, tankou razwa, filange po do li. Chans pa Yawè, li te nan menm batèy ak parenn li. Parenn Toto montre l kwit diri ak pikantin pou yo manje, lè yo antre sot travay nan premye tan yo. Yawè te vanyan, plis li te an sante. Li travay ren pou ren ak parenn li nan chan kann yo depi kote solèy la leve jouk li kouche. Lè yo pran yon kanpo, yo boukannen patat ak grenn yanm pou yo manje ak dlo kann yo tòde fè gwalap nan yon vye bonm. Yawè te kontan; paske pou premye fwa nan lavi; li t ap travay pou yon salè. Se pa menm jan ak vann jounen lakay pou po pistach. Sou konsèy parenn li, Yawè pa chanje resi l yo pou ti gele pa touye l pou lajan. Konsa, lè l ap desann apre sezon an, l a chanje yo yon sèl kou pou pote kòb la Ayiti.

Parenn li te rakonte l istwa sa k te rive anpil Ayisyen ki te vin koupe kann sou prezidan ki te rele *Trujilio* nan lanne 1937. Papa mouche Toto te Lawomann lè sa a, se Bondye ki te sove li. Apre sa li pa janm tounen Sen Domeng ankò pou sa l te wè. Sa pa t anpeche razè ak lavi di te pouse frè nou yo kontinye al chache lavi sou tè panyòl. Malgre kantite Ayisyen, kriminèl Dominiken yo

te masakre, gouvènman peyi nou an pa t ka, ni pa t janm fè anyen pou mande jistis ak reparasyon pou viktim yo. Istwa sa yo pa fin fè nou twò byen kòm patriyòt Ayisyen. Si nan lanne apre endepandans peyi a, nou te reprezante youn nan pi gwo fòs militè nan Karayib la ak nan tout Amerik la; jodi a nou se Eta ki pi fèb nan kontinan Amerik la nan tout bagay. Pawòl la di kèlkeswa jan w benyen ak poudre yon kochon ; depi l wè yon ma labou, li pral woule ladan li. Ta sanble se sa zansèt nou yo te fè pou nou. Nou pa fè anyen pou n pwoteje sakrifis ki te fèt ak san ki te koule pou ban nou respè, libète ak diyite.

Jodi a ankò, peyi Dominikani ap fè efò pou amelyore ras yo. Yo ta vle kwè se blan yo ye. Gen yon preyòd, yo te voye chache Panyòl nan peyi Espay pou vin peple Dominikani, yon fason pou yo te ka blanchi popilasyon an. Istwa nou ak Dominiken yo pa fin twò enteresan pase sa. Prezidan *Boyer* te anvayi Dominikani, li te fèmen lekòl pou louvri kazèn, tout istwa sa yo fè yo pa twò alèz ak nou. Yo gen rezon. Se menm politik sa *Boyer* te itilize nan peyi Dayiti tou. Se konsekans politik *Boyer* a nou kontinye ap peye jounen jodi a. Relasyon nou ak Dominiken yo, dèt endepandans lan, tout se zèv gouvènman *Boyer* a ki antere pèp la nan mizè l ye a. Tan yo chanje, gouvènman Dominiken an gen dwa paka masakre Ayisyen jan yo te fè l nan lanne 1937 pou ka netwaye peyi a. Yo fèk vote yon lwa pou anile nasyonalite anpil moun nwa ki fèt apre 1929. Majorite nan moun sa yo se Ayisyen. Lwa sa a lage yon kantite moun nwa ki gen ant 1 jou a 84 tran san patri. Sèl peyi yo konnen kòm patri yo a voye yo jete. Lwa sa a atake depi se moun nwa k ap viv sou tè a. Lwa sa a pwouve si otorite Dominiken yo te gen plis posiblite, yo t ap fè nou menm sa *Hitler* te fè jwif yo. Se moman pou kominote entènasyonal la ak gouvènman nou yo rete vijilan.

Yawè kouche zòrèy li pou l tande parenn Toto k ap rakonte l istwa papa l te rakonte li. Li pa poze keksyon. Li pa konprann istwa sa yo tou. Li seye bliye sa l tande yo pi vit li te kapab.

Apre premye vwayay li nan Panyòl, lasaf pa te twò mal, li tounen ak 3000 goud. Li mete l anndan pye patchang li nan yon grenn chosèt. Nan yon sak, li pote rad sal li, yon kouvreli ak plizyè pikantin pou manman l ak bon zanmi manman l yo. Anba sak la, te gen yon wou ak yon derapin li pote pou papa li. Sou tout longè sak la, li te mare yon gwo melyasin ki te tou nan djenn li. Yawè debake ak yon sant kawotchou pouri sou li, tèlman l gen lontan li pa benyen. Li rive kay paran l yo, li ka te 11 zè nan aswè lè l frape pòt. Paran l yo leve pou resevwa l bra ak kè yo louvri. Yo kouri anonse moun nan tout vwazinay la, alòs moun pi lwen kay ka man Toto yo. Mouche Toto vin ansanm ak li. Se pa de kè kontan ki te simaye nan zòn nan tèlman moun yo te anvi wè Yawè ak parenn li. Mouche Dodo limen yon flanbo, li kenbe l nan men l pou akonpanye Yawè al nan simityè kote youn nan gran paran yo antere. Yawè kanpe devan tonm grann nan ak yon gode emaye nan men l, ap resite kèk pawòl nan kè li. Apre sa yo tounen antre nan kay la pou l ka rakonte paran l yo eksperyans li.

Nan maten, man Dodo fè yon kafe dlo kann byen sikre. Nan yon gwo pòt emaye blanch, premye gout kafe ki soti nan grèp la, man Dodo jete l sou twa wòch dife yo. Li sèvi mistè bitasyon an, li sèvi sa l wè ak sa l pa wè yo, epi yo bwè kafe ak 2 men. Yawè, kou solèy la leve t al salye marenn li ak parenn li. Apre sa, l al vizite kèk lòt moun pou di yo li tounen an byen.

Sou konsèy papa l, yo achte yon jenn gazèl konpè Lolo t ap vann. Ak rès kòb la, li pale yon kòve 8 gason, yo desann lavil. Li achte yon kantite fèy tòl pou l sere sou

galata kay la. Jenn gazèl la te nan bon swenyay, wa di lwil ap koule sou li, tèlman li bèl. Pa mezi prekosyon, mouche Dodo mennen bèf la kay frè Djo pou ba l yon beny. Konsa, malfèktè pa al grate do l pou anpeche l fè pitit. Manman ak papa Yawè satisfè pou vwayaj la, pitit gason yo a leve tèt yo. Sa k ta di sa ? Yawè gentan ka itil tèt li ak paran l yo.

Depi oktòb rive lanne k ap vini an, Yawè ap premye jenn gason k ap kite zòn nan pou al chache lavi Lawomann. Fwa sa a, l ap aprann jwe bòlèt ak bat kòk kalite. Lè l ap desann, li achte yon kòk pentle ki pou al kouvri depi se manman poul nan lakou a. Li gentan kòmanse pale lang nan tou, li pa yon kongo ankò. Lè l tounen, li fin achte tòl l ap bezwen pou kay la ak yon lòt ti gazèl, li bay konpè Popo gade. Li tou achte 2 bèl pye kajou mouche Lolo te genyen nan Gotich. San anpil tan pa pase, siyèdlon yo te gentan nan travay ap siye planch ak poto mete chèch pou Yawè.

Mouche Dodo pran yon kout rach nan pye yon aprèmidi pandan li t ap koupe de moso bwa pou madanm nan. Mouche a genlè te anba ti gwòg li. Man Lolo te gen yon komès grenn. Se lakay li Yawè al achte grenn tetrasiklin pou kraze mete sou blese a pou l ka cheche. Apre yon tan, mouche a vin gen yon enfeksyon nan pye a, blese a tounen yon maleng. Yon lafyèv pran abitid atake l chak alanjelis, lè pou poul monte bwa. Li fè lontan ap bese leve ak fyèv la. Sa lakòz Yawè pa al Lawomann ane sa a. Se yon ane ki enpòtan anpil pou ti jennonm nan ; men, li blije rete pou bay papa l kout men nan move moman sa a. Papa l te toujou la pou li, li pa ka pati kite l nan eta l ye a.

Li gen anpil pwojè k ap tann li Lawomann. Li tande ak li wè pwostitisyon pandan 2 premye vwayay li yo; men, li pa te ankò pre pou bagay konsa. Yawè timid

anpil. Se fwa sa a, li t apral fè eksperyans sèks nan vi l ak yon jenès panyòl. Jenès sa yo, majorite ladan yo se fanm Ayisyèn osnon pitit fanm Ayisyèn fè Lawomann. Yo lage san nasyonalite, san edikasyon, san travay, san respè. Gen fanm Dominikèn tou nan konpetisyon an. Fanm po jòn yo gen plis valè nan konpetisyon sa a. Yawè pa ka tann pou lè a rive pou anbakasyon te kòmanse.

Lè l debake pandan premye tan yo sou twazyèm vwayay la, li travay sou konn yon bèt pou kòmanse fè ekonomi l ap bezwen pou reyalize tout rèv li yo. Li jennen tankou yon krab, lè jou a rive pou li al fè eksperyans li t ap reve a. Ti nonm nan goute ponm nan, li tou bwote pou l al abite anba pye a. Tout ti kòb li pase nan pwostitisyon, bòlèt ak batay kòk kalite. Mwa me rive, lasaf fini ; Yawè pa gen 5 kòb pou l retounen Ayiti. Li fè ekri yon lèt pou l voye bay paran l yo pou di yo li te malad, lasaf pa te bon, l ap rete fè vyewo ane a. Se ak kè gonfle man Dodo resevwa nouvèl la; men, sa yo ka fè?

Mouche Dodo konn sa sa vle di ak ki rezon ki ka fè l rete fè vyewo. Li-menm tou, sa te rive l lè l te jenn gason. Anpil fanm pèdi mari yo nan kondisyon sa a. Peyizan nou yo ki pa abitye ak fi koulè jòn, k ap pale kasteyann, pran tout medam panyòl yo pou blan. Anpil ladan yo ap bay grenn je yo pou yon relasyon ak yon fanm blanch. Men nan ki kondisyon Yawè ak anpil lòt pèdi tèt yo. Lakay fanm po jòn, bèl grimèl se nan vitrin yo mete yo.

Man Dodo fè depi se pelerinaj ki genyen pou Yawè ka tounen vin jwenn li an sante. Li swete se pa yon espedisyon yo lage dèyè sèl pitit gason l lan. Tout priyè gen amèn, Yawè tounen lakay li lanne apre a. Plezi ak jwèt aza manje tout ti kòb li. Manman l mete 2 jenou l atè pou l fè 10 sinakwa ak bo pye Yawè pou l mande l pou l pa janm reve tounen sou tè panyòl ankò. Mouche ti

Toto te bay madanm nan yon lide sou aktivite jennonm nan t ap regle tou.

Yawè gen anpil respè pou paran l yo, li p ap dezobeyi yo. Menm kote a li kòmanse ap fè rèv kantite plezi li kite Lawomann. Men se pito moman pou l al travay nan jaden ak papa l pou kontinye lavi l, jan sa te kòmanse.

Yawè tonbe damou

Yawè jenn gason, li gentan gen 21 lanne sou tèt li. Se laj pou moun ki responsab kòmanse panse tabli fanmi pa yo. Nou dwe sonje, Yawè te gentan achte tòl ak bwa deja. Kounye a moman rive pou l ka mete men nan travay kay la. "Yon nèg andeyò ki gen kay pa l, bèf k ap fè pitit, kochon mare anba kafe, kabrit nan gadinay, ki rekòlte jaden l, manke yon sèl bagay pou l viv rèv li: yon fanm" *(Ainsi parla l'Oncle, Dr Jean Price Mars)*. Se sitiyasyon Yawè, moman rive pou l kanpe 4 poto yon kote.

Anpil nan jenn medam nan zòn nan te sou lis Yawè. Men, timidite fè l pa janm ka pale ak youn nan yo pou di sa ki nan kè li. Dayè, sa Yawè konn nan lanmou? Yawè se yon bon travayè, tout moun konn sa. Li respekte moun, pa gen vòlè nan ras li; ki vle di pa gen dezonè. Li ka antre nan nenpòt kay, y ap ofri l chèz pou l chita pale alèz. Sa yo se premye kondisyon ki ka jwe nan favè l nan kèlkilanswa kay li ta al frape pou mande pou yo rete yon jenn fi pou li.

Youn nan jenn fi nan zòn nan ki enterese Yawè se ti Malou. Se pa jodi a lanmè kè Yawè ap voye lanm li al frape nan je pye ti Malou. Men, timidite pa janm bay lanm sa yo fòs pou rive touche ak pye Malou. Yawè, se nan dòmi sèlman li rive fè jako pye vèt dèyè Malou. Men, li pa pèdi lespwa yon jou, yon lanm lanmou a pote tout bon santiman l yo al depoze nan jaden flè ti Malou a. Yawè wè l tankou yon lakansyèl k ap bwè dlo nan bonèt ti Malou. Li swete l ta yon grenn sab lanmè ki kole sou do pye Malou.

Ti Malou se pitit yon malèrèz nan zòn nan. Depi l tou piti, li nan restavèk kay man *Jean*, li se fiyòl youn nan ti moun man *Jean* yo. Se yon bèl nègès dan blanch, jansiv vyolèt. Tete l kanpe drèt tankou jenn chadèk ki kache anba fèy solèy pa janm frape. De chapit dèyè l ap fè zip... zigip lè l ap mache; menm tè anba pye Malou tranble sou menm rit dèyè l ap sekwe a. Si yon gason pa ta leve tèt gade ti Malou k ap pase, konnen l gen yon pwoblèm.

Yawè santi lapli ka pral tonbe nan jou yo, lalin nan bon tou. Li rache kèk pye bannann pou l al plante sou moso tè kote l gen lide bati a. Pandan l ap plante pye bannann yo, l ap panse a ki moun k ap mètrès lakou a. L ap panse a ki boukè flè l ap mete nan jaden l ap prepare a. Yawè gentan ap reve ti Malou ak je l klè. Se nan moman sa a menm, ti Malou vin ap pase. Kè Yawè voltije tèlman l sezi. Li pa imajine kouman pou egzakteman nan moman l ap panse a ti Malou a, pou l ap parèt. Yawè mete gason sou li, pou l di ti Malou 2 mo. Men, ki sa l dwe di osnon ki sa l ka di?

- Malou, menm yon ti bonjou ou ta di m
- M pa te ko rive kote pou m te di bonjou a, ou twò prese. Bonjou wi msye!
- Kote w pral la Malou? Ou ta mennen m avè w.
- Adye konpè, li twò lwen pou ou, m konn wout la, mèsi.
- Ou pa t ap bezwen fè m gwo malonèt sa a. Lwen an pa t ap deranje anyen, depi se pou ou Malou.
- Se kichòy wi, Yawè.
- En ben ok! Na wè lè w tounen, pa bliye pot yon ti draje pou mwen.
- Pa fatige w. Chita tann mwen. Pa tounen pwa tann sèlman.

Yawè swiv demach ti Malou jouk li disparèt dèyè gwo touf vetivè yo. San Yawè pa janm te rive pre ti

Malou, li pran odè kò li k prale sou konn yon flè jasmen k ap anbonmen yon nwit k ap parèt. Se premye fwa nan vi Yawè li santi lanmou, yon lanmou vivan ki anvayi tout li-menm. Lòlòy li pati, li tankou yon chen chatye ki pran sant vèmin. Li pa konn kote pou l met kò li. Yawè ap ri nan moustach. Li repete tout sa li sot di Malou yo nan kè l pou wè si l pa te fè èrè nan pawoli l yo. Li repete yo byen fò pou l ka tande ak zòrèy pa l, ki jan yo te sonnen nan zòrèy Malou. Yawè, fè yon chita yon moman pou l ka rale yon souf, li ri. Li pral fè rèv ki jan pou l di Malou sa l santi nan kè l pou li. Men, Yawè p ap janm gen kouraj sa a. Li pè tou pou jenn fi a pa souflete l, si l ta di l sa l santi pou li. Pawòl li konn abitye tande yo tankou: "Cheri m renmen w *de tout mon coeur"*, depi m pa wè w, m pa manje, m pa bwè, m pa dòmi", ap vire tounen nan sèvèl li. Li panse pou koze ak fi se repete mo sa yo jan l konn tande yo a. Mo tankou *"cheri"* sonnen tankou franse nan zòrèy Yawè. Li mande anpil repetisyon anvan pou nèg vin maton nan langaj lanmou. Se pa 2 presyon lanmou sa a mete sou kè li. Nan moman verite a, pa gen garanti l ap ka repete yo jan l te aprann yo a. Yawè nan yon soufrans santimantal ki grav. Li deja gentan wè ti Malou nan rèv li plizyè fwa. Ti Malou anvayi tout nanm jennonm nan. Yawè toujou ap ri pou kont li, chak li sonje ti Malou. L ap reve pou ti Malou ta vin mennaj li...madanm li, li bliye yo poko pale pawòl renmen. Nan tèt Yawè, li deklare ti Malou se mennaj li. Li kòmanse ap devlope yon jalouzi san fon nan kè l pou nègès la. Menm apeti Yawè vin pa genyen tèlman l pèdi nan ti Malou. Yawè antre nan pale pou kont li...

Konvèsasyon an pa janm ale pi lwen pase sa n sonje Yawè te di Malou a. Pa gen chans tou pou yo kontre sou chimen pou yo ta pale youn ak lòt. Malou pa gentan pou bagay konsa tou. Man *Jean* pa ba l okazyon pou l ta al

nan chita pale ak jenn gason sou gran chimen. Malou fèk gen 19 lanne, li se machann kenkay, plis li gen sèvis matant li pou l okipe lè l sot nan mache. Pa gentan pou kalbenday.

Nou konn di nou gen je sou yon moun; men, Yawè se kè li gen sou Malou. Li pale papa ak manman l, pou di yo li gen je sou ti demwazèl la. Yo ankouraje l, paske Malou se yon bon ti moun, li respekte moun, plis l ap degaje li? Man Dodo te fè yon gwo pa, li te mande Yawè pou l te kòmanse al lamès lè dimanch maten pou te ka fè wè l epi kòmanse prepare l pou si ap gen yon gran jou.

San pèdi tan, man Dodo al kote youn nan gran dam zòn nan, manzè Mona. Tout moun respekte manzè paske li se madanm sakristen ki abite nan zòn nan. Se moun ki responsab sèvis nan legliz la. Li enfòme l entansyon Yawè pou ti Malou, li mande l konsèy ak ki jan l ka ede l ranje zafè a.

Yon dimanch aprèmidi, Yawè pran ralfò l, li mete l sou do l ak 2-3 bèl zaboka ak gwo zoranj dous, li pran chimen kay manzè Mona. Chen nan lakou a anonse prezans Yawè. Manzè Mona parèt tèt li pou mande Yawè ki move van ki mennen l vin wè li. Kòm li te nan kizin nan ap fè manje, se la l resevwa Yawè sou miray la. Yawè tou fann 2 moso bwa pou l met anba dife a pandan y ap pale.

Li eksplike manzè Mona entansyon l pou ti Malou ak timidite. Manzè Mona ki abitye ak sitiyasyon sa yo rache mo ak entansyon yo nan bouch Yawè. Se manzè Mona k ap gen pou konekte Yawè ak ti Malou. Premye pa a, se pale ak 2 jenn moun yo pou kont yo san l pa pataje enfòmasyon yo. Se li k ap ranje prezantasyon, demand ak fiyansay anvan koze a rive bò mon pè. Si tout bagay pase byen y a pale de preparasyon maryaj, si yo rive la.

Mona kontre ak Malou yon aprèmidi nan sous dlo a. Se la yo fè yon chita pale, li enfòme Malou sa l tande. Apre l fin pale ak ti Malou, li di l Yawè gen santiman pou li. Ti Malou fè l konnen bagay konsa se ak papa l, manman l ak matant li pou l pale sa. Manzè Mona envite paran Yawè yo pou vin kote l, konsa y a ekri yon lèt *ofisyèl pou voye bay paran ti Malou yo. Li koute yo 6* gouden pou lèt sa a ekri, paske fòk yo te voye achte papye espesyal ak anvlòp nan vil la. Tout moun yo pale kreyòl; men, pou lèt la gen fòs, se an franse manzè Mona blije ekri li. L ap itilize anpil fraz ak mo ki pa gen anyen pou wè ak sijè a, yon fason pou ka repete sa ki toujou di nan fòm lèt sa yo. Paran ki konnen yo, anpil fwa, se pawòl sa yo y ap chache nan fòm lèt sa yo, menm lè yo pa twò konprann sa franse sa yo vle di. Se pa nenpòt ki moun k ap pote lèt sa a al delivre bay fanmi ti Malou yo tou. Se gran papa Yawè k ap pran responsablite sa a pou temwanye respè ak angajman fanmi l nan koze a. Grann ak gran papa se pèsonaj ki gen plis respè nan yon fanmi. Lè youn ladan yo parèt devan yon lòt fanmi, se pi gwo siy respè yo ka espere.

Fanmi ti Malou yo resevwa lèt sa a ak anpil respè. San yo pa pèdi tan pou yo te pote l bay man *Jean*. Lèt sa a, se pa premye ni yo pa konn si se dènye konsa y ap resevwa. Ti Malou gen anpil jenn gason ki gen je sou li nan zòn nan; men, yo pa te ankò pre menm jan ak Yawè.

Paran ti Malou yo al kontre ak manzè Mona yo-menm tou pou enfòme l deklarasyon fanmi Yawè yo fè pou rete pitit fi yo a. Se manzè Mona k ap gen pou ekri repons lèt li te ekri a. Piske pi fò moun yo pa konn li ak ekri, moun tankou manzè Mona tounen sekretè yo.

Atachman ak legliz la bal plis konfyans toujou devan yo. Ni youn, ni lòt p ap konnen se menm ekriti a. Pou yon rezon osnon yon lòt; se toujou dimanch yo remèt lèt

sa yo. Chans pou Yawè, repons la favorab. Fanmi ti Malou yo mande pou yo kontre ak fanmi Yawè je pou je. Yo anonse yon rankont nan dènye dimanch mwa k ap vini an nan lakou ka man *Jean* paske se la ti Malou ap viv. Konsa fanmi yo a gentan fè preparasyon ak envite kèk fanmi lwen pou ka vin patisipe nan prezantasyon an ak notab zòn nan. Youn nan bagay enpòtan seremoni sa a, se ap absans youn nan moun ki konsènen yo: Yawè. Jenn gason an pa dwe patisipe nan prezantasyon an. Se paran l yo ka pote nouvèl ba li, sou ki jan sa te pase. Apre prezantasyon an, Yawè espere l ap resi ka di ti Malou entansyon l pou li. Yawè pou ka chame moun yo ofri paran ti Malou yo ak msye *Jean* kèk jounen asosye. Se yon fason pou di yo mèsi dèske yo ap aksepte l koze ak pitit fi yo a.

Yawè, sou konsèy paran l yo ap evite pase nan zòn nan pou l pa kontre ak fanmi ti Malou yo osnon ak ti Malou. Men yo kontre chak dimanch devan legliz sen *Joseph* la. Se la pou Yawè kòmanse montre demwazèl la jenerozite l ak galantri li. L achte gwo plat marinad ak pen ak lay sòs tomat, pistach ak bonbon mari pou Malou ak zanmi l yo. Ti Malou ap pote pistach la ak bonbon an lakay li. Chak jenn moun yo ap pran wout lakay yo ak gwoup zanmi pa yo kòm si pa gen anyen antre yo.

Chak premye osnon dènye dimanch nan mwa, Yawè akonpanye ti Malou lakay li apre lamès. Yo sèvi l chokola ak pen epi li pase lontan ap pale ak msye *Jean* ki reprezante papa jenn fi a. Y ap pale jouk lè pou l al bay bèt li manje rive. Se nan rankont sa yo pou paran ti Malou yo dekouvri ki moun Yawè ye. Y ap tou konnen karaktè msye anvan l marye ak pitit yo a.

Paran Yawè yo ansanm ak li te gentan mete men nan travay kay la byen vit. Yo tou mete mèb nan kouti. Yo envite l mete plis lajan sou kote pou l achte bag fiyansay

ak maryaj. Kou òfèv la fin fè bag la, yo ka mande fiyansay nan 3 mwa ak plan pou yo marye tou swit paske de moun yo pare. Paran yo pa ta renmen gazolin al kontre ak flanm difè anvan lè pou malè pa rive.

Twa fanmi yo kole tèt ansanm pou prepare fiyansay la. Se sitou fanmi fi a ki fè pi gwo depans yo alòske nan maryaj la se ap tou pa fanmi gason an. Man *Jean* fè tout sa l te kapab pou onore tout sèvis ti Malou rann li.

Tou 2 fanmi yo, nan pi gwo sekrè, al nan ogatwa yo pou konsilte lespri danti fanmi yo pou bay dizon yo. Se konsa yo resevwa lòd nan men lwa yo pou fè sa yo dwe fè pou pwoteje inyon sa a ak tout sa l ka pote. Pou yon pèp tankou nou ki pa te gen dwa ale legliz pandan lontan, li difisil pou n detache konsyans nou ak tradisyon yo.

Kòd Nwa, se yon liv règleman sou tretman esklav yo an Amerik, wa Louis 14 te fè pibliye an 1685. Dapre Kòd sa a, Katolik se sèl relijyon li te rekonèt sou tout tèritwa wayòm li an. Apre endepandans peyi a, menm jan ak lòt gouvènman politik yo, Vatikan te bandonnen nou, yo te refize rekonèt endepandans yon pèp nwa. Men ki jan yo te jete nanm anpil Ayisyen nan mitan 2 kalfou. Vodou ak katolik, 2 relijyon ki sanble youn ak lòt nan anpil pwen te domine kwayans nou. Oganizasyon relijyon katolik la mete l sou yon platfòm ki ta parèt siperyè. Sa pa anpeche vodouyizan yo prete anpil bagay nan men katolik yo, nan fòm yo adore. Sa esplike poukisa anpil Ayisyen di, yo se katolik, alòske an reyalite, yo se vodouyizan. An piblik, yo se katolik; an sekrè, yo se vodouyizan. Diskisyon sou relijyon an Ayiti sitou sou Katolik ak Vodou sanble tèt koupe ak diskisyon k ap fèt sou lang franse a ak lang kreyòl la. Apre tout pwoblèm rasin sa yo fin rezoud, mesye dam yo ap resi ka pase tan ansanm. Lè Yawè vin vizite fiyanse l lè dimanch aprèmidi, yo kòmanse pale de

preparasyon pou maryaj. Ki moun k ap parenn, ki moun k ap marenn? Manzè Mona ap jwe yon wòl enpòtan nan preparasyon sa a. Ni Yawè ni ti Malou pa t ankò fè premye kominyon. Neglijans ak inyorans bò kote Yawè, alòske ti Malou se restavèk li ye, msye ak man *Jean* pa panse l te merite sa. Se manzè Mona ki pou prepare yo nan yon seri reyinyon pou premye kominyon ak pou aprann yo responsablite youn ap genyen youn anvè lòt ak anvè lasosyete.

Jou maryaj la ap vanse, paran yo te gentan mache envite moun zòn nan, paran ak voye envitasyon bay tout zanmi lwen yo.

Kay la te gentan fin konstui, l ap sèlman bezwen pou l ta blanchi anvan maryaj la. Yawè gen yon ti rès lacho l te rezève pou sa nan founo a. Mèb te nan kouti tou. Yon bèl ranje choublak ak parese dekore antre kay la. Nan yon kwen jaden an, gen yon ranje pye bannann miske, bannann vensan, bannann swa ak ti malis ki leve figi travayè zòn nan. Nan lakou kay Yawè, se bèl koze, bannann ti malis ak bannann swa mi sou pye, gèp, myèl ak sousaflè ap pran plezi yo. Pye kokoye, pye chadèk, siwèl, zaboka ak mango sèke lakou a. Yon lantiraj banbou, parese ak kas fèmen lakou a. Gen yon pye zanmann ki ofri frechè l sou yon lòt kwen.

Yawè mande zanmi l yo yon kòve pou l al pran mèb yo kay ebenis. Yo bwote 2 kabann (yon gwo ak yon piti), yon pàntyè, yon gadmanje, yon tab 4 plas ak 4 grenn chèz.

Nan denmen, zanmi ti Malou yo al ranje kay la ansanm ak manman Yawè. Yo pote bale ak tout ti detay yo konnen yon fanm ka bezwen. Yo lave kay la, yo fè gwo netwayaj, ranje pàntyè elatriye. Lè yo fini, yo tounen pou al rapòte bay ti Malou ki travay yo fè pou li. Kè tout moun kontan, zanmi ti Malou yo kontan pou li. Samdi

anvan maryaj la, ti Malou te fè manje pote kay Yawè, li tou ede man Dodo fè travay nan kay pa li.

Yawè ak papa l al mande prete yon jenn poulich chwal pou mennem ti Malou al legliz la. Se yon poulich ki byen donte, ki p ap ponpe ni pyafe. Li-menm, l ap monte poulen chwal parenn li an. Nou gentan rive lwen nan pawòl ak preparasyon maryaj; men, Yawè poko di ti Malou mo majik nou sonje l t ap repete yo. Mo "m renmen w" lan poko janm soti nan bouch ni youn ni lòt alòske yo pale de tout lòt koze. Kòm Yawè pa janm te gen chans mande prèv, ti Malou pa ka ofri l li tou. Menm lè youn ka renmen lòt, ta sanble maryaj la plis chita sou kisa youn ka ofri lòt.

Anpil nan pèsonaj k ap nan maryaj la ap monte chwal yo. Youn nan chwal ki pi konn danse nan zòn nan se pou mouche Popo, se li-menm k ap lavangad nan kòtèj la. L ap pote yon twonpèt ak yon boutèy kola sou tout wout la pou anonse moun ki sou chimen l yo; lè kòtèj moun marye yo ap rive. Nan baryè kay la, avèk branch kokoye, yo prepare yon bèl antre ki dekore ak bèl flè choublak ak bougenvilye. Atè a, youn nan zanmi ti Malou yo ki konn li, ekri ak sab blanch *"Byenvini"*. Tout moun te mete fon malèt yo deyò jou samdi sa a pou al paweze devan sen *Joseph*.

Apre yon bèl resepsyon ki fèt nan lakou kay Yawè te bati a, tout moun ale lakay yo pou bay moun yo tan pou ranje koze yo. Sèl moun k ap rete ak yo pou yon ti tan pi long, se manman Yawè. Apre l fin met tout bagay nan plas yo, l ale lakay li ak kè kontan. Li gen pou l tounen vin pran prèv nan denmen maten byen bonè. Mesye dam yo ap gen pou yo dòmi sou yon dra blan pou premye nuit y ap pase ansanm nan. Dra blanch sa a, se manman gason an ki bay li. Sa fè pati tradisyon nou pou konnen si jenn fi a te nan dezòd anvan l te marye. Se yon koze ki

konn kreye anpil pale anpil. Chante kanaval ak rara konn chita sou koze sa yo lè yo pran lari.

Men ki jan Yawè ak ti Malou pral demare fwaye pa yo anba je paran yo ak lasosyete.

Yawè se yon peyizan Ayisyen, an n al gade ki sa la sosyete ap pare pou li ak pou fanmi li.

Lavi Yawè ak lavi paran l yo p ap gen diferans. Li menm ka pi di pou Yawè. Eske sa ka kontinye konsa? Ki kote l ap menmen nou? Nan kondisyon msye ak madan Dodo ap viv la, ki kote chanjman ap pase pou l rive sou yo? Menm pitit gason yo Yawè p ap gen chans viv lavi yo te konnen. Se pou sa nou oblije travay pou n chanje sa. Si Yawè te ale lekòl pou aprann kichòy, fanmi an te ka gen plis chans. Men malchans pou li se Lawomann li t al echwe nan koupe kann. Yawè pa te ka goute sèl edikasyon akòz inyorans paran l yo. Ti Malou bò kote pa l te nan restavèk, li pa t merite sa. Ki chans moun sa yo ap genyen pou lavi yo chanje?

Yon ti tan ka man Paul

Yawè ak ti Malou fè zafè. Kèk lanne gentan pase sou maryaj yo a, yo gen plizyè ti moun. Lavi a brital ak yo, bèt Yawè te gen nan gadinay gentan pase nan akouchman ak maladi ti moun yo. Pa gen rezèv pyès kote, lanmizè kòmanse ap file lang li sou yo. Rive yon pwen, Yawè blije tounen nan Panyòl al koupe kann pou sipòte fanmi li. Genyen nan ti moun yo ki nan laj lekòl; men, pa gen mwayen pou sa. Ti Malou li-menm vin chèch tankou yon tako tèlman mizè ak sousi lavi a frape l fò. Ti lajan komès la te gentan disparèt nan men li. Bri ap kouri dènye ti pitit la genlè pa pitit Yawè. Se pandan l te Lawomann ti Malou sanble l te ranmanse l anba yon grandon pou te ka jwenn dekwa pou chape grangou ti moun yo. Se pa nouvèl sa ye, paske li rive souvan nan kominote nou yo kote mouche gason blije pati al chache lavi Lawomann. Li ka pran lari sou fòm tripotay, yon jou san n pa atann nou tande istwa a nan vèy. Pi souvan se ti moun yo ki konn peye po kase a. Jenn gason dyòl alèlè p ap manke fè yo konnen pitit kilès yo ye. Sa pa di yo anyen si yo blese kè ti moun sa yo. Inosans ak inyorans pèmèt nou aksepte anpil bagay ki pa fè sans nan kèlkeswa sosyete a. Fanm yo viktim tou nan jan yo trete yo ak nan non yo ba yo, men…

Kòm n ap pale de fanm andeyò, pou nou ka gen yon pi bèl imaj sou sitiyasyon an, nou deside al fè yon ti vizit nan zòn bò kote Yawè ak Malou abite a. N ap vizite 2 fanmi, sa ap tou ban nou okazyon pou nou konprann lavi peyizan pi byen. Sa ka ede nou konprann tout pawòl nou sot pale yo pi byen tou. N ap gen chans ka wè ki sa pwòpte ak bon lizaj fè sou moun bò kote nou.

Pou anpil moun lavil, fanm nan mòn pa travay di. Paske yo pa leve maten pou ale nan biwo a 8 tè, menm jan ak anpil nan yo. N ap pale de sila ki gen pou al travay nan biwo, pale franse ak zong woze, bouch woze. Anpil fwa, yo gade lòt fanm yo tankou yo pa anyen, paske se moun tèt mare yo ye. Anpil fanm andeyò kite kabann yo byen bonè ak chandèl gaz nan men yo pou vin vann komès yo lavil. Genyen ki mache nenpòt ki 4, 5 èd tan anvan solèy leve. Yo pa pè rankontre move zè sou chimen yo nan chache lavi miyò pou fanmi yo. Se konsa yo fè ledikasyon pitit yo ak soutni mari yo k ap travay tè pou bay manje nan kay la. Konbyen gwo chabrak nan sosyete nou an ki se pitit fanm sa yo? Pou moun lavil yo, nou konnen chak maten, chaje nan medam sa yo ki mache soti byen lwen pou vin vann bèl kawòt, bèl chou, yanm ak patat. Nou chita bò tab nou ak kè kontan pou manje ak kè poze. Nou pa panse a mizè moun sa yo pase ak gwo bak ak panyen sou tèt yo anvan pou manje sa a rive sou tab nou. Se pa fanm sa yo sèlman ki gen tit fanm vanyan, chaje lòt k ap goumen ak gwo bann mare anba vant yo.

N a sezi wè anpil fanm ki sot andeyò ki vin kichòy lavil, se yo-menm ki twaze moun andeyò ak plis repiyans. Lè yo gen bòn, se yo k ap fè l pase plis mizè. Paske se nan imilye medam sa yo, pou yo montre yo diferan de yo osnon yo siperyè yo. Men ki sa, osnon ki lès yo ye? Nou ka wè se yo ki pa ka peye moun nan lè mwa l bout. Yo abize ak imilye moun sa yo pi rèd pase esklav. Sonje moun ki vin travay la se yon lavi miyò l vin chache ak lonnè ak diyite. Li te ka chita ak yon kwi nan men l ap mande, li te ka ap vann kò l nan lari a tou. Men, akòz diyite l, li chwazi pou l travay pou okipe tèt li ak fanmi li. Pa gen anyen ki degradan nan sa. Se sèl atitid moun ki ba yo travay la ki ka degradan, nan jan li trete yo.

Fanm andeyò travay di anpil. Yo jere yon pakèt sitiyasyon difisil san plenyen, san grate tèt. Koutim nou vle se fanm ki pou kwit manje nan kay la pou mouche gason al tann manje li sou tab. Ki fè, depi kòmè a leve nan kabann, li tou leve ak 2 manmit nan men l, youn pou l bouyi te anmè, lòt la pou l koule kafe. Anvan sik te vin popilè andeyò se ak dlo kann medam yo te konn koule kafe zòn kote k gen kann yo. Lòt zòn yo te konn itilize siwo pou sikre kafe yo. Gen defwa pa menm gen ti bwa pou sanble dife a. Men, medam yo toujou fè yon jan pou sèvi mari yo yon bon tas te ak kafe cho anvan y al bat lawouze nan vizite bèt ak jaden yo. Te fèy sa a nan maten gen anpil bagay ladan l ki bon pou sante moun nan kay la. Kòm pa gen gwo mwayen pou y al kay doktè lè yo malad; te sa a gen tout enpòtans li. Se mèt kò ki veye kò. Dapre sa anpil gran moun ki gen konesans di, gen te gran moun ban nou lematen ki bon pou pwazon.

Nou chwazi pou n al pase yon bout jounen ak madan *Paul*. Poukisa se madan *Paul* nou chwazi? Depi 15 jou, mouche *Paul* ap pale moun pou vin ba l yon kòve fouye tè sou lòtbò ravin nan, bò kot kay man *Jean* an. Chans pa nou, nou pral ka obsève ki sa yon fanm tankou man *Paul* gen pou l fè nan yon jou konsa. *Paul* gentan bwè te ak kafe, li soti l al wè bèt li, byen bonè. Solèy la te gentan anvayi syèl la lè l tounen. Li te gentan bò 6 zè edmi, 7 tè yo. Poul ak kòk baskou a ap penpennen vètè bò lakou a, nan espwa msye *Paul* pa twò lwen pou vin ba yo manje. Jenn kòk yo ap grate tè pou envite jenn poulèt yo vin manje. Yo fè l avèk anpil galantri nan jan yo chante envitasyon an. Bèl kòkòt yo aksepte envitasyon sa yo san kapris. Lè msye *Paul* parèt, se pa de kè kontan li pa lage nan lakou a, lè l voye yon men mayi nan yon kwen bay poul yo.

Menm kote l parèt la, mesye travay yo kòmanse ap rasanble sou lakou a, youn pa youn. Chak sa k vini, madan *Paul* sèvi l kafe ak yon tranch bobori. Bobori a vlope anba yon napon bwode ki sou yon ti tab, anba galri kay la. Mesye yo travèse lakou a pou y al kòmanse travay la. Se nan moman sa a, nou parèt kay madan *Paul* la. "Nan mitan diri, ti wòch goute grès". Madanm nan tou sèvi nou yon tas kafe dlo kann ak moso bobori pa nou. Ki vle di mouche *Paul* te gentan moulen kann anvan l te soti al wè bèt li. Nou bwè ak manje ak kè poze paske depi sou jan l sèvi nou an, nou santi madan *Paul* se yon moun total. Nou alèz pou n manje tankou si se lakay nou. Bobori a gen yon ti gou rasi ki fè nou ta renmen yon lòt moso, men, nou t ap twò visye. Man *Paul* ranje yon lòt kabare menm jan an sou yon tab nan sal la ak bobori ak yon kafetyè kafe chita ladan li. Youn nan ti moun yo pote l nan travay la ak yon galon dlo. Li voye l pou moun ki pa te gentan pase sou lakou a pou bwè kafe pa yo. Konsa tout moun satisfè. Li gentan prepare ti moun yo pou y ale lekòl. Li ba yo kichòy pou yo manje, penyen tèt ti medam yo, epi l gade rad yo mete. Ti moun yo te gentan bale lakou ak bwote dlo mete nan kanari yo.

Li gentan 8 tè. Madan *Paul* mete kolasyon nan dife pou mesye yo. L ap prepare yon chodyè yanm, bannann, mazonbèl ak yon sòs aransèl. Travay tè koute lajan. Mèt travay la tankou nou wè l dwe bay travayè yo kafe, te osnon chokola ak kasav (bobori, pen) anvan y al kòmanse travay plis yon kolasyon yon ti tan apre ak tafya. Lè jounen travay la fini, yo sèvi yo yon lòt gwo repa.

Nou chita tankou 2 enjenyè n ap gade madan *Paul*. Li kale yanm, bannann ak mazonbèl, li mete yo bouyi nan yon chodyè dèyè nwè. Madanm nan ap fè ale vini nan kizin nan pou al pouse ti bwa ak dife anba chodyè a. Dife a pa cho menm. Ti bwa yo te mouye nan ti farinay

lapli li te fè douvanjou a. Difé a ap fè lafimen ki koz je madanm nan ap fè dlo. Chodyè a kòmanse kase bouyon. Li chita devan kizin nan pou netwaye aransèl la. Se te yon fason pou nou-menm, pou n pa jennen l osnon pou mouch ki ka ap swiv aran an pa vin poze sou nou. Li lave aransèl la ak bon sitwon. Nou ka santi li renmen sa l ap fè a. Lè manje a pare, madanm nan sèvi nou manje nan bon jan pwòpte. Li ranje manje a nan yon jenn kivèt ak bòl sòs la chita nan mitan li. Anvan li deplase, li te gentan triye pwa nwa pou l mete sou difé pou prepare manje pou lè travayè yo lage. Li leve kivèt la, li mete l sou tèt li sou yon twòkèt li fè ak yon vye jip karabela ki te sou tèt miray la. Li depoze manje a anba yon gwo pye mango won ki nan mitan jaden an, nan bon jan lafrèch. Msye *Paul* vin kote l pou wè sa l pote, epitou separe l bay mesye yo. Pandan moun yo ap manje, madanm nan wè galon dlo a te gentan vid. Li kouri nan sous la, al chache yon galon dlo pou yo ka bwè lè yo fin manje. Anvan l tounen, mesye yo te gentan fin desann tout sa ki te nan kivèt la. Yo pase galon an ak yon goblè pou chak moun ka mouye gòj yo. Anvan li tounen lakay, li kouri al plen galon an ankò. Se te, yon fason pou se pa youn nan mesye yo ki kanpe travay pou al plen li. Se pou sèt moun mouche *Paul* te pare, vwala gen 4 lòt ki deside vin ba l kout men. Ki vle di mayi moulen an p ap ase. Kòm nou chita se pa anyen n ap regle; nou kouri al moulen 2 mamit mayi ansanm ak madan *Paul*. Lè nou tounen, nou jwenn se mouch k ap pase anba pwa a sou difé a. Nou santi nou pa ka chita ap gade ankò. Nou blije mete men ansanm avèk madan *Paul* pou l ka gentan bay moun yo manje a. Youn nan nou ap okipe difé anba chodyè pwa a, pandan tan sa a madan *Paul* ap prepare yon lòt fwaye difé deyò a pou l ka mete yon gwo chodyè mayi moulen kwit. Nou ka wè nan ki lakou madanm sa a te grandi.

Malgre tout tèt fè mal n ap pale la a, li kè pòpòz, l ap fè tout sa l gen pou l fè. Li fè cho, lafimen kizin nan ap fè je l fè dlo, men pa fatige nou, tout bagay ap anfòm. Mayi moulen an gentan bat, li toufe. Kounye a, l ap vin prepare sòs pwa ki pou akonpanye l la. Lè nou panse li te ka fè yon ti poze, li antre nan pakèt vèso sal yo pou l lave yo. Lè travayè yo vin sou lakou a pou yo manje, y ap jwenn tout bagay pre. Li gentan 3 zè. Chans pou man *Paul*, ti moun yo gentan kòmanse sot lekòl. San poze, menm kote yo parèt la, yo antre nan travay bò kot manman yo nan kizin nan. Mesye yo lage travay, yo liyen sou mi sou lakou a. Se la madan *Paul* pral sèvi yo chak yon plat mayi moulen ak sòs pwa. Yo manje l ak bon apeti, paske mesye yo sot travay di; men, sitou paske manje a bon. Madan *Paul* se yon fanm ki posede tout 10 dwèt li. Nou-menm, nou desann 2 tranch mayi moulen tou avèk kè kontan. Se premye fwa nou manje yon mayi moulen ki bon konsa. Madanm nan te mete kèk ti donbwèy farin mayòk nan sòs pwa a. Li te ban nou goute kèk ladan yo ak sòs pwa depi anvan travayè yo te rive. Yo panse nou pa manje anpil, alòske se vant nou ki te gentan plen nan donbwèy. Msye *Paul* akonpanye mesye yo ak bòl sòs pwa ak donbwèy li san mayi moulen. Lè mesye yo fin manje, yo bwè dlo. Y ap pare pou pran chimen lakay yo. Madan *Paul* di yo yon gwo mèsi pou konkou a, anvan yo ale. Mesye yo apresye jan madanm nan sèvi yo tou. Pi gwo satisfaksyon, se jaden an k apral fèt kou lapli kòmanse tonbe. Kè madan *Paul* kontan pou bèl travay ki sot fèt la.

Lè a ap avanse, poul gentan ap monte bwa. Anvan nou bat je nou, lanjelis gentan bare nou chita sou tèt mi ka madan *Paul* la. Nou pa menm reyalize sa. Men, li poko lanjelis pou madan *Paul* paske msye *Paul* akòz pwoblèm lestomak li genyen; li pa manje mayi moulen. Fòk

madanm nan al prepare yon ti labouyi pou li. Si se pa sa, mouche a ta dòmi sou po vant li, lè l vin sot vizite bèt li yo nan bwa a.

Men ki jan moso jounen nou pase ka madan *Paul* la te ye. Nou di moso jounen, men, se tout jounen an nou pase ak madan *Paul*. Nou ta renmen rete pou pi lontan ; men, jounen an fini sou nou. Se tounen pou n tounen yon lòt fwa vin pase plis tan ak madan *Paul*. N ap pran yon ti kanpo pou l ka al pase yon ti tan pou kont li ak rès fanmi an. Men, denmen si Dye vle n ap pwofite al pase yon ti tan ak madan *Jean*.

Nou te byen kontan pase tan ak madan *Paul*. Sa fè nou mal pou wè jan l ap travay di pou reyalize rèv li ak mari li. Se konsa pou yo soutni fanmi yo. Li fè tout sa l gen pou fè ak kè kontan. Se pa mari a ki mande l pou l fè anyen. Li konnen se responsablite l pou l patisipe nan travay la. Yo chak fè sa k sou kont yo. Mouche *Paul* mache mande moun kòve a, li fè tout plan pou kowòdone travay la. Madan *Paul* li-menm fè tout sa ki nesesè pou lè yo bezwen èd moun sa yo ankò, pou yo ka jwenn yo. Mouche *Paul* ak madanm li pa gen anpil tè pase sa. Men, ak ti konesans yo genyen nan lekriti, yo òganize yo trè byen pou pwoteje ti sa yo genyen an. Tout ti pitit yo al lekòl nan lespwa y a chape yon jou. Yo pa koupe pye bwa sou tè yo, tankou anpil moun nan zòn nan fè. Depi gen yon ti lapli, msye *Paul* p ap pa plante de pye bwa k ap sèvi pou bay fwi ak pwoteje tè a. Li menm fè lantiraj pou bare tè l yo, pou bèt moun pa antre vin manje pye bwa li yo. Zòn nan se yon zòn tè grizon; men, msye *Paul* transfòme propryete l la. Nou p ap menm panse se grizon l te ye. Li bwaze tè a ak bèl pye kokoye, pye mango madan blan ak pye sèd. Konsa jaden moun sa yo toujou bèl. Pou anpil moun nan zòn nan, msye ak man *Paul* se moun zafè bon yo ye.

Yon ti tan ka man Jean

Kòm nou wè jounen an kòmanse bonè bò isit la, nou leve bonè menm jan ak ayè. Nou pran chimen pou n al lakay man *Jean*. Madan *Jean* se yon grandon li ye, jan yo di sa lakay. Li eritye anpil tè bò kot fanmi mari l yo. Mouche *Jean* se sèl pitit manman l ak papa l te genyen, li te eritye bon kou tè lè yo te mouri. Madan *Jean* se moun zòn lan li ye, ki fè li gen ti eritay pa l bò kot fanmi l yo tou. Moun yo chita sou anpil byen. Gen bri k ap kouri nan zòn nan, yo gen zonbi k ap travay ak yo. Nou konnen, kretyen vivan parèy nou yo p ap pa bay moun konsa yon kwa pou yo pote. Moun ki konnen, di nou, anvan man *Jean* te marye, demwazèl la te gentan gen plizyè bèf ak kochon nan gadinay. Antouka, nou pa te wè ankenn zonbi pandan tan nou te pase ak yo a. Pawòl la di: de mèg pa fri. Nan ka msye ak man *Jean*, pwovèb sila pa gen plas li. De moun sa yo ka ap fri nan twòp lwil, se sèl pwoblèm yo ka genyen.

Madan *Jean* se yon fanm gwo kò, li sot nan ras moun gwo zo. Li sanble ak manman l tankou 2 gout dlo. Yon sèl diferans, pa gen moun ki parese ak neglijan pase madanm sa a. Manman madan *Jean* se gwo machann vyann kochon l te ye. Li te konn vann vyann kochon an gwo. Zafè ti sale a, se te koze pa l la sa. Kèlkilanswa salezon yon moun te bezwen, se lakay li pou jwenn li. Vyann sale, andwi, sonmi, mantèg kochon nan boutèy, se tout bagay sa yo ki te nan kòmès la. Sa vle di, madan *Jean* se moun ki leve nan lakou gwo aktivite. Mouvman touye kochon, netwaye trip, tranpe vyann, bouyi bouden, pare trip pou andwi se pa ti travay. Se lakou kote moun pa gen dèyè chita. Youn nan medam ki konn rann sèvis nan

lakou a t ap rakonte yon lòt jan sa ye. Men, ki jan l te di sa. "Kòmè, nan lakou ka man *Jean* sa a, gen manje; men, gen travay ki pou pete fyèl yon moun tou." Sa ka esplike tou, poukisa toujou gen anpil jenn gason ak jenn fanm ki rete kay moun sa yo.

Mouche *Jean* gentan leve al wè bèt li. Lè l ap tounen nou kontre avè l nan kalfou devan kay la. Nou tou akonpanye l pou n antre. Se lè sa a madanm nan genlè t ap leve nan kabann. Li pa sanble l te atann vizit nou bonè konsa. Nou chita anba pye zanmann sou lakou a; se la yo sèvi nou chèz.

Nanpwenfanm, ki se ti pitit ki rete avèk madanm nan fèk ap parèt sot anndan tou. Kote nou chita a, chans pa nou, nou ka obsève tout sa k ap pase nan kay la. Ti fi a t ap soti ak yon nat jon bannann anba bra li. Nat la mouye ak pipi, li kase an 2 nan senti. Se pa nat ankò, se pay nat la ki rete. Yon ti wòb malvina sal vlope ti kò ti malèrèz la. Tèt li mare ak yon moso twal ki pa lòt bagay ke yon moso chimiz mouche *Jean*. Si bout twal sa a ta sot tonbe nan tèt tifi a, nou imajine ki kantite nich pou ki kache anba chak baton très cheve ti fanm nan. Pa sanble gen moun ki gentan nan lakou sa a, pou ta penyen tèt li. Nou pa vle di twòp, paske li ta pran anpil tan, papye ak lank pou n ta rakonte ak pentire imaj ti fi a. An n kouri gade madanm nan k ap soti anvan nou pèdi twòp. Lè madanm nan parèt nan papòt kay la, li leve rido a pou delivre tout 350 liv vyann li pote a. Pifò nan pann k ap trenen anba vant li an bay sa k vle wè yon bèl espektak kè plen. Tèt li mare ak yon grenn ba. Nou pa ka wè ki koulè grenn ba sa a te ye. Nou pa ka konprann pou ki rezon grenn ba sa a nan tèt li. Kòm se nan sinema nou ye, nou atann nou a tout bagay, nou sèlman pa ka ri. Yon potchanm kenbe nan men dwat li. Lòt men an kenbe tye yon chemizdenui ki pa sere pyès peche pou madanm

nan. Li pral pase dèyè do nou an, pou l ka vin voye vaz pise a nan mitan kalfou a. Pandan l ap pase, nou voye je, pou ka di l bonjou. Nan chak kwen je l gen yon gwo bout mantèg k ap koule sòs. Kòd tete l ap trennen sou genou li. Bouch li menm ki plen krache fè l pa ka reponn nou. Li gen yon tras bòkyè ki desann jous anba manton li. N a di madanm nan gen yon kalmason ki fè tout nwit lan ap voyaje monte-desann sot anba manton l rive nan kwen bouch li. Yon sant voup-vap frape nou, lè li pase dèyè do nou an ak potchanm pise a.

Nou pa te gen entansyon pale zafè moun, se pa pou sa nou la. Tan nou te fè nan lakou kay madan *Paul* la kòmanse ap pase nan tèt nou. Nou gentan santi jounen sa a ka long anpil pou nou.

Kote nou fin wè madanm nan, nou kòmanse ap fè move rèv ak je nou louvri. Nou pa ka kwè sa n ap gade devan nou an. Madanm nan sanble ak yon sòsyè, konplo asosyasyon chanpwèl ak malfèktè bare nan move kalfou, yo tou pran l sèvi ranvwa.

Nou te anvi gade nan salte nou chita anba pye zanmann nan; men, gen twòp lòt koze ki fè nou santi sa pa pi grav pase sa. Madanm nan voye vaz pise a nan mitan kalfou kay la. Depi yon moun ap pase osnon ta vle antre lakay man *Jean*, se sant pise a k ap resevwa l anvan l rive. Li pase tounen al nan kizin nan. Li pran yon men sann dife, li melanje ak ponyen fèy amwaz li te rale nan baryè a mete nan vaz la. Se pa li ki konn abitye lave l, se djòb Nanpwenfanm, ti restavèk la. Li toujou konn depoze komisyon an dèyè do kay la anba yon pye maskriti. Si tifi a sonje, la lave l lè lè a rive pou vaz la tounen anndan kay la aswè. Se pa madanm nan, ni se pa tifi a k ap sonje bagay konsa pandan jounen an. Se konsa sa toujou ye; men, jodi a madan *Jean* chwazi pou l lave vaz la ak 2 men pa li. Se pètèt paske li wè li gen moun ki

vin vizite li. Ki rapò lave vaz la gen ak nou-menm ki chita deyò a? Nou pa konnen. Nou wè l ale nan ja ki nan yon kwen kizin nan, li pran dlo li mete nan menm vaz sa a pou li lave figi l ak lòt kote nan kò li.

Kèk tan pase, madanm nan reparèt ak yon lòt wòb sou li ki sanble yon wòb ve. Se sèl rezon nou panse ki pou ta fè l kenbe yon rad sal konsa sou li. Li salye nou, epi li ofri nou pou l al fè kafe osnon te pou nou. Avèk anpil sajès nou di l, nou te gentan bwè kafe anvan nou vini. Pa gen nesesite pou l ta fatige l pou nou. Ki moun ki t ap pran chans bay madanm nan tout traka sa a?

Avèk yon bale raje, Nanpwenfanm kòmanse bale lakou a. Se li ki pou al chache dlo nan sous la pou plen tou 2 ja yo lè l leve. Ki fè, lè nou te wè l ap soti ak nat ren kase a, li te gentan fè nenpòt ki 10 vwayay dlo deja. Tout ti moun nan zòn nan ale lekòl; eksepte Nanpwen. Li pa merite sa menm jan ak anpil lòt ti moun ki nan restavèk. Kote l pase pou l vin tonbe nan lakou kay man *Jean*? Li se fiyòl *Marie*, youn nan pitit fi madan *Jean* yo. Pitit sila a, Pòtopwens kounye a, ap fè gwo etid. Manman Nanpwenfanm se yon ti fanm chèch ak yon repitasyon malerèz. Kòm moun yo se gwo moun yo te toujou ye, li ba yo ti pitit la pou sèvi yo. Nou konnen pifò medam nou yo renmen rele tèt yo malèrèz. Men, se wè pou n ta wè lakou lakay manman Nanpwenfanm jan sa a pwòp. Nou te gen chans pase bò lakay li a. N ap mande ki sa ti pitit la ap regle lakay moun sa yo. Kay manman l, li t ap gen chans leve dòmi ak paran l, li t ap gen chans konn fè ti travay ak yon moso manje. Plis li pa t ap gen repitasyon restavèk ki pral kole nan do l pou tout vi l la. Ti pitit la pran baton pou griyen dan. Li pa merite anyen ki bon. Si chen an ta manje vyann sale madanm nan kite deyò a, se li l ap bat. Tout sa ki pa bon, se fot ti malerèz la.

Si madan *Jean* bay ti pitit la yon ti kote pou l dòmi ak graten manje li tou kite nan dèyè chodyè a pou li, se pi gwo favè l te ka fè li. Se kòm si l pa t ap jwenn manje kay paran li. Nanpwenfanm pa konn ki sa lonnè ye, paske li pa te gen chans fè konesans ak bagay konsa. Manman Nanpwen te pase ka man *Jean* anvan l te marye. Ti moun ki rete kay moun se menm jan ak chen yo trete yo anpil fwa. Dayè rès graten madan *Jean* kite nan chodyè a, se pou Nanpwenfanm ak chen yo. Si pou l ta ale lekòl tou, se ta mande twòp. Sou chimen Nanpwenfanm ye a, se sèl Bondye ki pou ta chanje zetwal li pozisyon. Si se pa sa, li ka grandi pou vin yon lòt malèrèz ki pi mal pase manman li. Malgre tout sa, manman Nanpwenfanm ap fè lwanj ak lòt moun sou sitiyasyon pitit li a. Pitit fi li ap leve nan gwo lakou kay madan *Jean*. Se sa kèk moun rakonte nou nan zòn nan lè n ap fouye zo nan kalalou.

Lè madan *Jean* ap fè kichòy nan kizin nan, se Nanpwen ki pou la ap soufle dife a ak pou pouse ti bwa anba chodyè a. Se wè pou ta wè ti fi a k ap soufle sou brèz dife yo pou fè yo fè flanm. Ti kò n ap gade a pa sanble li ka gen souf pou soufle anba gwo dife sa a. Ta sanble si pa gen ase ti bwa, bra Nanpwen ka tou pase. Se Nanpwenfanm ki pou lave asyèt sal, se li ki pou al chache ti bwa. Se li pou matant lan voye al apante tout peyi a al achte sa l bezwen. Ti malèrèz la toujou ap kouri. Li mèg pase aran sò. Li gen 7 lanne sou kalbas tèt li. Li konn tout peyi a. Depi se kay machann, li apante tout nan vwayaj li. Pa gen komisyon Nanpwenfanm pa ka fè. Jou mèkredi, se li-menm ki al fè mache pou madan *Jean*.

Ti moun tankou Nanpwen gen anpil kalamite pou yo wè. Yo pa gen moun ki pou defann ka yo, yo sibi abi tout jan.

Chaje aganman ki kache anba tout raje ap veye ki lè yon ti vyann pouse sou li pou fè dappiyanp sou li. Yo

konnen li p ap gen bouch pou pale sa k rive li. Ki moun k ap kwè l tou ? P ap gen fanm ak kouraj ki pou fè rezistans. Youn di lòt, lekòl lage. Anvan n bat je n, li lage nan tout sa k pa bon. Ansasen p ap pa pran piyay. Lè konsa, yo fè l menas pou yo touye l, si yo tande yon mo sou sa k pase a. Genyen tou k ap achte silans li ak yon gwo 50 kòb, y ap lage nan pla men li. Kote l pral sere l pou madan *Jean* pa wè l, epi akize l se kòb li l ap vòlè? Pa gen atansyon, pa gen leta, pa gen lwa, pa ka gen jistis. Nanpwenfanm ka vin youn nan yon gwo lis viktim sosyete nou an. Men, non l p ap janm rive sou okenn lis, se yon ti restavèk li ye, li pa moun nan je anpil lòt moun.

Sonje nou chita anba pye zanmann sa a depi 6 zè edmi, n ap obsève bèl mèvèy. Kounye a, l ap balanse nan 11 zè, nou toujou chita menm kote a. Grangou kòmanse ap pike lestomak nou. Sonje byen ayè lè konsa, nou te gentan sou 2 repa kay madan *Paul.* Nou te alèz tankou si se lakay nou nou te ye. Nou menm al nan kizin nan al ede l limen dife, nou al nan moulen mayi elatriye…Vwala jodi a, nou sèlman a 10 minit de kay madan *Paul* la, gade nan ki sa nou ye.

Nou refize kafe madanm nan te ofri nou an. Ki te bon pou li, paske, menm poud kafe a li pa te genyen. Nou te di nou pa vle kafe, men, msye *Jean* di li ta renmen bwè yon ti kafe. Sanble se sèl okazyon pou kafe ta fèt nan lakou lakay li. Majorite peyizan toujou fè kafe lakay yo lematen, menm lè yo pa bwè. Msye *Jean* pare l pou l bwè kafe, genlè sa pa nan abitid kay la. Pandan nou la a, l ap pouse sou bouton an pou madanm nan ka al fè yon ti kafe pou li. Madanm nan voye Nanpwen al apante peyi a, kouri al lakay vwazinay al achte pen, sik ak poud kafe. Grèp la te kroke nan fetay kizin nan ap bwè pousyè depi konbyen tan. Li chèch pase tye pen. Ta sanble rat ak ravèt manje mwatye ladan li. Nou te ka wè sa lè madanm

nan t ap lave li. Pito se grenn ba ki te nan tèt li a li te pran pou koule kafe sa a.

Madan *Paul* alè sa a, te gentan ap prepare kolasyon, alòske kafe poko sèvi kay man *Jean*. Lè kafe a pare, madan *Jean* rele msye *Jean* bò kizin nan pou vin bwè li. Mouche a tounen ak yon gode emaye blan nan men li. Li plen mak dwèt ki tachte sou li. Gode sa a pran anpil so nan men Nanpwen, paske li kolboso plizyè kote. Nou wè Ayiti Metal pa egziste ankò. Pa gen rezon pou tas sa a pa ta jwenn yon ranplasman kay *Desulmé*. Kras chita tout anba renyen kote pou mouche a kole bouch li ak tas la. Nou kòmanse satisfè anpil dèske nou te di nou pa vle kafe. Tas sa a, nou te wè lè Nanpwenfanm t ap lave l ak fèy pwa nouris, li rale dèyè kizin nan. Li te chita nan yon panyen asyèt anba tab la. Se la vèso yo pase nwit lan ak ravèt ap danse kalinda nan yo. Si lestomak yon moun pa fèt ak bon materyèl, lakou sa a, se pa kote men w ta dwe kontre ak bouch ou. Men tou, sa je pa wè, kè pa tounen.

Nou ta byen renmen pase plis tan ak moun yo pa politès. Jan sitiyasyon an ap dewoule a, nou pa wè mwayen. Nou gade youn lòt, nou jennen. Menm mouche *Jean* parèt yon ti jan jennen ak nou. Nou pa konn ki sa pou nou di, ni de ki sa pou nou pale. Nou poko konnen ki pye pou nou met devan tou pou n ta di nou prale. Moun yo konnen nou t ap vin pase jounen ak yo. Se sa nou te di msye *Jean* pandan li t ap travay kay msye *Paul* nan kòve a.

Pandan *Jean* fè yon vire al depoze gode kafe a, kanmarad la teke pye m, epitou nou kanpe. Se te yon jan pou kou l tounen pou li te jwenn nou sou 2 pye militè nou, tou pare pou nou ale. Li yon ti jan sezi lè nou anonse l nou prale. Se nan moman sa a li ofri nou pou l ta ban nou kokoye. Men, kòm pa gen montè, nou byen kontan. Lè nou di mouche a nou prale, li kòmanse bege

epi, li rele madanm li pou di l sa. Madanm nan parèt ak yon men sou bouch li kòmsidi li sezi. «Nou gentan prale, san m poko ofri nou debon». Nou di l nou gen pou nou tounen vin chache debon an yon lòt fwa. Nou kenbe souf nou, nou bay madanm nan yon gwo bo. Se konsa nou sove n ale lakay nou. Men ki jan ti bout tan nou kay man *Jean* an fini.

Nanpwenfanm se premye pitit fi ti Malou ak Yawè ki gentan nan restavèk. Ti Malou te pase nan lakou ka man *Jean*, kounye a se pitit li ki ranplase l nan lakou a. Li pa sonje anyen nan jan yo te maltrete l lè l te rete ka man *Jean* paske li pa janm te konn anyen ki te pi bon pase sa. Ti Malou ak Yawè pa t ale lekòl, ti moun yo jan nou wè l la pa pral lekòl tou. Ki chans ki genyen pou fanmi moun sa yo wè ak lavi miyò?

Rasin restavèk nan peyi nou an

Parenn, marenn, se tit ki konekte ak anpil respè ak diyite nan peyi nou an, sitou andeyò. Moun sa yo reprezante paran nou nan anpil ka. Apre fanmi nou, se yo-menm nou fè plis konfyans. Lè ane chanje, paran nou yo oblije n al salye moun sa yo pou temwaye respè sa a ak pou n ka jwenn benediksyon yo. Sou tan lakoloni, nou pa t gen dwa ale legliz, ki fè li pa te fasil pou nou te batize pitit nou, kominyen ak marye yo. Difikilte sa a, fè sila yo ki te gen privilèj sa yo te vin parenn ak marenn depi se ti moun ki fèt nan yon zòn. Tout sa ki te gen pou wè ak relijyon, te gen gwo enpòtans pou peyizan. Ak gras Bondye, sitiyasyon an chanje kounye a, chaje moun ki resevwa sakreman legliz yo. Gen moun tou ki bay lòt moun batize pitit yo akòz sitiyasyon ekonomik moun nan. Yo pa konsidere valè moral moun sa a. Sonje moun ki batize ti moun nou yo pa papa yo, ni manman yo. Sèl sa yo dwe ti moun sa yo, se ba yo konsèy pou yo ka vin bon kretyen. Anpil fwa lè moun batize pitit nou, nou tou ba yo ti moun nan (yo) pou rete lakay yo kòm restavèk. Ti moun sa yo gendwa pa gen chans ale lekòl. Yo p ap janm pi alèz pase lè yo lakay manman ak papa yo. Nou bezwen pitit nou sanble ak nou nan figi, defo, karaktè ak nan ajisman nou. Sèl si nou se kat make, nou ka santi pa gen anyen nan nou ki merite pou pitit nou ta pran kote nou. Li difisil pou n ta jwenn yon moun ki wè tèt li konsa, kote l pa ta gen anyen ki bon pou l ta ofri pitit li. Si pitit nou rete lakay yon moun, se abitid moun sa a y ap pran. Lanmou yo bezwen pou yo ka grandi ak diyite moun, se sitou paran ki ka ofri yo li. Gen paran tou ki fè parenn ak marenn yo santi ti moun yo se yon machandiz

yo ye. Bay konpè nan vwazinay la k ap tande lè n rele anmwe a batize pitit nou. Se li k ap la pou ede n ak ti moun sa a lè yon zòtèy li kase ak lè l ap fè vagabon. Lè nou rele anmwe, se li k ap tande nou, epi k ap pote nou sekou. Bay fanmi nou batize pitit nou, paske n ap toujou rete fanmi. Sa ka rive se yon etranje ki vin zanmi fanmi an ki batize pitit nou. Men, toujou mete moun sa a alèz, pa jennen l nan mande l sesi sela pou ti moun nan. Pa menm ba yo achte rad batèm pou nou, se responsablite nou-menm paran pou abiye pitit nou. Di moun sa yo mèsi paske yo aksepte kite okipasyon yo pou vin prezante ti moun nan pou nou. Pa janm met moun sa a nan sitiyasyion pou l ap evite pase bò lakay nou akòz li se monkonpè osnon makomè nou. Pa fè yo chanje wout paske yo pa gen anyen pou yo ofri fiyòl yo. Aprann di moun sa yo non ak tout kè nou lè yo ofri nou bagay pou pitit nou. Ofri yo sa nou genyen pito.

Liv sa a ekri pou ekspoze lavi ak reyalite nou yo. Youn nan bagay nou konnen ki pa ka pa ladann se istwa restavèk. Menm jan moun lavil gen restavèk y ap fè pase tray nan fè yo monte le syèl pa do ; moun andeyò yo gen restavèk tou. Ti moun sa yo pa janm jwenn atansyon moun y ap sèvi yo; pa sezi si n ta wè rasin fenomèn restavèk la anpil fwa chita nan pwovens yo. Dayè, pifò ti moun ki nan restavèk nan vil yo, se andeyò yo soti. Ti moun ki fèt nan kapital la, anpil fwa konn twò eklere pou ta sèvi kòm restavèk, y ap pito pran lari a pou yo. Anpil moun ki ekri osnon ki fè repòtay televizyon, radyo ak jounal toujou al lavil pou jwenn enfòmasyon ak istwa yo bezwen sou restavèk. Se yon biznis ki rapòte jounalis ak ekriven etranje anpil atansyon ak lajan. Li fasil pou yo jwenn èd depi yo mete sijè sa a devan ak imaj ki pou avili peyi nou an. Plis imaj la tris, plis li montre lamizè, se plis li bon pou yo. Sonje nou di l deja : «mizè nou se biznis

yo» Ayiti se yon manman poul k ap ponn ze lò san rete pou anpil moun nan kominote entènasyonal la. Yo eksplwate inyorans pèp la ak mizè l pou yo fè lajan. Nou blije pale de li pou wè ki jan nou ka amelyore sosyete nou an. Nou chwazi nan liv sa a pou n analize fenomèn nan nan rasin li. Nou pral voye je sou restavèk andeyò yo ak ki jan yo trete yo. Nou panse anpil enfòmasyon sou restavèk lavil yo gentan disponib deja.

Anpil moun andeyò toujou gen tandans konsidere moun lavil yo ak menm respè esklav yo te gen pou kolon blan yo. Moun lavil yo, se moun ak soulye nan pye yo, plis yo ka gen chans pale franse. Anpil ladan yo pwofite de respè sa a, pou enpoze siperyorite yo ta kwè yo genyen sou peyizan, chak fwa yo jwenn yon opòtinite. Plase yon ti moun andeyò kay yon moun k ap viv lavil se yon privilèj nan je anpil nan nou peyizan, ki souvan pa gen ankenn moun nan kapital la. Youn nan fason pou mete yon pye atè lavil konn kòmanse pa ti moun sa a. Ak benediksyon Bondye, li ka vin fè zafè yon jou, epi lwe kay pa li. Anpil pitit malèrèz andeyò ki vin lavil ka tonbe nan restavèk san se pa fòt yo. Nesesite lavi a anpil fwa konn fòse yo fè travay yo pa ta vle fè pou yon pen kotidyen. Gen moun Pòtopwens ki resevwa yo tou ; epi, fè yo tounen restavèk tèlman yo maltrete yo ak mete presyon sou yo. Tit moun andeyò a pou kont li, pandan lontan te vle di moun ki enferyè moun lavil yo. Yo pa janm konn rate chans pou te fè nou sonje se nèg nan mòn nou ye. Yo te konn fè l sèvi jouman pou nou yon epòk. Men jodi a, sa anvi chanje. Anpil moun lavil ap chache gen yon pye atè nan yon pwovens. Konsa, depi gen yon mache prese, yo konnen yo gen yon kote pou y al kache.

Anpil nan ti moun ki tonbe nan restavèk bridsoukou yo, kou yo gen 10-12-13-14-15 zan, je yo kòmanse louvri.

Gen imilyasyon yo p ap vle aksepte, se pou sa, yo konn sove kite kay kote y ap sèvi a, osnon tou, yo mete yo deyò. Jenn medam ki gen chans yo konn kòmanse travay kay madanm kote yo pral sibi imilyasyon an sou yon lòt fòm. Yon gwoup nan medam yo konn vin tounen jwèt sèks pou anpil kriminèl ak palto. Jenn mesye yo al rekonèt yo nan lari a ap lave machin ak nan vann dwòg. Anpil gang politik, itilize bra yo pou regle move kont tou.

Manman ak papa se sèl sous kote ti moun ka jwenn lanmou ak atansyon ankenn lòt moun pa ka ba yo. Nan laj soti 0 pou rive 10-12 zan yo, se nan moman sa yo ti moun yo plis bezwen prezans paran yo bò kote yo. Sa konn rive depi nan laj 3-4-5-6 zan paran yo konn gentan plase pitit yo nan restavèk lakay yon moun k ap viv lavil. Moun k ap viv lavil yo malgre difikilte mizè yo ka kontre, yo toujou parèt pi fre pase nou-menm k ap viv andeyò. Nèg ak nègès andeyò, lè yo retounen lakay yo apre yon ti tan lavil; yo konpòte yo yon lòt jan. Yo debake ak sachè pen ak soulye nan pye yo ki kache zòtèy yo. Yo pale yon lòt jan, yo pa vle sanble ak sila yo ki pa te janm gen chans al vizite paradi lavil la. Yo separe tèt yo de kongo gwo zòtèy yo. Sa lakòz, anpil jenn moun andeyò toujou ap reve, ki lè pou yo debake nan vil sa a pou y al chache byennèt pa yo. Anpil fwa, yo konn ale, epi se desepsyon yo jwenn k ap tann yo. Kawotchou machin konn pase sou zòtèy yo pandan grangou konn ap kòde trip yo. Anpil jenn ki te konn desann lavil, se lekòl yo te konn ale paske pa te konn gen klas avanse yo andeyò. Fòk nou di tou, se te reyalite yè, jodi a, sitiyasyon sa chanje. Chaje bon lekòl segondè ak inivèsite an pwovens. Apre anpil dega sosyal, ekonomik ak politik fin sakaje kapital la ; anpil kapitalis plis ap chache yon ti kote andeyò pou y al respire bon lè. Sa rann pwovens nou yo vin chanje anpil

tou. Gen plis krim ak aktivite devègonde k ap ravaje popilasyon nou yo kounye a.

Pou ede nou konprann enpòtans prezans paran yo, n ap fè yon ti tounen nan tan kolon yo. Chak kolon te gen yon kantite esklav ki t ap travay nan jaden yo. Nan lakou lakay yo, te gen yon lòt kantite ki t ap travay kòm domestik. Nan medam yo, sila yo ki te gen talan pou fè travay nan kay ak fè manje pa t travay nan jaden. Anpil ladan yo te konn viktim zak maspinaj ak vyòl anba men kolon blan yo. Pa gen mwayen pou yo te defann tèt yo, paske se esklav yo te ye, sa vle di chen te gen plis enpòtans pase yo. Kòm kolon yo te jije esklavaj la pa te di ase pou medam yo, yo konn lage pitit an plis sou bra yo pou yo okipe. Kolon sa yo anpil fwa pa rekonèt pitit sa yo kòm pitit san yo.

Madanm kolon yo, lè yo akouche yon ti moun, yo pa te konn fè anyen pou ti moun sa a. Se te responsablite nègès kay la pou l te pran swen ti moun nan osnon ti moun yo. Ti moun blan yo vin pase plis tan ak sèvant kay la. Sa deja di nou nègès sa yo gen kalite pou okipe ti moun byen, pi byen, menm pase blan yo. Youn nan egzanp nou ka itilize, se *Pétion* ki te prezidan peyi nou an. Lè l te ti bebe, dife te pran nan kay kote l t ap viv la. Manman l, ki te yon fanm kreyòl po jòn, kouri kite l nan kay la. Nègès ki t ap okipe l la kouri antre nan kay la, pou ka sove lavi ti bebe a. Sa ka eksplike ki jan relasyon ki egziste ant ti moun sa yo ak moun ki t ap okipe yo a te ye. Anpil nègès, akòz bon sèvis yo, te konn benefisye libète yo nan men kolon yo. Libètinaj ki te egziste ant kolon yo ak sèvant yo te fè te toujou gen plis fanm ki jwenn libète yo pase gason. Milatrès ak nègès lib sa yo te gen machandiz bon kalite pou chame kolon yo. Sa ka esplike kantite milat ki te genyen nan peyi a. Bèl fòm

fanm kreyòl yo te anpeche moun ki te pi sivilize yo rete ak madanm yo sèlman.

Nègès k ap travay nan jaden yo pa te gen dwa rete ak pitit yo lè yo akouche. Byen bonè, yo separe yo ak pitit yo, pou yo pa devlope abitib ak yo. Ti moun sa yo gentan reprezante yon byen anplis, yon esklav pou kolon yo. Yo p ap bezwen al achte esklav tèt nèg sou bato si nègès yo ap fè pitit. Gen anpil abitasyon yo te konn konsidere tankou faktori esklav. Ti moun sa yo lè konsa, yo mete yo ak nègès nan kay la. Yo rele l marenn pi souvan. Se youn nan rezon ki eksplike poukisa anpil nan nou pa dakò pou moun betize ak manman nou menm jan nou pa vle yo betize ak marenn nou. «Anpil fwa jenn Ayisyen goumen youn ak lòt, dapre Doktè *Jean Price Mars* nan *: Ainsi parla l'Oncle* se toujou paske lòt la te di kichòy de marenn li osnon de manman li». Plase ti moun kay marenn ak parenn yo se youn nan fòm restavèk ki pi popilè andeyò.

Ti moun ki nan restavèk yo, depi yo ti kat kat, paran yo prepare yo pou sèvi lòt moun. Yo rele tèt yo malere ak malerèz. Yo pa gade moun lavil osnon grandon yo nan je. Sèl fason yo panse yo ka soti nan mizè osnon yo ka anpeche pitit yo eritye plis mizè pase yo; se mete yo rete ak lòt moun ki parèt gen mwayen pase yo. Depi yo te ka kanpe sou de pye yo, lespri yo te gentan pare pou antre nan sèvis moun k ap resevwa yo a.

Ki vle di, jodi a, blan yo kapab ap eseye montre nou y ap goumen kont sistèm restavèk la; men se yo-menm ki te tabli li. Nan epòk pa yo a, li te nòmal, men, jodi a piske se nèg k ap pratike l sou nèg parèy yo, li pa nòmal, yo ba l tout koulè. Li menm jan ak pratik sakrifis vi moun nan vodou. Nou konnen nan bib la anpil sèvitè Bondye tankou Abraham, te fè sakrifis san sou otèl la pou di Bondye mèsi. Ayisyen pratike l jodi a nan

seremoni vodou, tout moun gade nou kòm si nou se premye ak sèl pèp ki fè sa. Nou konnen chaje lòt pèp ki fè sakrifis san, men se pa nou an ki plis fè yo mal. Li lè, li tan pou nou viv lavi nou jan nou vle li. Sa fè twò lontan depi y ap enpoze nou relijyon, politik, gouvènman ak kwayans ki pa adapte ak pèp nou ye a. Tanpri, pa panse, nou di l nòmal pou moun touye moun nan kèlkilanswa seremoni an. Nou itilize konparezon sa a pou montre nou ipokrizi ki genyen nan moun k ap jije nou kòm sovaj yo. Nou konn ki sa moun sivilize ye apre 520 tan istwa. Nou ka fè diferans la ant yon sovaj ak yon moun sivilize. Nou pa bezwen ipokrit pou vin dikte nou ki jan pou nou viv ankò. Li pran nou tan pou n aprann diferans ki genyen ant 2 kondisyon sa yo. Li lè pou nou leve kanpe, pou n pran desten nou nan 2 pla men nou. Anpil moun ka panse se revolisyon pou n fè. N ap di tout moun sa yo tan revolisyon an pase. Zansèt nou yo te gentan fè revolisyon an pou nou. Kounye a nou plis bezwen yon evolisyon. Nou plis bezwen mete tèt nou nan yon nivo ki plis avanse pase jan n ap viv la. Nou dwe obsève jan pwogrè ap fèt toupatou pou n mache opa. Li lè pou n divòse ak politik chen manje chen an paske l pa rapòte n anyen. Li lè pou n pran yon lòt direksyon.

Restavèk

Restavèk jan nou ka wè l la, se pa yon koze ki fèk parèt nan mitan nou, ni li pa sa yo vle fè nou kwè a tou. Se nou-menm ki pou pran devan kòm bon sitwayen pou chanje imaj nou kòm kretyen vivan. Se nou ki pou kreye imaj lòt yo ki depann de nou pou yo fè pwogrè nan lavi yo. Se nou ki pou jije tèt nou, ki pou pa trete moun k ap sèvi nou tankou esklav. Pa gen chans, ni mwayen pou tout kretyen vivan sou latè ta egal youn ak lòt nan tout bagay. Ap toujou gen diferans ekonomik, sosyal ak kiltirèl nan mitan kèlkilanswa popilasyon an. Se pa nou-menm sèlman ki gen pwoblèm sa yo. Depi lemonn egziste sèvitid te toujou la.

Menm jan sa te ye sou tan kolon yo, jounen jodi a, tout travay jaden se yon eskwad jenn gason ak jenn fanm andeyò ki fè yo. Ki vle di, plis yon peyizan ka gen gason ak fanm vanyan pou ede l, se plis l ap ka travay. Youn nan fason pou kòmanse sanble bra sa yo se batize pitit malèrèz. Kou yo ka rann ti sèvis, yo mete yo nan bwote dlo pou parenn osnon marenn yo. Gen dwa se al chache yon galon dlo nan sous la osnon al achte yon pake sik pou li, lave asyèt ak bale lakou. Anvan ti moun sa yo tounen lakay yo, marenn ba yo yon bèl plat manje ak kichòy pou yo pote lakay. Ki jan ak pou ki rezon nou panse paran yo chwazi tèl osnon tèl moun pou marenn ak parenn pitit yo? Anpil peyizan olye yo bay sè, frè, kouzen, kouzin yo ak moun ki fanmi yo batize pitit yo; yo chwazi moun, nan je yo, ki ta parèt ka ofri yo yon kichòy anplis. Lè konsa yo di yo lonje fanmi an nan jan yo vann moun sa yo ti moun nan. Nan rann ti sèvis, ta konn bare ti moun yo ki fè yo rete dòmi dèfwa. Ti moun

sa yo konn tou al abite kay marenn yo pou ka sèvi l nèt ale. Moun sa a kapab abite lavil osnon nan menm zòn kote y ap viv la. Inyorans ak ledikasyon ki manke yo, fè anpil moun sa yo pèdi chans pou bay pitit yo levasyon ki chita sou lonnè ak respè diyite kretyen vivan. Yo konfye bay yon lòt moun responsablite pou leve pitit yo pou yo. Y ap rate tout chans pou yo ta sanble ak moun ki ba yo lavi a.

Ti moun ki tonbe nan restavèk, souvan toujou pye atè, do touni, pa janm gen chans al lekòl osnon pa rive twò lwen lekòl. Gen yon lòt gwoup peyizan ki lage nan bwa ap fè pitit adwat agoch san kontwòl. Ki moun k ap okipe ti moun sa yo? Malerèz k ap vann kò yo pou panyen patat konn ranmase yon lo ti moun tou. Sa lakòz ni manman, ni papa pa gen okenn lide sou ki sa prezans yo ka reprezante bò pitit yo. Anpil moun sa yo toujou ap chache bay moun ki pa gen anyen pou wè ak yo batize pitit yo. Se yon fason pou kou ti moun nan ka pote yon galon dlo, pou yo voye l al rannn parenn li osnon marenn li sèvis. Kèk parenn ak marenn konn pwomèt monkonpè, makomè y ap mete pitit sa a pran leson yon kote pou l ka aprannn ekri non li. Ti moun sa yo byen souvan, pa janm gentan pou fè travay yo, se pa lekòl y a gentan pou y ale. Laj yo antre nan sèvis moun yo fè li vin parèt nòmal pou yo, pou y ap viv nan kondisyon yo ye a. Dayè, yo pa janm konn anyen ki pi bon pase kondisyon y ap viv la. Paran yo ki pou kont yo konn manke lonnè ak respè pou ti moun pa gentan montre yo ki sa renmen ye. Nou pa ka kritike twòp, paske yo pa ka bay sa yo pa genyen. Ti moun sa yo gen pou pase mizè pandan tout vi yo ak sibi depi se abi yon moun ka imajine. Piske desandan nou yo se esklav yo te ye, li klè nan listwa ke esklav pa t gen dwa gen fanmi; sa esplike rezon ki fè jouk jounen jodi a nou gen difikilte pou n pran responsablite

nou kòm paran. Gen pwogrè k ap fèt nan sans sa a ; men, nou lwen toujou.

Yon lòt kategori, se ti moun ki pa gen manman osnon paran ki pou pran swen yo. Natirèlman, ti moun sa yo tonbe sou responsablite nenpòt ki fanmi osnon etranje ki chwazi pou ba yo yon ti kwen pou yo dòmi. Sitiyasyon ti moun sa yo pi grav toujou, paske yo pa gen chans pou ta di yo pral yon lòt kote, kay yon lòt moun. Paran anpil nan ti moun kategori sa yo dèfwa itilize yo kòm machandiz yo gen pou vann tou. Yo konn plase ti moun yo kay moun kote yo ka pase pran yon manmit mayi, yon manmit pwa sou tèt ti moun sa yo detanzantan. Pa bliye gen moun metye yo, se mache chache ti moun nan tout kwen andeyò pou al plase yo nan restavèk lavil. Koutye sa yo gen lajan yo resevwa nan men moun ki resevwa osnon ki achte ti moun nan men yo. Paran yo konn pa konprann se vann yo vann ti moun yo tankou jan yo te konn vann esklav yo. La ankò, nou ka wè, ki kote ledikasyon pa rive travèse moun yo pou asoupli moral yo. Anpil nan ti moun sa yo, ki grandi san lanmou manman ak papa yo konn gen chans vin bon sitwayen si yo tonbe lakay yon bon kretyen. Bon kretyen sa ka fè yo favè, mete yo lekòl, jiskaske yo devlope tèt yo pou ede fanmi yo soti nan mizè ak inyorans. Men, si malchans pou yo, yo pa te tonbe kay yon moun ki konprann ki sa yon ti moun osnon yon kretyen vivan bezwen pou l egziste, nou gen chans pou wè ti moun sa yo tounen gwo pwoblèm pou lasosyete. Tout abi ak mizè grandèt yo te fè yo pase, y ap gen pou fè lasosyete peye pou sa. Ti moun nan laj 6 rive 10 zan ki nan restavèk lavil, ki sove paske y ap abize yo, anpil fwa pral rekonèt yo nan lari a ap pase mizè. Fòk yo manje, fòk yo bwè. Pa gen yon moun k ap ba yo sa yo bezwen, nou ka imajine sa k ka pase.

Kategori ki pi difisil pou nou konprann nan, se sila yo, nou rele: pitit deyò yo. Tanpri, konprann se pa entansyon nou, pou n jeneralize sitiyasyon sa a. Gen anpil ti moun ki se pitit deyò ki jwenn bon tretman nan kay kote y ap viv la. Anpil gason osnon fanm ki te gentan fè yon pitit anvan yo marye responsab ti moun ki nan gwoup sa a. Gen lòt pitit deyò se pou mouche osnon madan marye ki kontinye ap voye pye apre yo fin marye. Lè se pitit madanm nan, li ka gen yon chans pou l jwenn yon tretman ki pasab nan kay la. Men, si se pitit gason an, l ap gen chans pou l pa janm konn sa lavi ye. Bèlmè yo, nan anpil ka, pa janm konsidere ti moun sa yo tankou si se kretyen vivan yo ye. Yon fwa ankò sonje nou pa akize pyès moun, ni nou pa jeneralize sitiyasyon an. Bèlmè ki nan sityasyon sa a, se responsablite nou, pou jije nan ki kategori pou n mete tèt nou. Gen nan lakou nou ka rive, nou p ap menm ka fè diferans ant pitit yo, tèlman yo tout ap byen viv. Se sèl si yo di nou, n a konnen yo tout pa pitit madanm ak mouche marye a.

Imajine yon msye marye ki gen yon pitit nan vagabonday. Msye te gentan gen plizyè pitit ak madanm li anvan ti moun sa a te fèt. Pou yon rezon osnon yon lòt, pitit deyò sa a vin ateri nan menm lakou ak tout lòt ti moun yo. Tout ti moun sa yo al lekòl kay frè, kay mè, ti mouche a li-menm, si l gen chans, yo mete l pran leson patikilyè. Poukisa se leson patikilyè yo mete l pran? Si yo aksepte pou l vin viv nan lakou a, yo ta dwe trete l menm jan ak lòt ti moun yo. Papa ki aksepte yo trete ti moun sa yo mal koupab 2 fwa. 1) Yo pa gen respè pou fanmi yo, paske yo twonpe madanm yo. 2) Yo aksepte yo trete san yo nenpòt ki jan.

Pannan tout lòt ti moun ki pi gran pase l yo ap etidye, li-menm l ap okipe bèt nan bwa ansanm ak papa li. Lematen, se li-menm ki pou leve al sanble dife pou fè

manje lekòl. Tout ti moun ka pè nan nwit, eksepte ti-mouche a; li pa gen dwa pou l pè nan nwit. Tout ti moun gentan pou yo dòmi, se pa li-menm k ap jwenn chans sa a, li se dènye ti moun nan kay la ki pral dòmi, paske fò l okipe tout ti detay pou tout lòt moun yo anvan pou l ka dòmi. Menm lè tout ti moun gen kabann, ti mouche a li-menm se sou yon bout nat n ap wè yo mete l kouche. Premye moun k ap leve nan kabann, se li-menm. Li pa janm ka dòmi tout dòmi li paske yo toujou reveye l anvan je l klè. Li pa moun kay, li pa gen dwa dòmi ak de je l fèmen paske ti krik ti krak, se li-menm y ap rele.

Pandan y ap prepare ti moun yo pou y al lekòl, fòk li gentan al chache bourik la pou sele l, pou l ka mennen yon jenn gason osnon yon jenn fi, ki prèske nan menm laj ak li lekòl. L ap gen pou l rale tèt bourik la ak lòt la chita kèpòpòz sou li. Apre l fin depoze frè osnon sè a sou lakou lekòl la; l oblije rale bourik la sou tout wout la pou mennen l tounen, paske matant li, ke l ta dwe rele manman, di l, li pa gen dwa monte li. Ki mal ti moun sa a fè? Pou ki rezon se konsa yo trete li? Konbyen nan nou k ap li liv sa a, ki pa t gen yon ti moun konsa lakay nou? Konbyen nan nou ki pa t konn yon ka konsa? Menm lè se pa egzakteman konsa, men, nou konn yon sitiyasyon ki te sanble ak sa a kanmenm. Anplis tout tray sa yo, lòt ti moun yo ap bat ti mouche a. Li pa gen dwa pou l remèt yo kou ni kriye. Ki dwa yo genyen pou y ap bat li? Kòm ravèt pa ka gen rezon devan poul; ti tonton sa p ap janm gen rezon devan frè l ak sè l yo. Nou-menm ki konn li ak ekri jounen jodi a, an n fè yon ti gade dèyè pou n wè konbyen fwa nou te imilye youn nan ti moun sa yo ki te lakay nou. Yo se frè nou ak sè nou. Nou gendwa pa vle aksepte yo, men yo se san nou, yo pa responsab egzistans yo genyen an. Ki jan nou wè tèt nou gwo filozòf, gwo entèlektyèl; epi, men frè nou, sè nou,

pitit papa nou osnon manman nou, nou wont prezante yo bò kote nou? Ki sa nou ye anplis yo? Ki jan nou ka repare mal nou te fè, osnon paran nou te fè ti moun sa yo?

Se yon fòm sèvitid ki rèd, men, nou tout andeyò nou fèmen je nou sou li. Eske l parèt nòmal pou nou trete pitit mari nou osnon madanm nou ki se ti moun menm jan ak tout lòt ti moun konsa? Ki kote l ap jwenn ak diyite ki pou fè l konnen se moun li ye? Pi fò nan karaktè ak valè nou genyen, nou pran yo nan men paran nou. Nou ka konprann gwoup ti moun sa yo ki pa gen chans grandi lakay paran yo difisil pou gen valè ki konekte ak moun yo ta dwe ye a. Yo p ap janm bouke chache wè ki jan yo ka sanble ak manman ak papa yo pandan tout vi yo. Jan yo trete ti moun sa yo pèmèt yo grandi ak vis tout kalte paske, yo pa janm gen dwa a anyen. Lè tout ti moun ap jwe, se lè sa a pou y ap fè travay, okipe bèt nan bwa. Lè yo rantre nan lakou a, toujou gen 10 mil lòt travay k ap tann yo. Se yo ki pou bale lakou, depaye ak pile pitimi, lave asyèt, al nan ti bwa ak nan dlo, al achte gaz lanp alanjelis. Si gen komisyon ki pou al fèt se yo-menm. Ak ki moun yo pral jwe tou, si yo ta gen yon chans? Pi gwo sèvis paran ap rann yo si yo gen chans ak pasyans, se 2 ti pyès kay y ap gen pou konstwi sou ti moso tè yo plis pa bezwen an, pou fè yo kado, lè yo fè zafè, a kondisyon y al Lawomann pou yo ka achte tòl ak bwa ki nesesè pou kay la bati. Pitit moun sa yo anpil fwa al rekonèt yo kòm restavèk nan lakou lòt moun.

Nou-menm k ap mande plas nou nan mitan nasyon sivilize yo, nou gen responsablite pou nou trete moun k ap sèvi n ak respè. Nou gen pou nou ba yo diyite kretyen vivan lè yo depann de nou pou yo egziste. Ke se ti moun ki nan lari, ti moun ki òfelen, sila yo nou rele pitit deyò ak tout lòt ti moun ki pa tonbe nan kategori sa yo, nan

kèlkilanswa klas ti moun yo k a trouve yo ; nou dwe ba yo respè kretyen vivan yo merite a. Nou pa ka ap pleyen kont esklavaj pandan n ap trete ti frè nou, ti sè nou tankou esklav. Lè nou pale de moun sivilize, lè nou pale de fè enterè nou yo tounen yon sèl, ti moun sa yo ladan l tou. Se ti moun ki grandi ak diyite moun sivilize jodi a k ap tounen sitwayen responsab denmen. Si nou ba yo chans pou yo grandi tankou moun ak respè, y ap vin sitwayen sivilize denmen. Men si nou pa ba yo chans pou yo evolye tankou moun, menm jan nou te batay kont enjistis kolon yo te fè n, ti moun sa yo ap goumen ak sosyete a pou fè rekonèt dwa yo. Kiyès nou panse ki pi byen prepare pou batay sa a? Ap gen bra kase ap gen tèt kase, atansyon pou se pa nou-menm ki soti viktim.

Kominote

Lavi nou konstwi sou modèl ak enfliyans moun kote nou fèt, kote nou sòti ak zòn kote nou grandi. Li pa toujou fasil pou chanje mès ak abitid nou leve jwenn; men, sa pa anpeche chak moun gen karaktè pa yo anndan yon sosyete, yon kominote osnon yon fanmi. Diferans sa yo pa anpeche nou sipòte youn lòt. Nou toujou ka jwenn kichòy, menm lè l tou piti, ki ka ini nou. Se ti sa ki ini nou an, ki ka pèmèt nou reyalize anpil gwo pwogrè ansanm si n aksepte koute youn lòt. Se rezon sa a ki fè, pou nou vanse; nou dwe fèmen je nou sou diferans nou yo, pou louvri yo sou kèlkilanswa sa nou ka jwenn pou ini nou.

Anpil nan nou ka gen chans gen moun ki moutre nou chimen nan lavi; men, genyen nan nou tou ki pa gen chans konsa, nou oblije trase wout lavi nou pou kont nou. Lè n gen bon egzanp devan nou pou n swiv, sa ka ede nou anpil, sa ka motive nou pi plis. Bon egzanp sa yo menm ka mete n sou chimen pou rive kichòy pi vit nan lavi a. Ipokrizi ak egoyis, anpil fwa, konn kenbe sila yo ki ta dwe sèvi egzanp pou pi piti yo nan fènwa ridikil ak inyorans. Papa ak manman ta dwe pi bon egzanp pitit yo genyen devan yo pou yo kopye; sa pa vle di yo pa bezwen direksyon ak konsèy nan men lòt moun. Pawòl la di "pou byen leve yon ti moun ou bezwen èd tout moun k ap viv nan bouk la". Jenn moun yo bezwen modèl, eksperyans ak konsèy lòt moun pou gide yo nan lavi. Men, premye modèl jenn moun yo dwe genyen se papa ak manman yo.

Nou eritye san paran nou, yo ban nou karaktè yo tou pandan n ap grandi lakay yo. Nou gade yo, nou kopye

sou yo, paske se yo nou wè pi plis devan nou pandan premye tan nan lavi nou. Se yo-menm tou, ki ban nou valè moral, ak karaktè ki gen plis valè pou nou nan lavi a. Nou se imaj zòn kote nou sòti, nou gen anpil kalite karaktè nan nou ki di tout moun ki wè nou ki moun nou ye. Li fasil pou gade osnon tande yon Ayisyen pou nou konnen li se moun nan Nò osnon nan Sid li ye. Pa gen anyen nan lavi k ap ka fè n chanje idantite sa a.

Moun bò kote nou, ede nou vin moun nou ye a tou. Nou vle pale de fanmi nou, vwazen nou, zanmi nou, ak zòn kote n ap viv la. Se sa k fè, menm lè nou diferan youn de lòt, nou ka zanmi youn ak lòt, paske gen valè moral, edikasyon, fanmi ak karaktè ki konekte nou. Anpil nan moun ki vin zanmi nou, se depi premye fwa nou kontre ak moun sa yo, nou santi yo genyen nan yo valè moral ak karaktè ki sanble ak pa nou. Li pa pran lontan pou n konnen ki moun ki ka zanmi nou ak ki moun nou pa fin ta renmen gen pou zanmi nou. Sa pa vle di, nou p ap twonpe nou nan chwa nou yo, men, sajès ak eksperyans ap di nou ki jan pou nou pwoche moun nou fèk rankontre pou konn si yo pa sou blòf. Sajès mele ak entelijans nou ede n chwazi zanmi nou yo nan mitan moun ki pi saj ak ki pi entelijan pase nou. Gen yon pawòl ki di: "Si n ta wè se nou-menm ki pi entelijan pami zanmi nou genyen yo, konnen nou nan pwoblèm". Nou p ap fasil gen chans fè pwogrè bò kote zanmi sa yo. Nou bezwen moun ki gen plis eksperyans pase nou nan mitan zanmi nou yo.

Nou ka pran wa David ak wa Salomon pou egzanp bib la ban nou. Malgre tout sa yo te fè, papa Bondye te padonnen yo. Li difisil pou nou-menm kretyen vivan pou n reziste tantasyon k ap fè laviwonndede bò kote nou ak nan konsyans nou chak jou. Se jan n reziste tantasyon sa yo, nou rive konprann tèt nou ak karaktè

nou. Nou ka echwe anpil fwa, anvan nou reyalize ki sa nou dwe fè. Se pa echèk yo ki enpòtan, se pito kapasite pou nou rekonèt sa ki pa bon, ki mande koreksyon. Toutotan nou pa rekonèt feblès nou yo, pa gen mwayen pou nou amalyore pèfòmans nou nan lavi. Pou n konfese yon peche fòk nou rekonèt nou fè peche a anvan.

Gen anpil moun tou, karaktè yo, respè yo gen pou moun ak pou lasosyete, valè moral yo p ap pèmèt yo komèt zak malonèt osnon bese karaktè yo nan patisipe nan zak ki pa fin katolik nèt.

Feblès yon moun ka detwi tout repitasyon li pran tout vi l pou l konstwi. Anpil moun panse byen de yon lòt, akòz kontribisyon l nan devlòpman tèt li, aksyon l, osnon repitasyon zòn kote l soti a. Yon aksyon malonèt, ki pa bezwen dire plis pase yon minit ka detwi tout bon repitasyon sa a. Konsa, moun sa a pèdi tout onè, kredi ak respè ki te toujou akonpanye li tout kote l pase.

Yon moun pa ta dwe kwaze bra l, ap gade si li fè pati osnon si l ap viv anndan yon kominote. Kominote a bezwen aksyon chak grenn moun k ap viv ladan l pou fè l avanse. Chita gade pa solisyon pwoblèm yon kominote ka genyen. Kominote ki fè pwogrè, se sila yo kote chak grenn moun pran responsablite yo. Nan kominote sa yo, tout moun konnen yo gen dwa; men, sitou yo gen devwa. Toujou gen mwayen pou yon moun ka rann tèt li itil nan zòn kote l ap viv. Gen moun se nan òganize kominote yo fò, tankou ede konstwi lekòl, lopital, legliz, wout elatriye...Moun sila yo, yo rele yo lidè kominotè. Lidè sila yo ka pè, pastè, wougan, mè, frè, osnon moun ki asiste moun sa yo nan travay y ap fè. Gen lidè kominotè tou ki pa oblije gen youn nan tit sa yo. Gen moun ki fèt pou yo dirije lòt nan kèlkilanswa sitiyasyon yo trouve yo. Moun dakò pou koute lidè sa yo ak pou yo mache ansanm ak yo.

Gen lòt moun, se nan travay ak lajenès yo fò. Se yon gwo responsablite, paske moun ki pi jenn yo, anpil fwa, pa jwenn moun pou ede yo vanse nan lavi. Se sa ki eksplike yo konn tonbe nan pwoblèm osnon fè move chwa nan lavi yo. Lè yo fè yon move eksperyans, nou tou kondane yo pou tout vi yo, san n pa ba yo chans pou korije osnon pou yo aprann. Sosyete pa konstwi konsa. Nou tout, menm sila yo ki pi saj nan nou yo fè erè. Paske yon jenn moun pran yon move direksyon yon fwa nan vi l, sa pa vle di li pèdi pou tout lavi li. Nou gen responsablite pou n lonje men bay sila yo ki pèdi pou montre yo direksyon bon chimen. Sa pa vle di y ap pran men nou nan moman nou lonje l ba yo. Nan moman lajenès ap fè wondonmon, li difisil pou n frennen yo. Yo gen fòs, enèji ak volonte pou fè sosyete a aksepte yo jan yo ye a. Sèl sa nou ka itilize anfas yo, se sajès nou ak eksperyans nou, nan fè yo konnen nou te nan laj yo yon epòk. Si nou rejte yo, nan jan n pale ak yo osnon nan fè yo sonje move zak yo te komèt, nou kreye plis pwoblèm pou kominote a. Pa gen moun ki aksepte pou lasosyete rejte yo pou kèlkeswa rezon an. Nou-menm lè nou fè sa k pa sa, nou chache konnen ki jan n ka prezante tèt nou, pou n fè moun parèy nou aksepte nou. Si nou kontinye meprize vagabon ak sila yo ki fè sa k pa sa, gen chans pou yo vin tounen gwo danje pou kominote yo. Nou toujou òganize konferans pou ti moun lekòl pou n ka ba yo direksyon; alòske sila yo ki nan lari a plis bezwen yon zòrèy pou yo pale pwoblèm yo. Yo plis bezwen asistans nou pase sila yo ki lekòl; men, se yo-menm nou plis meprize.

Toujou gen mwayen pou fè yon enpak nan lavi yon jenn moun. Se responsablite nou-menm ki pi gran yo, pou n trase bon egzanp pou sila yo ki pi piti, sitou sila yo ki plis nan bezwen.Yo bezwen tout sa nou ka ofri yo, ki

ka ede yo pwogrese. Sonje tou, se pa lajan ak byen yo bezwen nan men nou. Lajan pa ka achte byennèt. Jenn moun yo bezwen konsèy, yon ti chita pale ak sajès, yon ti souri, ki dèfwa, kapab se pi gwo kado nou ka ofri yon moun. Sa fè moun nan panse tout moun pa rayi li, sa ba l lespwa pou l viv. Sa fè l santi l pa depaman, li se youn nan nou.

Pran tout dispozisyon pou nou pa yon pwazon pou pwòp tèt nou; paske sa n plante, se li n ap rekòlte. Ti moun se ti moun; ke yo pòv, ke yo rich, kè yo pa gen diferans. Yo tout se inosan nan je Bondye, se pou sa li ofri yo wayòm li an.

Gen moun k ap tann yo prezidan pou yo fè kichòy pou kominote kote yo soti, n ap di yo: Atansyon. Lè yo vin prezidan, y ap tèlman okipe ak zafè politik, yo p ap gentan pou fè anyen nan sa yo te konn pwomèt y ap fè. Anpil nan nou panse lidè politik yo responsab tout sa k ta dwe fèt nan yon kominote. Li pa posib, manm kominote a gen plis responsablite pase lidè yo. Yo se manm kominote a tou. Apre manda yo fini, yo vin viv menm jan ak tout moun. Reprezante yon kominote ta dwe lonnè yon sitwayen; men, majorite lidè nou yo se yon djòb yo genyen. Se pou lajan ak privilèj pozisyon an ka ofri yo, yo di y ap sèvi kominote yo. Yon jou n espere n a gen lidè politik ki kwè nan devlòpman kominote yo san se pa enterè pòch yo y ap defann. Se youn nan rezon ki fè toujou gen goumen nan eleksyon nou yo. Menm lè eleksyon fini, batay la pa janm fini.

Fè sa n kapab fè jodi a, osnon chak jou nou kapab, anvan l twò ta. Fè devwa nou chak nou nan sitiyasyon, pa gade sou lòt moun ki akote nou. Moun sa a gen respnsablite pa l, li gen obligasyon pa li. Pa kite kritik dekouraje n tou. Chache konnen ki sa responsablite nou anvè kominote ak peyi nou ye. Fè atansyon tou pou n pa

pwofite pozisyon nou nan kominote a, pou n eksplwate moun nou ta dwe ap sèvi yo.

Nan yon peyi tankou Ayiti, kote moun yo tèlman pòv osnon pa konprann sa k ap pase bò kote yo; malere peyizan toujou vle ofri lò ak dyaman bay tout moun ki fè byen avèk yo. Si nou abize aksyon bon kè nou, pou eksplwate yon moun osnon yon ti moun nan kèlkilanswa fason an; aksyon nou fè a vin pa gen valè ankò. Li pi grav toujou lè avantaj nou pran an ka lakòz domaj moral ak domaj fizik kay yon ti moun.

Menm jan ti moun pa janm bliye byen nou fè ak yo, se konsa domaj nou fè yo ap make lavi yo pou toutan. Asire nou, ti moun yo sonje nou, pou sa nou fè ki bon. Lè yo vin gran, y ap sonje ki moun ki te fè yo soufri, osnon ki lès ki te fè byen avèk yo.

Gen moun tou, pozisyon yo nan sosyete a ak rad ki sou yo fè lòt moun fè yo konfyans, alòske yo ka gwo kriminèl. Gen krim anpil moun ka fè sou ti moun ki ka pa janm pran lari akòz lapèrèz lòt pi gwo zak kriminèl moun sa ki nan pozisyon ka fè sou yo. Kriminèl sa yo pa ta renmen pèdi repitasyon yo. Anpil moun p ap vle kwè tou, si n ta di yo krim moun sa a komèt sou ti moun, fanm osnon moun k ap travay lakay yo. Tout sa se paske sosyete nou an pa chita sou pwoteksyon dwa pyès moun. Kriminèl sa yo gen lisans pou fè sa yo vle ak menase moun yo vle. Tankou *Nicolas Machiavel* di li: lèzòm ap toujou chache vanje ti krim yo fè yo; men gwo krim yo tèlman simen lapèrèz nan tèt viktim yo ke yo p ap janm panse vanje yo.

Krinimèl sa yo ki kouvri anba bèl figi, bèl kostim ka pran tout koulè, tout fas ak tout fòm. Yo ka se pè k ap dòmi ak bib la anba tèt yo. Yo ta dwe sèvi modèl pou lajenès ak tout lòt moun. Yo ka wougan, pastè, chè frè, chè sè, direktè ak pwofesè lekòl ak legliz osnon sitwayen

ki gen prestij nan zòn nan. Repitasyon fanmi, lajan, pozisyon sosyal ak politik ka kouvri anpil krim, paske lajistis nan peyi nou an pa sa l ta dwe ye. Kriminèl sa yo jwenn pwoteksyon paske se moun k ap dirije nan plas lalwa. Sa pèmèt chak moun ki nan pozisyon pou bay jistis ka vann li bay sila yo ki plis ka peye pou li. Devan Bondye, nou tout egal; gouvènman nou yo ak lwa entènasyonal pwomèt nou n ap egal devan lajistis ; men, nou lwen egalite sa a.

Tout moun sa yo, nou sot site la, se moun paran toujou vle fè konfyans ak pitit yo, akòz valè moral yo ta dwe genyen. Li nòmal; men, pi gwo kriminèl se konn moun sa yo tou. Anpil moun k ap li liv sa a ka santi y ap tranble nan pantalon yo, lè yo tande verite a vèt konsa; men, se sa l ye, nou pa akize pyès moun. Sila yo ki koupab zak bandi sou moun ak ti moun natirèlman ap santi yo mal alèz. Yo ka menm santi se avèk yo n ap pale, alòske nou pa konnen yo. Si yon moun ta santi l touche pa sa li sot li la, paske l konnen li te komèt, li komèt osnon li t apral komèt yon krim sou yon ti moun, yon fanm osnon yon moun kèlkilanswa laj li; se pètèt moman pou soukwe tèt ou, pou di w regrèt aksyon ou. Sa w ka fè ki pi bon, si w gen kouraj, se al kote viktim nan, pou mande l padon. Si w refize rekonèt ou te komèt yon zak kriminèl, w ap mal pou konfese peche sa a epi pou mande padon pou li. Ou gen chans pou komèt krim ki pi grav pase premye a nan eseye kase fèy kouvri sa. Krim pa ka kouvri krim, yon move aksyon pa ka korije yon lòt. Pou pwoteje repitasyon w, ou ka pito touye moun ou fè abi sou li a pou kache krim nan. Nan tèt ou, si w touye moun nan, krim ou te fè a disparèt. Se pi gwo manti w ka bay tèt ou. Konsa, ou panse moun p ap janm konnen w se yon kriminèl; men, papa Bondye ki nan syèl la konnen kilès ou ye pi byen pase w. Sa k pi grav la, ou p ap janm

ka padonnen tèt ou pou krim sa yo. Se sèl ou-menm ki konn ki mal ou fè konsyans ou. Ou gen pitit, ou gen fanmi, ou ekspoze yo a zak kriminèl osnon a malediksyon k ap soti nan syèl la. Ou ka wè ak 2 je w kòman y ap peye pou krim ou te komèt. Ta sanble krim nou fè jodi a, se menm kote a nou peye pou yo; pa gen afè tann pou lòt jenerasyon ankò.

Rann tèt nou itil nan pwoteje kretyen vivan parèy nou ki bezwen asistans nou. Aksyon nou komèt jodi a ap swiv nou jiskaske nou mouri. Anvan nou mouri n ap gen pou n wè bagay nou pa janm ta swete wè, sèlman paske nou pa te fè devwa nou lè nou te gen chans pou n te fè li.

Ti moun nou pa te ede lè nou te kapab, sa nou te fè abi lè nou te eksplwate yo, sa nou te mare figi nou ba yo, sa nou te tounen do n bay lè nou te dwe ri avèk yo; se yo-menm k ap gran moun denmen. Se menm yo-menm nan k ap rale baton anba zèpòl nou pou fè n tonbe sou figi nou, lè n gran moun. Malchans pou nou, lè sa a, pa gen moun k ap wè sa, menm jan nou te panse pa gen moun ki te wè nou, lè nou t ap maspinen yo. Se menm papa Bondye a, k ap chita sou fotèy li, ak pip li nan bouch li, ak men longè kachimbo l k ap di : sa w plante, se li w rekòlte. Pa kite konsyans nou tounen pi move ènmi n nan egzistans nou. Li ka detwi moun nou ye ak tout moun ki bò kote nou. Bonte Bondye ak pinisyon l vini sou tout fòm.

Li fasil tou pou yon moun fèmen je l sou move zak k ap pase bò kote li. An n pa tann se lè sèkèy la rive devan pòt lakay nou, pou n kòmanse ap rele. An n bay ti moun konsèy ki ka ede yo vin bon sitwayen. An n veye move je k ap fè dappiyanp sou ti inosan yo pou fè zak malonèt sou yo. An n mete lajistis okouran sa nou konnen, lè nou wè osnon nou sispèk move je ap file lang yo tankou

koulèv pou detwi lonnè ak lavi ti moun. Mete n nan plas paran ti moun sa a, panse a pitit pa nou. Eske n t ap renmen wè malè rive pitit ki sot nan vant nou? Tankou youn nan konferansye yo te di l nan yon konferans pou lajenès ki te fèt nan IPEPH (Muzak, LaVale Jakmèl) nan mwa dawou 2013, n ap repete: Pwoblèm ki fè n pa ka debarase n de krim nan kominote nou yo, se pa entansyon ak aksyon kriminèl la; men, se pito feblès nou nan rapòte kriminèl yo ak nan chache jistis pou viktim yo. Pa chita gade, chita gade p ap mennen nou pyès kote.

Nou konnen nan peyi nou an moun mouri tout jan. Genyen anpil fwa, se manje yo manje yo pou pawòl yo di osnon pou aksyon yo fè. Gen anpil lòt ki mouri inosan san yo pa konn poukisa. Ayisyen frè nou yo pa konn valè lavi, kòman pou yon moun ponyade yon lòt pou ka pran 50 goud nan pòch li? Pou ti krik ti krak, nou vann konpè nou ak dyab pou n pran zonbi l mete veye jaden yanm nou? Lavi se yon don sakre li ye, nou dwe aprann apresye ak respekte valè lavi. Kondisyon yo te mennen nou nan peyi a ak jan yo te trete nou te fè n pèdi anpil nan estim nou. Se kapab rezon sa a ki fè n vin pa gen respè pou lavi frè ak sè nou yo. Li lè pou n kòmanse gade nan yon lòt direksyon. Li lè pou n kòmanse aji yon lòt jan. Li lè pou n kòmanse konprann ak aksepte wòl lajistis. Paske nou mennen yon moun devan lajisitis, moun sa pa ta oblije ènmi nou. Se pou sa lajistis la, pou ede n antann nou lè youn pa ka dakò ak lòt sou yon sijè. Moun nou detwi a kite madanm, pitit, manman, papa ak lòt fanmi dèyè. Genyen nan moun sa yo ki depann de moun sa a nou detwi a. Youn ap bay lòt kout poud, youn ap koupe ke bèf lòt. Nou ka fè aksyon ki pi bon pase sa yo. Nou ka konstwi yon repitasyon ki pi bon pase sa pou tèt nou, pou fanmi nou ak pou kominote nou. An n fè aksyon ki pou kenbe lespri nou ak konsyans nou anpè.

An n sipòte, lajistis, ak sila yo ki san defans, se konsa nou sipòte kominote nou. Chita gade ka lakòz gwo domaj pou nou, pitit nou, vwazinaj nou osnon moun nou konnen. Fè aksyon pou lè n al dòmi pou letènite pou n santi nou pa regrèt anyen nan zak nou te komèt, osnon nou te pèmèt yon moun fè sou yon lòt. Se travay chak moun pou pwoteje konsyans yo ak kominote kote y ap viv. Yon moun ki pa rapòte yon krim li wè vin pi kriminèl pase kriminèl la.

Karaktè nou kòm pèp

Istwa nou kòm yon kominote, se tout sa nou fè, tout sa nou ye ak tout sa lòt moun fè nou. Nou konnen nou te nan esklavaj yon epòk; nou goumen pou nou wete tèt nou anba li. Jounen jodi a, pa gen nan nou ki pote etanp non pyès mèt sou fontenn nou osnon sou lestomak nou. Nou se mèt tèt nou. Nou gen youn nan pi bèl istwa sou tè a. Istwa peyi nou an se yon istwa ekstrawòdinè. Chak kominote gen istwa pa li. Se sitwayen k ap viv nan kominote sa a, ki fè osnon ki ekri istwa sa a. Istwa nou se pa sèlman sa nou sonje nan tèt nou ; men se sitou, sa ki ekri pou lòt moun ka konnen ki moun nou ye ak ki jan nou viv. Anpil fwa, istwa se pa sa n chwazi pou n fè; men se pito sa lanmou nou pou kominote nou pouse n fè san n pa panse a tèt nou osnon a denmen. Enterè kominote ak peyi nou dwe pi enpòtan pase enterè prive nou. Se konsa tou pou n konn si n se patriyòt pou tout bon. Pifò nan zansèt nou yo mouri san yo pa gentan goute libète yo te goumen pou li a. Men, yo te vle pou nou-menm pou n pa t pase anba chenn esklavaj ki te make lespri yo ak kò yo. Nou dwe kòmanse travay pou jenerasyon k ap vini nan 25, 50, 100, 200 zan.

Nou gen pwoblèm edikasyon nan sosyete nou an, nou tout rekonèt sa. Nou gen 2, 3 grenn nan nou ki fè gwo etid; men, jan nou resevwa ledikasyon sa a pa konekte nou ak kote nou soti a, ni ak moun nou ye a. Li plis separe nou ak rasin nou. Nan lekòl yo, yo pale franse ak nou, kou nou rive lakay franse a pa gen plas li. Nan tan lakoloni pa te gen lekòl nan peyi a pou gran gran paran nou yo t aprann li ak ekri. Tout sila yo ki te

merite resevwa ledikasyon te blije pati ale byen lwen nan peyi tankou LaFrans, Bèljik, LaSuis elatriye...pou al chache edikasyon sa a. Jouk jounen jodi a, fanmi ki bezwen montre yo pa menm ak lòt yo voye pitit yo al etidye nan peyi etranje. Pa panse nou pa konnen sila yo ki al etidye aletranje yo pote nan peyi a anpil konesans ak eksperyans nou ka pa genyen lakay nan inivèsite nou yo. Men, sa pa ta dwe rezon pou yo pase yo devan sila yo ki pa te gen mwayen pou vwayaje; men, ki rive fè menm etid sa yo nan peyi a. Nou p ap mande tou pou yo bay sila yo ki te rete nan peyi a avantaj sou lòt yo ; men, nou ta swete wè se pito sila yo ki plis merite ak ki plis kalifye ki jwenn pozisyon. La a, nou wè nesesite pou tout moun ta jwenn menm opòtinite, mete tout moun sou menm liy pou yo demare. Bay jenn ki pi kalifye yo chans yo pou yo konpoze pou kèlkeswa pòs travay la; ke yo sot andeyò, ke yo se moun lavil. Nou p ap akize tou sila yo ki jwenn èd leta Ayisyen pou al etidye lòtbò. Nou ta renmen mande leta kounye a pou l ta mete moun sa yo nan pozisyon pou yo tounen vin ede peyi a yon ti kras tou apre etid yo. Tan pou leta ta ap fè pwomès bay manje, bay bwè ak anpil lòt fo pwomès, nou panse otorite yo gen enterè pou ta ofri pèp la sekirite, edikasyon ak enfrastrikti pito. Se kèk nan bagay pèp la paka ofri tèt li, e ki ka kalme lespri tout moun ki ta renmen vin ede peyi a vanse. Tout Ayisyen gen dèt anvè peyi a ak zansèt nou yo ki te goumen pou ban nou lonnè ak diyite moun. Gen peyi ki di yo se zanmi peyi Dayiti ki pran plezi ofri jenn pwofesyonèl ki fin resevwa fòmasyon gratis nan inivèsitè nou yo viza pou vin viv lakay yo. Konsa, yon pakèt nan doktè, enjenyè, avoka, agwonòm, kontab nou yo ki ta dwe ap ede nan bati peyi a, al rekonèt yo kòm kesye nan makèt nan peyi sa yo. Peyi sa yo montre nou jan yo ipokrit, paske yo di se ede y ap ede Ayiti. Jou tout

pwofesyonèl ayisyen ki simaye toupatou sou latè ta deside kontribye nan rebati peyi sa a ak yon konsyans nasyonal, anpil moun a sezi wè Ayiti sa a. Chaje Ayisyen entelijan, kalifye ki nan gwo pozisyon toupatou nan peyi etranje yo. Sèl kote yo p ap ka fonksyonnen se: Ayiti. Jan kòripsyon kangrennen gouvènman nou yo, peyi a tounen simityè pou tout bon pwofesyonèl ak tout Ayisyen ki ta renmen ede rebati li.

Mesye dam gwo palto ki fè gwo etid aletranje yo, nan anpil ka, konn resevwa yon edikasyon ki pa gen anyen pou wè ak reyalite peyi nou an. Men, premye moun leta peyi nou an ap chache pou bay gwo djòb se moun sa yo ki pa gen ankenn santiman patriyòt. Anpil fwa se pou koneksyon politik yo, non fanmi yo ak koulè po yo. Anpil ladan yo konn gentan vann nanm yo ak peyi kote yo t ap etidye yo; ki ka ofri yo kèk avantaj anbachal. Sitwayen sa yo, menm lè yo se Ayisyen, gen dwa p ap defann enterè peyi a osnon enstitisyon yo reprezante yo a 100 pou 100. Se sa ki ban nou anpil nan sitiyasyon patriyòt machann peyi ki te toujou la ap toupizi peyi a. Se rat kay k ap manje pay kay.

Anpil etranje tout koulè konn debake nan peyi nou an ak diplòm papye fen yo achte $1 pou y al travay kòm espesyalis tout metye pou gwo salè vèt pandan yo kite natif natal ki kalifye sou ban ap vale pousyè. Anpil fwa, yo pase sila yo ki sot etidye aletranje yo devan etidyan lokal yo. Se yon fason pou diminye valè Ayisyen ki etidye nan peyi a, ki aprann menm metye a. Tout sa lakay pwodwi, nou di l deja, pa gen valè nan je nou. Jenn k ap etidye nan gwo vil yo panse yo pi byen fòme pase sila yo ki andeyò paske yo gen limyè. Men, kòm tout moun se nan balèn y ap etidye kounye a ak fenomèn blakawout la, nou espere etidyan nan mòn yo a jwenn yon ti respè. Sistèm nan ankouraje yo teste nou sou ki sa nou pa ka fè,

ak ki sa nou pa ye. Li pa bay sa nou ye, sa nou fè, ak sa n ka fè enpòtans. Pwofesè nou yo bay egzamen pou wè ki sa ti moun nou yo pa konnen ak pou wè ki jan yo ka kole yo pi byen.

Yon moun ki konn li, ekri, ki te pase de jou lavil, anpil fwa, lè l retounen andeyò se wa l ye. Si l ka pale de mo franse pou blofe peyizan menm, se pi rèd. Wa p ap kouzen l, prezidan p ap bòpè li. Nou konprann tou, ant nou-menm Ayisyen, nou toujou ap chache mwayen pou n montre frè n ak sè nou yo, nou pa menm ak yo. Nou toujou ta vle montre lòt yo, nou pi bon ak pi bèl pase yo, nou pi rich pase yo. Nou refize respekte sa moun ki kanpe anfas nou yo ye. Nou ta renmen lè nou gade frè nou ak sè nou yo, pou se imaj pa nou ki parèt nan figi yo. Sèl moun ki bon, ki bèl, ki konn pale, ki entelijan : se nou. Jan nou panse, jan nou wè bagay yo, ta sanble se sèl li-menm ki bon. Ki sa nou fè ak valè, ak karaktè moun ki anfas nou yo?

Nou ka diferan youn de lòt; men, sa pa fè nou pi bon pase yon lòt. Bondye kreye nou chak ak karaktè nou, ak valè nou, ak moral nou. Se pa entansyon Bondye pou nou tout te sanble youn ak lòt osnon pou nou tout te aji menm jan. Diferans ki genyen ant ou-menm, mwen-menm, li-menm nan, se li ki fè nou chak apresye lavi, epi ba l sans. Sila yo ki fò, ka ede sa ki fèb yo. Sila yo ki rich, ka ede sa ki pòv yo. Sila yo ki konn li, ka ede sila ki pa konn li yo. Se diferans nou yo ki balanse lavi nou. Doulè pa t ap doulè, si pa te gen lasante. Nou pa t ap janm apresye limyè solèy la, si nou pa te konnen li gen pou l fè nwa. Si pa te gen wi, pa t ap ka gen non. Chaje lòt egzanp nou te ka itilize pou montre ki jan diferans nou yo se balans lavi nou.

Nou pa dwe bouke di Bondye mèsi, si li fè n kado kichòy, yon lòt pa genyen. Pawòl la di, Bondye konn bay;

men, li pa konn separe. Se pa vre, li konn separe, li bay nou chak sa l panse nou merite. Li ban nou sa l panse n ap bezwen. Nou panse l te dwe ban nou tout sa nou vle, pou l ta konn separe. Men, anpil fwa, sa nou vle gen dwa tounen pongongon pou nou. Kòm li wè pi lwen pase nou, se pou rezon sila, li ban nou sa l konnen ki bon pou nou.

Moun ki pi avanse ak eklere nan yon kominote ta dwe ede kominote sa a avanse. Se moun sa yo ki gen limyè pou klere kominote sa a. Si yo pa liminen nan je lòt sa ki gen yon sèl grenn je osnon ki avèg yo; anpil nan yo pral tonbe nan tou. Ki jan n ap santi nou, si nou wè yon malè pral rive yon kretyen vivan parèy nou, epi nou pa ede l evite malè a? Menm lè se sèl nou-menm ki konn mal nou fè a, sonje Bondye pa janm pa la. Kote konsyans nou?

Nan ka pa nou, Ayisyen, ledikasyon pa rive touche anpil nan nou. Ledikasyon se pi gwo zam nou ka itilize pou konbat lamizè ak inyorans. Ledikasyon chanje eta kè moun. Ledikasyon ak limyè mache men nan men. Chak fwa nou gade yon moun ki gen levasyon ak ledikasyon; nou wè limyè nan tout kò moun sa a. Sajès li, jan l pale ak moun, jan l konpran moun, konsèy li bay dwe ankouraje lòt moun al chache limyè sa tou.

Malchans pou nou, limyè sa a pa rive travèse nou-menm Ayisyen jan l ta dwe travèse nou. Sikonstans ak reyalite nou yo fè jalouzi, ipokrizi, ak egoyis pran devan nan prèske tout sa n ap fè. Sila yo ki gen limyè, si yo eseye liminen, chaje lòt k ap tenyen yo pa fòs. Nou pa gen dwa pou nou diferan de moun ki bò kote nou. Si y ap mache sou yon pye, menm lè nou gen 2 pye, fòk se sou yon pye yo vle wè n mache tou. Nou pa ka fè pwogrè, paske lapèrèz anvayi tout kò nou lè nou anvi fè kichòy ki bon. Nou se kretyen vivan, nou gen bon kè,

nou se imaj Bondye, nou ka fè sa k bon. Eske n ap kite lapèrèz fènwa move nanm toupizi bon entansyon Bondye mete nan nou pou pi lontan? Si nou pran limyè Bondye mete nan nou an, nou foure l anba kabann pou lòt yo pa wè l, n ap gen kont pou n rann yon jou. Lè nou konnen nou te ka fè pi plis pase sa nou fè, pi gwo chay nou ka gen pou n pote, se chay konsyans nou. Fòs fènwa pa ta dwe ap mache tenyen limyè jan l vle; men, pi souvan se sa nou wè. Rezon an se paske l pi fasil pou fè sa k mal pase byen kote inyorans se wa. Inyorans pa gen konsyans ni balans, e li koute chè. Yon nèg lage kabrit nan jaden w, ou koupe tèt kabrit la, l al vann ou nan zobop. Pou yon pye lam ki tonbe sou lizyè tè nou, m di se pou mwen l ye; ou di se pou ou l ye; diskisyon pete, manchèt rale, tan pou n al pote plent lajistis, m al vann ou kay bòkò.

Malgre sitiyasyon nou an, yon fwa de tanzantan, toujou gen yon ti lòsyè limyè ki parèt tèt li. Toujou gen lespwa pou fènwa pa fin anvayi nou nèt. Istwa nou kòm pèp chaje move moman kote pa te gen lespwa pou nou te vin yon Nasyon. Youn nan pitit peyi a toujou kanpe pou leve drapo nou an pou fè l flote pi wo. Si nou se limyè, sa vle di, nou pa ka kache.

Kominote nou an se pi gwo kado zansèt nou yo kite pou nou. Tout sila yo ki te fè sakrifis pou mete l kanpe, konte sou nou, sitwayen jodi a ak sitwayen denmen yo, pou kontinye travay yo te kòmanse a. Plis nou vanse nan laj, se plis nou konprann ki gwosè responsablite nou genyen kòm sitwayen nan yon kominote. Nou swete nan lekòl nou yo, yo te kontinye anseye enstriksyon sivik ak moral. Menm lè sistèm nan pandan lontan t ap andoktrinen nou, jodi a nou gen chans, nou ka pale di sa k nan tèt nou. Nou sèlman poko vle aksepte lide ki pa menm ak pa nou; men, nou gen pou n rive la yon jou.

Kwi pòv pa mal pou kase

Pou sila yo ki pa gen bon memwa, n ap mennen nou tounen nan kòmansman ane 80 yo. Anpil nan nou te ti moun toujou. Nou pa te twò konprann aktivite grandèt yo t ap mennen, ni nou pa te gen dwa poze yo keksyon tou. Men, nou te gen zòrèy ak je, ki vle di nou te ka tande, plis nou te ka wè ak obsève. Anpil bagay nou te wè ak tande, se byen ta nan lavi, nou vin rive konprann yo. Nan LaVale nou gen kèk mouvman ki te make nou. Nou anrejistre anpil enfòmasyon lè nou ti moun; epi, lè n ap grandi, nou konprann yo pi byen. Se menm jan ak règ gramè nou aprann pa kè nan klas primè yo, nou pa konprann yo nan moman nou aprann yo. Se lè nou vin ap vanse nan lekòl, nou konprann yo pou tout bon paske n oblije aplike yo.

Plan Parenaj parèt LaVale nan ane 70-80 yo. Youn nan pi gwo sitwayen nan istwa LaVale ak nan epòk la, *Philippe Jules*, te kowòdonatè Plan an pou rejyon Sidès la. Se te yon delivrans pou popilasyon an, tèlman yo te gen pwojè devlòpman. Mo pwojè a te tou vin antre nan vokabilè moun LaVale. Depi gen òganizasyon osnon blan, nou kòmanse ap mande pwojè. Anpil fwa pwojè ki devlope yo benefisye yon moun osnon yon gwoup moun. Menm jan toujou gen anpil pwojè pou wout la, ki vin pi mal chak jou. Pa gen moun tou ki ka pran chans mande yon otorite osnon yon sitwayen kote kòb pwojè pase. Si jamè yon moun ta louvri bouch li, gen chans pou yo elimine l tankou lafimen. Ta sanble wout LaVale a vin tounen biznis pou otorite yo menm jan lamizè tounen biznis pou leta ak ONG yo. Men ta sanble Bòn Sante resi dakò pou wout sa a fèt.

Nan menm lide makònen lanmizè youn ak biznis yon lòt la; moun tout koulè aletranje, te konn voye 3 oubyen 5 dola pou kèk fanmi andeyò nan non yon ti moun. Ti moun sa a, se fiyòl moun ki voye kòb sa a. Menm mouvman sa a ka ap kontinye jounen jodi a, nan anpil lòt peyi sou menm fòm nan. Ti moun sa yo ekri lèt ak fè desen voye bay parenn osnon marenn yo, pou di mèsi. Gen parenn ak marenn ki konn ekri fiyòl yo tou. Menm lè youn pa pale lang lòt, reprezantan Plan an, menm lè yo pa pale lang parenn ak marenn yo, sèvi entèmedyè pou n pa di entèprèt. Se yon bèl jès solidarite. Anpil moun LaVale benefisye latrin, kay tòl pou ranplase kay pay, glasi ak lajan pou peye lekòl pitit yo. Nou pa ka site ki kantite byen Plan Parenaj fè pou anpil moun LaVale. Yo te jwe yon gwo wòl nan elimine kay pay. Jounen jodi a, nou ka jwenn yo ap ede nan anpil gwo travay devlòpman ak enfrastrikti.

Piske gen lajan, gen anpil move kout plim ki te fèt tou nan administrasyon pwojè Plan Parenaj yo. Sosyalman, Plan Parenaj te vin kreye anpil pwoblèm tou nan mitan moun ki t ap travay pou li yo. Yo te pi gwo anplwayè LaVale pandan lontan. Moun sivilize yo konnen pou yo antann yo lè enterè yo menase; men, nou-menm Ayisyen, nou poko konprann sa twò byen. Anbisyon, politik ak ipokrizi fè nou trayi youn lòt, lè nou bezwen favè ak pwoteksyon pou enterè pèsonèl nou. Kominote LaVale a te kòmanse soufri menm kote anplwaye yo te kòmanse melanje responsablite pwofesyonèl yo ak politik. Kòm politisyen pa gen nanm ni konsyans, yo itilize sitiyasyon Plan Parenaj la pou taye kazak ki twò jis osnon ki twòp mete sou moun ki pa nan kan yo. Divizyon politik se premye koz ki t apral divize moun LaVale youn kont lòt. Piske nou se yon kominote ki bati sou fratènite, respè ak renmen, sa fè nou pa tande twòp zak malonèt pase sa.

Chak mwa, fanmi yo al kanpe nan liy pou siyen pou 3 osnon 5 dola sa a. Anpil nan nou te konn al chache l pou manman nou kèk fwa. Li difisil pou jwenn yon moun LaVale ki pa te gen yon ti moun nan Plan Parenaj. Sila yo ki pa te gen ti moun nan laj pou pwogram nan, te konn prete pitit nan men sila yo ki konn sanble gen twòp. Ti kòb sa a nan epòk la te reprezante kichòy pou fanmi ki te chaje ti moun yo. Li te reprezante kichòy pou kèlkilanswa fanmi an, paske nou tout se menm aktivite nou te genyen. Pa te gen rich, pa te gen pòv nan kominote nou an. Nou tout plante mayi, pwa, pitimi, patat, yanm ak manyòk pou n manje. Nou tout chita tann lapli tonbe pou wouze jaden nou pou n ka rekòlte. Mo nèg anwo ak nèg anba pa t ankò egziste. Piske tout moun LaVale te gen diyite, nou tout te rich. Devlòpman ak pwogrè nan ledikasyon chanje imaj sa a jounen jodi a. Sila yo ki te envesti pi bonè nan ledikasyon kòmanse ap rekòlte sa yo te simen. Alòske sila ki te plis kwè nan achte tè ak bèf kontinye ap viv san yo pa wè gwo chanjman nan kondisyon yo.

Malchans pou nou, dapre sa n vin konprann lè n vin pi gran; mouvman Plan Parenaj la te tou devlope depandans peyizan yo sou lajan ak èd k ap soti yon lòt kote. Moun LaVale tou kòmanse demisyone nan responsablite yo anvè tèt yo ak anvè kominote a. Yo te kòmanse kwè devlòpman zòn nan, se sou kont blan ak politisyen piyajè l ye. Piske youn te toujou ap voye toya destriksyon bay lòt nan mesaj yo, pèp la vin konprann jwèt la. Kòm rezilta, kominote a vin divize an klan politik. Jounen jodi a, divizyon sa a kontinye ap krache lagoum nan figi moun LaVale. Dapre nou-menm, se premye kalòt diyite peyizan LaVale te pran. Men, yo pa te ankò santi li. Jodi a gwo malediksyon mandisite k ap ravaje kominote nou an gen rasin li nan mouvman sa a.

Mouvman tèt ansanm moun LaVale te kreye pou sipòte kominote a soufri tou akòz egoyis ak ipokrizi ki vin chita nan mitan pèp la.

Chak nou fèmen je nou sou responsablite nou osnon nou pa antann nou sou sa n dwe fè; yon lòt moun ap jwenn mwayen pou vin di nou sa n dwe fè ak ki jan n dwe fè li. Nan mitan divizyon sosyal ak politik sa a, etranje soti byen lwen pou vin blofe nou, malchans pou nou yo atake nou nan san nou.

Anpil ti moun ki te nan Plan Parenaj te blije deplase kite kay paran yo pou ka favorize fanmi ki pa te gen ti moun nan laj la pou patisipe nan pwogram nan. Nou pa vle konekte deplasman ti moun sa yo dirèkteman ak fenomèn restavèk la, ni ak sijè nou pral pale pi ba. Men, nou tout ka konprann ki sa ki ka rive, chak fwa yon ti moun blije kite kay paran l pou al viv yon lòt kote. Opinyon sa a, se opinyon yon gwoup moun; nou pa ta vle lòt moun konprann se opinyon tout moun LaVale. Anpil nan nou ka vle ede yon ti moun, sa pa vle di l oblije kite kay paran l pou l vin abite ak nou. Nou ka ede yo pandan yo lakay paran yo.

Tankou nou sot pale de limyè, gen moun nan yon kominote ki natirèlman reprezante limyè. Nou rele moun sa yo lidè nan kominote a. Gen lòt se pozisyon yo okipe nan kominote a ki fè anpil lòt vle pran yo pou limyè osnon lidè. Men, anpil ladan yo, san yo pa rann yo kont, ka blese kominote sa a. Frè, mè, pè, pastè, direktè lekòl ak legliz, pwofesè, wougan reprezante gwoup moun sa yo. Yo pa bezwen mande pou moun respekte yo, paske tit yo vin ak respè. Natirèlman, nou-menm peyizan, nou toujou pre pou n swiv direksyon moun sa yo trase swivan kwayans nou. Gen kèk nan otorite sa yo ki gen plis responsablite moral pase lòt akòz wòl yo jwe nan edikasyon nan peyi a. Nou ka site pè, frè, mè ak pastè yo

paske nou konnen yo dirije majorite lekòl ki gen nan peyi a. Pandan lontan, moun sa yo se blan yo te toujou ye, yo reprezante Bondye. Si Bondye vle kominike n volonte l, nou kwè se nan bouch yo li mete pawòl li. Nou pa di wougan paske majorite ladan yo se Nèg Nwè tankou nou. Anpil nan nou, ki te pase lekòl kay frè, kay mè osnon nan presbitè, nou ka pa vle dakò ak sa; men, pi gwo otorite nou te konnen lè n te lekòl se te pè, mè ak frè yo. Moun LaVale, nou ka sonje lè meri Jakmèl t ap bay pè Bonnaud pwoblèm pou ranmase kòb taks mache a pou l te konstwi lekòl Ridoré yo *(L'Apostolat en Haiti, Journal d'un missionaire, Léon Bonnaud, page 106)*. Li te ale kot prezidan Lescot pou rezoud pwoblèm nan. Kòmandan seksyon an ki te pi gwo otorite militè ak politik nan zòn nan pa menm te ka panse ale kot prezidan an. Se pou di nou ki kantite otorite lidè sa yo genyen osnon te genyen. Menm lekòl, yo te toujou montre nou Bondye se yon blan l ye, nou te konn panse frè yo ak pè yo gen dwa se frè osnon kouzen Jezikri alòske mè yo kapab sè ak kouzin li. Nan aprantisay literati, yo anseye nou Monstesquieu, Hugo, Balzac, Voltaire, Molière elatriye...Pou nou montre lòt yo se moun klas, moun eklere nou ye, chak n ap pale, nou repete pawòl moun sa yo te ekri. Ki rapò ki genyen ant nou-menm ak moun sa yo? Reyalite pa yo pa gen anyen pou l te wè ak reyalite pa nou. Konbyen nan nou ki vrèman te enterese nan literati lakay nou ? Konbyen fwa nou tande entèlektyèl nou yo repete pawòl *Toussaint Louverture, Dessalines, Duvalier, Aristide, Jacques Roumain, Antenor Firmin, Jacques S. Alexis* nan referans yo ? Nou bliye kolonizatè yo te pran prèske 300 lanne anvan yo te mete lekòl sou zile a. Malgre sa, se te sèlman pou moun te ka ekri non yo. Chak yon pitit tè a te bezwen rive pi lwen ak ledikasyon l, fòk li te pati al nan peyi Ewòp yo.

Pitit Toussaint yo se an Frans yo t al etidye. Yo te tou lave sèvo yo lè yo te voye yo tounen vin jwenn li. Nou ka konprann poukisa pitit li te goumen nan lagè endepandans peyi a kont li bò kote Franse yo pito.

Li bon pou nou konnen tou, milat osnon nwa yo pa te gen dwa aprann metye ki te gen prestij. Ki vle di, yo pa te ka etidye pou vin doktè, avoka, pè, enjenyè, elatriye... Metye ki gen prestij yo te rezève pou blan sèlman.

Konbyen ti moun kounye a nou panse k ap vle chita sou ban lekòl pou aprann kreyòl ? Non, yo montre nou renmen ak apresye sa mèt nou yo, kolon yo te genyen nan rasin yo. Nou vin dakò pou nou bliye tèt nou, pou n ka mache dèyè kolon yo tankou makak. Pandan tan sa a, y ap griyen dan sou nou lè n debake lakay yo. Ipokrizi tèlman grav nan sistèm nou an, anpil nan lekòl ki anseye kreyòl yo pa dakò pou ti moun yo pale l sou lakou lekòl yo. Pwofesè yo tou pa ka fè kou yo an kreyòl, paske yo entèdi yo itilize lang manman nou an nan lekòl nou yo. Yon klas gen dwa pa konprann yon kou an franse, pwofesè a pa gen chwa, li pa ka bay eksplikasyon an kreyòl. Pwofesè nou yo pase plis tan ap prepare fransè yo olye yo travay sou preparasyon kou yo vrèman. Men sou ki sa sistèm edikasyon nou an chita.

Nou panse ak reflechi nan lang kreyòl la epi yo mande pou n itilize franse nan lekòl. Sitiyasyon sa a lakòz anpil pwoblèm nan pèfòmans ti moun nou yo lekòl. Sonje konstitisyon nou an rekonèt kreyòl kòm lang ofisyèl pèp la. Anplis sa, li rekonèt lang sa a kòm sèl eleman ki konekte pèp ayisyen an ansanm. Pa anvan nou rive konprann kreyòl se lang nou l ye, peyi a se peyi nou l ye, konstitisyon an se manman lwa peyi a ki pwoteje dwa nou kòm pèp; nou kondane pou n kontinye fè bak. Tankou n te di l deja, itilizasyon kreyòl nan sal klas nou

yo se yon evolisyon ki dwe fèt vit pou n ka jwenn plas nou pi vit nan mitan pèp sivilize yo.

Jodi a, chak nou gade tèt nou nan glas, nou wè nou se Nèg Nwè; men nou vle pou lè yon lòt moun ap gade nou pou l wè nou tankou yon moun po klè. Sa esplike poukisa frè, pè ak mè blan yo ki te responsab ledikasyon nan peyi a swete yo te ka anseye nou istwa peyi pa yo. Ki enterè yo genyen, pou yo ta pale nou de *Dessalines, Caonabo,Toussaint* ak tout kè yo ? Lè yo te lekòl nan moman santiman patriyotik t ap devlope lakay yo, yo te wè moun sa yo tankou sovaj. Poukisa *Jean Price Mars* pa okipe yon wòl ki pi enpòtan nan istwa nou? Poukisa *V. Hugo* gen tout enpòtans sa a nan literati lakay nou? Yo gen ewo nasyonal pa yo ak istwa pa yo, yo ta renmen onore. Y ap toujou vle prezante *Dessalines* kòm ansasen; men yo p ap pale de chimè ki te rele *Rochambeau* a.

Ipokrizi ki anndan sistèm edikasyon nou an, fè nou-menm, ki swadizan di nou eklere, reprezante pi gwo malè pou peyi a ak kominote nou yo. Nou pa gen idantite, nou pa gen kilti, nou tankou makak tèlman nou vle kopye sa lòt pèp yo ap fè. Nou plis fè efò pou n ka sanble ak kolon yo nan tout sa n ap fè. Sa lakòz, nou pa janm konprann tèt nou twò byen. Si nou pa ka konprann tèt nou, se pa sila yo ki bò kote nou n a rive konprann. *Dessalines* te fè tout sa li te kapab, pou leve figi Nèg Nwè devan limanite. *Matin Luther King Jr* fè sa l te kapab pou amelyore egzistans Nèg Nwè nan peyi Etazini. *Nelson Mandela* mete Lafrik di Sid sou 2 pye li nan zafè diyite Nèg Nwè. Men, jodi a, Ayisyen ki pi eklere yo, yo eklere pou Nèg Nwè parèy yo. Kou yo devan blan, yo foure tye yo anba dèyè yo pou lote peyi papa *Dessalines* nan tankou grenn chabon pou vann ak blan. Se konsa nou pèdi eskanp figi nou kòm yon Nasyon, nou tounen restavèk gwo pisans yo. Yo pa gen respè pou nou ankò. Yon

sitwayen ki te prezidan peyi a ta dwe proteje l kont fòs militè etranje jan konstitisyon nou an mande li. Men nou wè se prezidan peyi a ki envite lòt peyi vin okipe tè papa *Dessalines* te goumen ak mouri pou li a. Nou wè se prezidan peyi a ki ankouraje sòlda etranje kontinye ap pilonnen dwa pèp la anba pye. Bèl istwa endepandans nou an ap gaspiye. Gwo entèlektyèl ti linèt vann prestij nou pou yo ka resevwa lòd ki soti nan metwopòl la anvan tout moun. Pi fò moun ki gen pouvwa nan peyi a osnon ki nan gouvènman an ap travay pou yon lòt gouvènman. Konbyen manm gouvènman nou an ki se ajan CIA? Devan lajan ak privilèj blan an ka ofri yo, yo pa gen Patri. Konbyen trèt nou genyen k ap mache anba drapo nou an ki te jire pou yo respekte ak sèvi nasyon nou an dapre sa konstitisyon an mande.*"Pour le pays, mourir est beau...dans nos rangs point de traitres..."* Si sila yo ki se save, ki fè gwo etid pou ka gen gwo diplòm ak doktora pa konprann ki sa yon Patriyòt, yon Nasyonalis ye; ki jan nou vle pou peyizan yo konprann blan yo, alòske yo pa te gen chans nou te genyen nan ledikasyon? Tout Enstitisyon Nasyonal nou yo sou lobedyans peyi etranje. Eleksyon ki dwe make souverènte pèp la, se kominote entènasyonal la ki peye pou li. Si pou n mete lame kanpe, se menm yo-menm nan k ap gentan pran devan pou kòwonp li anvan l tabli menm jan yo te fè l dènye fwa ak Lame Dayiti osnon ak Polis Nasyonal la. Li fasil pou kòwonp yon moun ki grangou, ki pòv, k ap chache yon lavi miyò. Li fasil pou kòwonp yon Nasyon tankou Nasyon nou an ki pa gen idantite. Pifò jenn jodi a, ak rezon, swete yo te gen yon lòt nasyonalite. Otorite yo pa bay jenès la rezon pou l ta vle sèvi peyi a ankò. Otorite blan sa yo (frè, pè, mè), se Bondye yo reprezante. Se pou rezon sa yo, peyizan obeyi volonte moun sa yo san gade dèyè. Yon gwoup moun yo plase tout respè ak

konfyans sa a nan yo, gen obligasyon moral pou pwoteje sosyete ak kominote kote y ap viv. Li lè, li tan pou nou gen yon Konstitisyon ki se manman lwa ki pwoteje tout Ayisyen san distenksyon. Li lè, li tan pou Konstitisyon sa a sèvi gid pou tout gouvènman nou yo. Jodi a nou santi chak gouvènman k monte ta renmen chanje Konstitisyon an pou yo ka fè sa yo vle ak peyi a. Se konsa li te ye sou premye gouvènman nou yo. Chak gouvènè, prezidan osnon wa te ekri konstitisyon pa yo. Li lè pou n divòse ak sistèm sa a, pou peyi a ka chanje, pou mantalite nou ka chanje. Si otorite yo pa gen respè pou manman lwa peyi a, l ap difisil pou sitwayen yo obeyi lòt lwa ki aplike a jan y ap viv yo.

Nou pa ta vle moun k ap li liv sa a panse nou gen pwoblèm ak yon gwoup moun. Non, anpil nan detay nou sot bay la konsène klèje Ayisyen menm jan ak etranje yo. Sila yo ki al etidye tewoloji nan lòt peyi, lè yo tounen, menm kreyòl la yo bliye pale, lang yo vin lou tèlman yo fò. Apre yo fè lontan nan lonbray etranje yo, lè yo vin gen lavwa ochapit, se yo-menm ki plis ansasinen pèp la. N ap pran prekosyon pou nou pa jeneralize li. Genyen ki respekte vokasyon yo, ki sèvi popilasyon an ak lonnè nan respè ak diyite misyon yo.

Lidè sa yo, gen dwa chaje ak bon lide. Yo gen dwa vle ede, vokasyon yo nou konnen chita anpil fwa sou lacharite ak ede sila ki plis pa kapab yo. Sa pa anpeche gen kèk ladan yo ki ka itilize tit yo ak pozisyon yo pou pwofite amelyore sitiyasyon pa yo osnon sitiyasyon fanmi yo. Gen lòt ki pwofite pozisyon yo tou pou abize ti moun ki plase sou direksyon yo.

Pa bliye tou, menm devan lajistis, nou pa fasil wè lidè sa yo peye pou krim yo fè menm jan ak lòt sitwayen yo. Tit yo, rad ki sou yo epanye yo anpil kontravansyon ak lajistis. Toutotan kouto lajistis la ap monte desann,

nan chwazi ki tèt pou l koupe, sosyete nou an p ap janm vanse sou bon chimen. Lajistis pa dwe gen ni koulè ni santiman. Toutotan se moun k ap dirije nan plas lalwa, limyè lajistis p ap liminen nan mitan nou.

Si nou konnen nou pwofite inosans ak inyorans kretyen vivan parèy nou, sitou ti moun, pou amelyore *sitiyasyon nou osnon sitiyasyon fanmi nou, nanm nou* pral boule nan yon dife ki p ap janm tenyen. Toutotan moun nou abize yo pa jwenn jistis devan Bondye, dife sa a p ap tenyen. Li menm ka kòmanse boule konsyans nou depi kounye a. Repwòch konsyans, se pi gwo maladi nou ka soufri kòm kretyen vivan.

Men, ki sa n t ap fè ak responsablite nou kòm sitwayen si nou ta evite yon sijè konsa ? Konsyans nou pa t ap anpè. Li ta dwe kòmanse boule menm jan ak nanm sila yo ki ta patisipe nan sa k pa sa. Nou pa gen entansyon akize okenn moun n ap itilize kòm referans nan istwa sa a. N ap ekri l pito, pou lasosyete ka jwenn limyè sou ki sa ki te pase ak ki jan nou dwe konprann tèt nou. Si nou reyalize se te yon bon eksperyans, nou ka repete l, men si nou ta jije li pa te bon ; se responsablite nou pou n anpeche li fèt ankò. Chak moun gen dwa gen yon opinyon sou koze sa a. Nou gen dwa pou opinyon nou yo diferan youn ak lòt. Nou dwe respekte opinyon lòt yo menm lè nou pa dakò ak yo. Li pa fasil pou n te antre nan sijè a, men nou prezante anpil detay pou te ka mennen nou nan chapit k ap vini an.

Poukisa se te mwen?

An n adrese yon sitiyasyon sosyal gran pèp LaVale Jakmèl la ap travèse depi prèske 40 an. Nou pran responsablite pou n prezante chapit sa a; nan lespwa espesyalis ki gen gwo konesans yo ka ede n konprann kominote nou yo pi byen. Nou panse li enpòtan pou n pataje lide sa yo ki ka ede nan devlòpman moun ak kominote nou an. Malgre tout volonte n, pou n ta pi bon papa osnon manman pou pitit nou yo, nou pa toujou reyisi. Dèfwa ak konsyans nou, nou santi n ka mande pitit nou yo twòp, osnon nou pa ofri yo ase. Nou gen defo menm jan ak tout moun ; men, akote tout sa, nou gen kalite Bondye ban nou tou. Se kalite sa yo ki klere chimen nou, ki fè n santi n gen yon misyon pou n akonpli nan kominote nou.

Si n lonje dwèt sou yon pwoblèm, se pa paske n mechan; men, se paske n ta renmen wè yon solisyon. Gen pwoblèm ki mande anpil reflechi pou jwenn solisyon pou yo. Genyen tou k ap mande pou sakrifye vi moun pou ka rezoud yo tankou Manuel te fè sa nan *«Gouverneurs de la Rosée» (Jacques Roumain).* Si jamè, sa ta rive, nou ta mouri nan chache solisyon pwoblèm kominote n yo, n ap mouri an pè. Konsyans nou ap an pè tou si rèv nou te genyen an pa mouri ak nou. Keksyon nou pral trete la, li pa konsène yon moun dirèkteman, se yon keksyon sosyal, ki konsène tout kominote a. Men, nou konnen tou, li konsène anpil lòt kominote nan peyi a. Si liv sa a ka ede kominote LaVale a, nou espere l ap ka ede anpil lòt kominote ki ka nan menm sitiyasyon an.

Kominote LaVale a ap soufri nan nanm li. Anpil lidè legliz, ki pètèt te chaje ak bon lide ka t ap santi konsyans yo pa fin anpè, si yo ta vivan toujou. Genyen ladan yo ki nan vivan yo pa t jennen di yo regrèt yo te patisipe nan sa n pral di la yo. Nou di yo bravo! Men n ap evite seye chache konnen ki moun ki te gen rezon osnon ki moun ki te gen tò. Se responsablite tout kominote a, pou tout moun chita ansanm, pou reflechi sou ki jan bon pawòl ka pale nan tout zòrèy pou fè lide vanse. Anpil paran, ka gen kè yo chire pou difikilte keksyon sa mete nan fanmi yo. Gen anpil ti moun tou, k ap soufri nan kò yo, nan lespri yo, nan lavi yo ak nan konsyans yo pou sa ki te pase a, ak jan l te pase a. Gen anpil lidè klèje katolik ki ka pa santi yo twò alèz ak sitiyasyon an tou. Kominote a ka fè silans sou keksyon sa a; men, sa pa vle di li pa santi mouvman kè chak grenn manm li yo k ap vòltije chache nouvèl pitit yo. Anpil analiz nou kontinye ap fè, p ap pèmèt nou jwenn repons pou kantite keksyon nou ta vle poze yo. Men, n ap tou di moun k ap li istwa sa, nou pa gen repons ; se pou rezon sa n prezante l konsa. Repons keksyon yo se nan men nou yo ye. Gen dwa se chita pou n chita bò yon tab pou n pale, konsa n a rive jwenn repons yo ansanm. Sa ka ede n grandi kòm yon kominote. Anpil fwa se atravè difikilte nou yo nou konn rive dekouvri tout fòs nou genyen ki kache nan nou, nou pa janm itilize. Si nou pa rive konnen ki sa ki bon pou nou ak ki sa ki pa bon pou nou ansanm, pa gen mwayen pou n vanse kòm yon kominote. Moun LaVale, men yon lòt okazyon pou nou montre ki moun nou ye tankou nou te fè l deja nan anpil okazyon, nan koudakoud.

Yon otorite legliz katolik, yon pè Ayisyen ki te abite Pòtopwens nan ane 80 yo te parèt ak yon pwogram adopsyon ti moun. Kote l te chita Pòtopwens lan, li te gen mè ki t ap travay LaVale ki te nan sèvis li. Yo t ap

ede l jwenn ti moun pou l mete nan pwogram adopsyon sa a. Nou konnen, pè yo, nan anpil ka gen enfliyans sou mè yo, menm jan yo gen enfliyans sou tout popilasyon kote y ap viv yo. Ekip mè sa yo te kolabore ak pè sa a nan mache chache ti moun toupatou LaVale pou mete nan pwogram nan. Mè sa yo kapab se te moun LaVale osnon yo t ap travay LaVale nan epòk la. Travay al kote paran yo, se te djòb mè yo. Lè yon paran refize bay pitit li, se te djòb mè yo pou te jwenn lòt moun pou rive konvenk yo pou fè yo aksepte bay ti moun nan pwogram nan. Objektif pwogram sa a, dapre sa yo te aprann yo, se te soulaje mizè paran ki te gen twòp ti moun yo. Fòk nou di sa, moun andeyò yo fè anpil pitit tou. Rive yon moman, mè yo pa te bezwen ale kote paran yo ankò. Paran yo vin mennen pitit yo bay mè yo pou kont yo. Olye se pwogram nan k ap mache chache ti moun ; se paran yo ki vin ap mache chache pwogram nan. Kontak ak mè yo, se te yon gwo privilèj nan epòk sa a. Premye moun ki te gen pitit nan pwogram nan se te zanmi, moun pa osnon fanmi mè sa yo. Nou pale de kèk mè ki te nan lekòl Ridore a ki te gen dwèt yo tranpe nan istwa sa a. Sa pa vle di kongregasyon an li-menm te angaje dirèkteman. Gendwa se sèvis mè sa yo t ap rann ak tout inosans yo. Men, yo gendwa te konn fondalnatal pwogram nan tou anvan yo te antre ladan li. Nou konprann disiplin ki genyen anndan enstitisyon sa yo. Nou pa kwè mè sa yo t ap pran lari a ap mache ka moun, fè kontak adwat agoch san moun ki responsab enstitisyon an pa ba yo dizon li.

Nou tout konnen majorite fanmi yo, nan epòk la, te gen 6 a 10 ti moun, pou n pa di pi plis. Sa nou dwe konnen tou, paran katolik yo pa t ap jwenn konsèy nan men okenn otorite katolik pou di yo fè planin. Planin poko ka antre ofisyèlman nan pratik lafwa legliz katolik.

Se yon sijè ki ka mande anpil pale anvan pou n ta jwenn vrè pozisyon legliz la sou li. Sa pa vle di pa gen fòm planin Legliz la aksepte, men se pa nan bouch dirijan yo w ap tande li. Byennantandi, se pa Legliz sèlman ki gen responsablite sa a, Leta peyi a gen responsablite pou ta devlope ak prezante pwogram sa yo pou popilasyon an. Legliz la se yon otorite, men Leta gen plis pouvwa nan domèn sa a. Pi souvan Legliz Katolik plis ka di fidèl yo veye lalin. Sonje tou nan kilti nou, nou pa alèz pou n pale de sèks. Edikasyon sou keksyon sa a pa te rive pi lwen pase sa; paske bib la di *«Croissez et multipliez la terre»*. Nou respekte lavi, se yon bagay sakre li ye, se kwayans anpil nan nou ki se katolik. Lavi a pa te pi bon pase sa tou pou anpil fanmi yo.

Menm lè moun LaVale pa fanatik vwayaje al nan peyi etranje, se te sitou moun ki gen mwayen pati yo ki te wè l konsa. Lòt yo te toujou ap reve ki lè pou yo gen yon moun ki pase anba pye sabliye a? Chak fanmi te toujou swete, yon jou y a gen yon manm fanmi yo ki lòtbò. Se te nan lespwa l a voye chache yo, l a leve yo atè a. Pati, pou anpil nan nou, se yon delivrans. Sa pa chanje jodi a, nou kontinye kwè delivrans nou se yon lòt kote l ye, li pa sou tè Ayiti. Eta peyi a jounen jodi a ka fè lide sa gen plis fòs kounye a pase yè. Se nan lespri sa a anpil Ayisyen te kite peyi a nan ti bato pou al chwe nan lanmè peyi Etazini ak nan lòt ti zile Karayib yo, nan 40 an ki sot pase la yo. Se yon pratik ki kontinye toujou jounen jodi a. Menm lè, nou pa gen kòb, depi yon moun nou konnen ap pati, nou toujou pre pou n ede l kite peyi a. Ki vle di, bay yon ti moun nan adopsyon, nan lespwa l ap pati aletranje, se te yon tikè lotri pou anpil nan fanmi sa yo. Pati kite peyi a tèlman gen enpòtans, nou pa di moun lè n ap pati pou yo pa detounen nou. Se jou n ap pati a n a di vwazinay nou sa, konsa yo p ap gentan pou ta fè anyen kont nou.

Ki sa adopsyon te vle di pou pòv peyizan ? Lwa peyi a di ki jan pou moun adopte ti moun ; men, nou konnen lwa nan peyi a se nan tiwa biwo yo rete ak anba peristil. Ki malere peyizan ki konn ki sa lalwa di sou keksyon adopsyon ? Moun nou panse ki ta dwe konnen pi plis sou keksyon an se moun eklere yo. Pou nou-menm peyizan, moun sa yo pa lòt ke pastè, mè, frè ak pè yo, nou pa menm panse gen avoka ak jij. Se lidè sa yo ki otorite pou nou. Nou kwè nan yo paske se reprezantan Bondye yo ye, se konsa yo te toujou prezante yo ban nou depi ti konkonm t ap goumen ak berejèn.

Ti moun nou panse ki te ka plis bezwen adopsyon se ta dwe òfelen yo. Si yo pa gen manman, papa osnon yon lòt moun ki pou okipe yo, lalwa peyi a deklare yo se òfelen. Si paran natirèl ti moun nan bandonnen l, epi ti moun sa a pa gen pyès lòt moun ki ka okipe l, li se yon òfelen. Pi fò ti moun nou konnen ki te patisipe nan pwogram sa a, pa te reponn a youn nan deskripsyon sa yo. Tout ti moun sa yo t ap viv lakay manman ak papa yo. Se pa moun ki pa te ka okipe pitit yo ki te bay ti moun nan pwogram sa a sèlman. Kèlkilanswa ti moun nan, depi l te nan laj yo te mande a, 6 mwa pou rive 6 zan, yo te aksepte yo. Kouman paran yo te fè chwa kilès nan ti moun yo y ap bay? Nou pa konnen, se keksyon sa a anpil nan ti moun yo ki jodi a gen laj gran moun osnon paran tou ap poze. "Poukisa se te mwen pami tout lòt pitit yo"? Yo bezwen repons. Nou pa konn si n ap jwenn repons, men anvan n al la, nou ta renmen konnen ki kalite papye yo te fè moun sa yo siyen lè y ap pran ti moun yo nan men yo. Nou ta renmen konnen konbyen nan paran sa yo ki te siyen osnon ki te konprann dokiman yo ka te siyen. Nou konnen epòk sa a pa te gen dokiman ofisyèl ki te ekri nan lang pèp la ki se kreyòl. Non sèlman sa, kote gouvènman an te ye ak ki fòm pwoteksyon yo te

bay ti moun sa yo? Ti moun sa yo, èske yo pa fè pati Ayisyen ki merite pwoteksyon gouvènman an?

Eske gouvènman an te fèmen je l sou sa k t ap fèt la, paske se blan ki t ap adopte ti moun yo?

Eske tout sa blan je vèt vle nan peyi nou an se lalwa ; alòske anpil fwa, yo meprize nou-menm peyizan lè nou parèt devan yo?

Eske se paske ti moun sa yo se pitit peyizan yo te ye, ki fè leta te fèmen je sou yo?

Eske si dokiman sa yo te ekri nan lang peyizan te ka konprann, sa t ap pase konsa?

Depi nan fondasyon peyi a, peyizan pa janm te reprezante anyen nan je leta, sitiyasyon sa a genlè poko chanje si l ap gen pou l chanje.

Anplwaye biwo leta ak prive yo fè efò pou konprann blan k ap pale lang yo p ap janm konprann, alòske nou-menm, yo di nou: *«Exprimez-vous»* lè n parèt devan yo. Se yon fason pou yo fè lang nou plen bouch nou. Pale franse pa difisil pou nou-menm peyizan. Nou fè tout *i* tounen *u*, nou fè *lakay* tounen *lakaj, beny* tounen *benj.* Yo ka griyen dan sou nou, men ki mele nou ? Nou gen bon kè, nou fran, nou pa sou blòf.

Eske inosans ak inyorans moun andeyò yo pa te favorize kichòy tou nan pwogram sa a ?

Eske pa gen yon moun ki te fè benefis nan pwogram sa a, jan l te chita? Eske blan sa yo (paran adoptif sa yo) pa te peye yon kòb pou te ka jwenn ti moun sa yo?

Nan pòch ki moun kòb sa a t ale, si yo te peye?

Poukisa pè a te konn menase paran ki te konn ap chache konnen ki kote pitit yo ye?

Ki moun ki responsab sitiyasyon sa a?

Ki moun nan kominote a k ap pran responsablite poze keksyon sou kote ti moun sa yo pase?

Eske n ap jis bliye yo te egziste?

Eske paran sa yo pa merite esplikasyon?

Eske ti moun sa yo pa merite konnen istwa yo?

Konbyen nan ti moun sa yo ki mouri san paran yo pa konnen?

Konbyen paran ki mouri san pitit sa yo pa ka vin peye respè yo ta dwe paran yo?

Konbyen ladan yo, yo lave sèvèl yo pou fè yo rayi paran natirèl yo?

Konbyen ladan yo yo fè rayi peyi Dayiti nan jan yo prezante yo istwa ki fè yo kote yo ye a?

Nan peyi tankou Ayiti, ki kantite fo papye ki te fèt pou te ka separe ti moun sa yo ak paran yo?

Ki moun k ap janm konnen verite a nan sitiyasyon sa a?

Ki moun k ap vle pale de sa yo santi?

Nou-menm nan kominote a, nou ka bliye sa k te pase a; men, paran ki te gen pitit yo nan pwogram nan pa ka bliye. Ti moun sa yo p ap janm bouke poze keksyon.

Gen anpil nan ti moun sa yo, jouk jounen jodi a, pèsonn pa konn kote yo ye, paran yo pa janm tande pale de yo.

Konbyen moun k ap reve?

Konbyen moun ki gen rèv yo detwi akòz pwogram sa a?

Konbyen moun ki santi doulè manman ak papa ti moun sa yo?

Malchans pou nou, nou gen dwa p ap janm jwenn repons keksyon sa yo. Nou dwe di tou, pou anpil paran ki te bay pitit yo nan pwogram sa a, se te yon privilèj pou yo epòk la. Se sèlman sila yo ki te gen chans ki te rive gen pitit yo pati ak blan yo. Anpil ti moun swete se yo-menm blan yo te pran nan plas frè yo osnon sè yo. Si mè yo te kontakte paran yo, fòk nou di tou se paran yo, yo te fè mennen ti moun yo Pòtopwens kay mè LaSalin

yo lè yo t ap regle papye adopsyon yo. Yo te di paran yo se nan pansyon kay mè yo ti moun yo ap ye pandan yon peryòd tan. Men, nan langaj nou, moun andeyò, lè nou di ti moun yo te nan pansyon Pòtopwens, se yon gwo koze. Se pa nenpòt ki moun ki ka nan pansyon dapre jan n konprann mo sa a.

Yon fwa ankò, n ap reyalize nou pale de mè yo. Kounye a se de mè LaSalin yo n ap pale. Tanpri pran yon ti tan pou n analize detay sa yo. Nou konnen mè LaSalin yo pa menm ak mè ki Ridore yo. Se 2 kongregasyon ki diferan youn de lòt. Men, nan pwogram adopsyon sa a, youn t ap bay lòt kout men.

Tradisyon nou te mande pou nou obeyi otorite legliz yo, menm jan esklav yo te konn obeyi kolon yo. Se pa tradisyon n vrèman, se kilti soumisyon an, ki te fòse nou obeyi pito. Nou se yon bann wondonmon, yo rele n bosal, sa sifi pou fè tout moun konprann karaktè nou. Listwa nou montre aklè, yo te fòse anpil move tretman sou nou, men nou pa janm te aksepte yo. Nan tan lakoloni, nou ka sonje lè yon esklav te mawon; si l deside retounen vin jwenn mèt li, se devan pòt legliz la yo te konn fè l met ajenou pou l mande Bondye padon poutèt li pa t aksepte viv nan kondisyon Bondye te kreye l pou l viv la. Reprezantan Legliz yo te konnen poukisa esklav sa yo te ajenou nan papòt antre a; men, ki sa yo te konn fè pou chanje sitiyasyon an?

Nou fè yo konfyans, paske nou konnen yo pa ta ka vle fè pitit nou mal, yo se reprezantan Bondye. N ap mande èske relijyon katolik nou an pa fè yon pakèt frè n ak sè n tounen zonbi nan lojik soumisyon sa a? Yo te prezante nou Bondye ak relijyon, nan tan lontan, sou yon fòm ki pa te gen anyen pou wè ak lanmou Jezikri t ap preche a. Gran gran paran nou yo, Endyen yo ak esklav yo te blije aksepte relijyon katolik la pou yo pa te touye

yo, se te lalwa. Sou chimen mawonnay se pa 2 kadav ki te pann sou pye bwa pè katolik te batize pou konvèti kò yo katolik; zafè nanm yo.

Jan yo te prezante pwogram adopsyon sa a, li te mare 2 pye peyizan mete nan yon sèl grenn soulye. Se kòm si yo ofri nou kichòy, yo konnen nou p ap ka refize. Pitit se byen malere peyizan. Lidè katolik sa yo t apral itilize pawòl sa yo pou montre nou ki jan ti moun yo ka vin itil nou denmen. Sa pa vle di moun sa yo te gen move entansyon nan jan yo te prezante pwogram sa a. Yo gen kapasite pou ta evalye enpak pwogram sa a te ka genyen sou moun k ap patisipe ladan yo ak sou kominote a. Si yo pa te ka wè sa epòk la, yo te gen chans nan 30, 35 lanne ki sot pase a pou ta montre yo regrèt sa k te pase a epi ede jwenn solisyon. Lidè relijye yo ta dwe ap batay pou rann fanmi pi solid, pou konekte papa, manman ak pitit; men nou jwenn yo la, k ap divize paran ak pitit yo nan ofri yo yon lavi miyò lwen youn ak lòt. Eske yo pa gen obligasyon pou ta batay pou inyon nan mitan fanmi ak kominote yo tou? Nou sezi wè, yo te patisipe e yo ka kontinye ap patisipe nan pwogram k ap detache pitit ak paran yo. Se menm jan ak peyi zanmi nou yo ki di y ap ede nou; epi yo pran tout moun nou genyen ki konn li yo, ak tout pwofesyonèl nou yo nan men nou. Ayiti se peyi ki pi pòv nan zòn nan, sa pa anpeche l ap edike moun ak sa l pa genyen pou voye al itil lòt peyi zafè bon.

Pwogram sa a te dwe soulaje mizè malere ki pa te ka okipe kantite pitit yo te genyen. Men lè yon paran te gen sèlman youn osnon 2 ti moun, yo te aksepte yo nan pwogram nan tou. Eske yo te gen yon rezon espesyal pou sa? Yon pwogram edikasyon sou ki jan paran sa yo te ka evite fè plis pitit, te ka ede tou nan moman sa a; men anvan tout bagay *«Croissez et multipliez la terre»*. Majorite fanmi sa yo te kontinye fè pitit apre yo te fin

bay 1, 2 osnon 3 ti moun pou adopsyon. Nan epòk la chaje ti moun òfelen ki te lage toupatou nan lari Pòtopwens. Yo pa te gen moun ki t ap panse a yo. Nou panse yo plis te bezwen pwogram adopsyon sa a pase ti moun LaVale yo. Nou di sa, sèlman si gen bon samariten ki vrèman te vle ede sove yon kretyen vivan. Nou pa panse paske yon ti moun se òfelen Pòtopwens, li merite pou al sibi zak maspinay anba men yon swadizan paran adoptif.

Bondye gendwa te bezwen teste valè moral moun LaVale, ak lidè sa yo; li voye pwogram sa a vin jwenn nou. Gade kantite tan l pran anvan pou n poze keksyon sou sa ki te fèt la. Nou konnen LaVale konte pami pitit li yo anpil gwo entèlektyèl. Chaje ladan yo ki gen dwa pa janm konnen pwogram sa a te egziste, gen lòt ki fèmen zòrèy yo ak lespri yo paske yo pa konsène.

Nan Non Sivilizasyon, ti moun ki te nan adopsyon yo t al ateri toupatou nan peyi devlope yo tankou an Almay, LaFrans, Lawolann, Bèljik, Swis, Itali, Kanada, Etazini, elatriye... Nan moun ki t ap adopte ti moun sa yo nan kèlkilanswa peyi a; nou konnen gen anpil nan yo ki te boure ak bon santiman. Chaje bon samariten ladan yo, nou respekte kouraj yo ak jenerozite yo. Anpil ti moun sa yo te jwenn chans yo pa t ap jwenn si yo te grandi ak paran yo, nou rekonèt sa. Malgre sa ti moun sa yo ap pèdi kichòy, yo p ap janm ka ranplase: Chalè fanmi yo, ke yo te pòv ke yo te rich. Ki rich atò? Chalè lanmou frè ak sè yo, chalè peyi yo a.

Genyen nan paran adoptif yo ki te bezwen yon pitit, yo te adopte ti moun sa yo ak tout kè yo. Paran sa yo fè anpil sakrifis pou te bay ti moun sa yo yon egzistans ki chita sou diyite kretyen vivan. Nou gen anpil bèl istwa ki montre jan anpil paran adoptif te envesti tan, lanmou, pasyans, atansyon, fyète, diyite ak valè moral nan ti moun

yo t adopte. Nou wete chapo n byen ba pou salye karaktè moun sa yo. Y ap jwenn plas ki prepare nan syèl la pou yo pami moun ki sivilize tout bon yo.

Konsa tou, anpil nan ti moun sa yo te ka al tonbe lakay kriminèl k ap eksplwate ti moun. Nou swete moun ki te responsab pwogram sa a te fè rechèch pou konnen, ki kote ti moun sa yo t aprale. Nou konnen tou nan ane 1980 yo òdinatè ak entènèt pa te ankò sou moun pase sa. Imajine kalamite yon ti moun, si l ta al tonbe kay yon kriminèl sèksyèl. Ti moun sa a pòv, li pa pale lang paran kote l ye a, ni li pa gen yon moun li ka mande èd, si l gen yon pwoblèm. Menm lè ti moun sa vin gran, abi li te sibi yo p ap janm kite memwa li, ni li p ap janm vle pale yo ak lòt moun. Nou swete pa gen nan ti moun sa yo ki te soufri okenn zak malonèt anba men paran sa yo. Nou ta swete pa janm gen pyès ti moun ki soufri move zak anba men paran malfèktè ki gen dwa t ap pran pòz yo gen bon kè.

Ti moun sa yo te nan yon laj ki te delika anpil lè sa a. Yo ofri paran yo pou fè blan adopte yo pou ka ba yo yon chans vin kichòy nan lavi. Nou pa dwe bliye ke non sèlman yo te ka itilize ti moun sa yo pou sèks; men yo ka itilize yo pou pran ògan nan kò yo kòm pyès de rechany san dizon pyès lòt moun. Ki moun k ap janm konnen ki sa ki rive osnon ki ka te rive ti moun sa yo? Nan laj yo ye te ye a, pa gen chans pou yo sonje ki sa k te rive yo.

Ki moun k ap janm konnen konbyen pitit LaVale pèdi nan pwogram sa a?

Konbyen ladan yo, nou p ap janm tande vwa yo, ni wè figi yo ankò?

Konbyen manman ak papa k ap mouri san yo p ap janm wè pitit trip yo?

Konbyen nan ti moun sa yo k ap chwazi pou yo pa janm mete pye nan peyi kote lonbrit yo te antere akòz pwogram sa a?

Konbyen nan yo, ki pa rele jan paran natirèl yo te rele yo ankò?

Paran adoptif yo te pwomèt pou yo pa chanje nou ti moun yo. Konbyen nan yo ki respekte pwomès sa a?

Kilè kolon blan ak kolon nwa ap sispann reklame tout sa ki pa gen etanp sou li kòm byen pèsonèl yo?

Kilè lajistis ak konstitisyon peyi Dayiti a kòmanse garanti sekirite ak pwoteje pitit tè sa kont awousa?

Se kòmsi lòt ti moun ki t ap rete nan kominote a, pa t ap chape. Nou deja wè, ki jan peyizan konsidere moun ki soti Pòtopwens, nou ka imajine ki sa ki pase nan tèt yo, lè yo di yo pitit yo ap vwayaje pou al nan yon peyi etranje. Anpil nan peyi sa yo se an Ewòp yo ye. Ki sa yon peyizan konprann, lè w di l Ewòp, Azi osnon Afrik alòske li pa menm konnen se nan Lamerik l ap viv?

Yo derasinen yon kantite ti moun LaVale pou voye yo al nan peyi etranje al viv ak moun yo pa konnen. Kontra sa yo pa t twò diferan ak kontra Negriye yo. Ki moun k ap janm konnen ki malè ki te rive ti frè nou ak ti sè nou sa yo? Sonje nan epòk sa a, 1980-85 yo, kominikasyon pa te fasil. Telefòn pa te kò sa l ye jodi a, entènèt te nan ze toujou. Anpil nan paran sa yo pa te konn li ni ekri. Pa gen mwayen pou yo te antre an kontak ak pitit yo ni ak paran adoptif yo. Moun ki te responsab pwogram nan te pwomèt paran yo, y ap gen kontak ak pitit yo; men, nan anpil ka se te pale met la oubyen desepsyon.

Pwogram nan, pou anpil paran sa yo, se te yon souf, paske yo te gen youn osnon 2 bouch anmwens pou yo te bay manje osnon pou yo te voye lekòl.

Konbyen nan nou ki janm panse a enpak deplasman ti moun sa yo te fè sou kominote a, sou fanmi sa yo, sou ti moun yo?

Gen moun nou konnen ki vin fou paske yo di pwogram sa a manje lespwa yo.

Ki peyizan ki t apral ensiste pou yon mè osnon yon pè ba l detay sou kote pitit li ye?

Yo reziye yo paske pa gen yon moun ki ka ba yo nouvèl pitit yo. Anpil nan moun ki te responsab pwogram nan mouri kounye a. Tranbleman tè 12 janvye 2010 la te manje anpil nan sa k te rete yo. Sila yo ki vivan toujou pa gen bon sans yo sou yo.

Moun sa yo, sonje se fanmi Bondye yo ye pou peyizan. Tout sa nou pwodwi nan jaden nou ki bèl osnon ki gen valè, se monpè nou pote l fè kado. Jodi a gen plis pè Ayisyen k ap travay pou evanjelize pèp la. Malchans pou yo, piske se Ayisyen yo ye, yo p ap jwenn atansyon pè blan yo te konn jwenn nan men fidèl yo. Sonje nou pa bay Ayisyen parèy nou ak sa nou fè valè. Tout sa blan di ak fè, nou plis ta vle respekte li. Pè Ayisyen yo gen dwa ap fè yon bon travay ak popilasyon yo, men, fidèl yo p ap janm ba yo respè yo merite. Alòske pè blan ki gen dwa pa menm konprann misyon yo nan mitan popilasyon an benefisye respè ak obeyisans. Nou gen gwo respè ak admirasyon pou tout sa n pa konprann. Erezman kounye a, gen anpil pè ki pa manje nan men moun. Plis gen povrete ak nesesite nan yon popilasyon; se plis moun sa yo gen valè, se plis yo viv tankou wa ak renn. Nou pa dwe bliye tou, nan tan pase yo, se pè ki te gen pwoblèm ak sosyete kote yo t ap viv, yo te konn voye an Ayiti. Li pran lontan anvan pou yon natif natal te vin pè. Malgre sa, li pa te ka jwi menm privilèj pè blan yo t ap jwi. Dayè, menm nou-menm nou pa t ap ba l respè l merite paske l sanble ak nou, paske l

se youn nan nou. Eske nou-menm nèg se peche Kayen nou kontinye ap peye. Eske nou se desandan Kayen tout bon vre, ki fè se konsa lavi nou ye ? Blan yo ta sanble se pitit Abèl k ap rekòlte dedomajman krim Kayen te fè a. Sonje nou pa di Ayisyen, paske se pa nou-menm sèlman ki aji konsa. Se pa nou-menm sèlman responsab Legliz yo trete tankou pitit deyò. Tout lòt pèp peyi Afrik, Azi, Ewòp ak Karayib yo aji menm jan, paske mizè nou pa diferan. Nan yon moman nan istwa nou, n ap jwenn blan yo te mete nou nan esklavaj osnon yo te pran kòmand peyi nou nan men nou. Pi fò enstitisyon nou yo, fonksyone sou modèl yo te tabli. Pi fò nan abitid nou yo se nan men yo nou pran yo. Chak pou n ta chanje, yo fè n gwo menas pou fè n konnen yo ka koupe souf nou. Gen bon Ayisyen ki te ka sèvi peyi a ak ede kominote nou yo devlope; men grantoryan yo toujou gentan pran yo foure nan pòch yo anvan yo rive nan pozisyon. Koudeta yo pa janm konn fèt pou pwoteje enterè peyi a osnon jeneral ayisyen yo. Se te toujou nan enterè politik nonm ak baton an. Sila yo ki sou pouvwa a pa gen otorite pou yo gouvène jan n panse a. Se pou rezon sa a, se nou-menm sitwayen ki pou òganize nou, pou n mete peyi nou an pou kont nou sou chimen sivilizasyon. Pa gen moun k ap fè l pou nou osnon k ap ede nou si n pa angaje tèt nou ak kè nou.

Pandan yon bon bout tan, nan LaVale, nou bliye si ti moun sa yo te egziste. Nou pèdi nanm nou nan gwo diskisyon politik k ap detwi fratènite nan kominote a, pandan anpil lòt ap soufri. Paran yo pa pale; yo rete an silans. Nou konnen nan fon kè yo, yo pa janm sipann reve, kilè pou pitit yo tounen vin jwenn yo. Peyi etranje sa yo ka ofri ti moun sa yo anpil avantaj ekonomik ak sosyal, nou konprann sa; men, yo pa ka ofri lanmou yon manman ak yon papa.

Konbyen nan ti moun sa yo k ap soufri nan fon kè yo jouk jounen jodi a osnon pou tout vi yo?

Yo p ap janm gen chans viv ak yon manman, yon papa, yon frè ak sè yo ta renmen konnen pi plis. Gen nan yo ki p ap janm konn kilès papa yo ak manman yo te ye. Nan rèv, anpil ladan yo ka ap imajine a ki sa moun sa yo sanble. Yo ta byen renmen rankontre yo, touche yo, anbrase yo. Eske frè ap santi se frè yo?

Eske sè ap santi se sè yo?

Eske manman, papa ap santi se pitit yo?

Eske etranje ti moun sa yo vin ye a, ap aksepte moun sa yo pou fanmi yo ankò?

Sila yo ki te gen chans byen tonbe, ka pwofite edikasyon yo pou te ede fanmi sa yo te kite dèyè lè yo vin majè. Men l ap depann de ki edikasyon ti moun sa yo resevwa ak ki jan paran adoptif yo te prezante yo istwa paran natirèl yo. Sitou si paran sa yo chita nan zafè pa bon toujou.

Apostola, povrete ak sivilizasyon

Nou konnen gwo travay moun ki nan relijyon yo te fè e yo kontinye ap fè nan ede ak sove lavi anpil ti moun nan peyi a. Nou pa inyore gwo kontribisyon yo nan edikasyon pèp la. Nou gen plis byen nou ka di de yo ke mal. San prezans yo sou teren an, n ap mande ki kote nou t ap ye? Ki jan moral nou t ap ye? Nou wè ki sa peyi a te ye anvan Konkòda Damyen an te siyen ant Vatikan ak Gouvènman Ayisyen an nan lanne 1860. Si yo te aksepte nou gen dwa pou n te viv tankou moun tou swit apre nou te pran endepandans nou; te ka gen plis kretyen nan peyi a. Men, yo te lage nanm nou bay sila yo ki pa t gen plis limyè pase sa pou mennen n kote yo te vle. Relijyon vodou a te vin gen plis enpòtans toujou pou esklav yo ki te fèk ap goute libète. Yo pa t vle kwè Bondye pa yo ka menm ak Bondye blan yo.

Gen òganizasyon legliz te kreye pou ede anpil ti moun ki gen dwa pa t ap gen okenn chans pou yo te chape. Anpil ladan yo soti ak yon edikasyon yo pa t ap gen chans jwenn si se pa te òganizasyon sa yo. Nou salye bon travay sa yo ak kouraj moun ki te pote kole pou bay ti moun sa yo yon kote pou yo dòmi ak dekwa pou yo viv. Men, aksyon sa yo anpil fwa, mete yon kouwòn sou tèt moun sa yo ki konn fè yo vin pi gwo pase mouvman yo tabli a. Pa gen moun tou k ap pran chans nan yon peyi tankou Ayiti al mande yon otorite tankou yon pè, yon mè, yon frè, yon pastè rapò sou aktivite yo. Nou pa site wougan, paske, nou pa fasil tande non yo nan aktivite adopsyon ak edikasyon.

Malgre tout bèl aksyon sa yo, sa pa anpeche gen yon pakèt move zangi ki kache nan mitan òganizasyon sa yo.

Genyen ki kache anba gwo soutàn, ki pote gwo kwa lou sou lestomak yo. Yo bliye si Jezi se sou do l li te pote kwa pa l la.

Toupatou sou latè; men, sitou nan peyi devlope yo, nou tande anpil moun ap pleyen bay leta pou mande dedomajman pou jan lidè relijye yo te abize yo. Ki Ayisyen dapre nou k ap gen kouraj, menm lè yo te abize l, pou pale de sa an piblik osnon pou l ta pote plent? Dayè, si otorite peyi a fèmen je sou blan ak Ayisyen k ap pran ti moun ale kote yo vle, se pa peyizan tankou nou yo ka pran chans mennen mon pè, chè frè, chè sè, kouzen ak kouzin Bondye yo devan lajistis. Nou kontinye wè blan yo tankou kolon ki te la sou tè nou an nan tan lontan. Moun po koulè klè, cheve siwo osnon blan kontinye ap jwi endepandans Ayiti a ak tout frèchè l kòm si nèg tankou *Toussaint ak Dessalines* pa eritye.

Ki moun k ap kwè nan pawòl yon ti moun, yon sivil ki ta di yon pè, yon frè, yon mè, yon wougan, yon pwofesè, yon pastè te abize li? Kilti nou ap plis vle kondane viktim yo yon dezyèm fwa. Paske tout sa pitit Abèl yo fè bon. Nou ka mande viktim yo, kòman yo te fè nan pozisyon pou yo te sibi zak malonèt anba men otorite sa yo pito. Nou p ap vle aksepte yo se viktim manipilasyon ak kilti soumisyon an.

Nan jan yo ban nou ledikasyon, san esklav la poko soti nan nou. Nou poko fin konnen dwa nou ak devwa nou. Pa bliye se kolon nou yo ki kontinye ap dirije sistèm edikasyon an. Nou aji tankou bèt ki fè lontan nan kòd nan yon pozisyon. Menm lè nou lage bèt sa a, li rete kanpe anplas, paske l pa konn, ni l pa konprann si l lage. Nan tan lakoloni, menm lè 10.000 esklav te temwen yon move zak, vwa yon sèl blan te sifi kont 10.000 vwa pou di se manti.

Menm enstitisyon yo, menm lè nou konnen yo fè sa k pa sa, si nou te pase ladan yo, nou vle pwoteje yo. Nou pa ta renmen ansyen pwofesè nou yo al nan prizon, sitou si yo se blan. Anpil nan nou tranble lè pou nou pran responsablite nou anvè sosyete a lè se yon blan osnon yon relijye, relijyez ki koupab. Nou plis vle defann yo ak tout enstitisyon kote nou te pase yo. Yon kriminèl rete yon kriminèl, kèlkilanswa koulè li, kèlkilanswa jan l abiye. Chaje jenn lidè nwa nan peyi a ki prefere inyore defans ti moun relijye, relijyez abize tan pou yo ta pran pozisyon pou defann ti moun sa yo. N ap reyalize pita se paske koupab sa yo te pwofesè lidè sa yo yon moman nan vi yo. Ki montre nou klè nou gen yon pakèt gwo responsab, gwo entèlektyèl ki kontinye ap viv nan yon kondisyon ki pi mal pase esklav lanne 1660-1760 yo sou zile nou an. Li pi fasil pou n padonnen sila yo ki pa gen edikasyon ki pè pote plent; men kanta pou mesye dam sa yo...nou wont, nou pa konn sa n dwe di ni sa n ta dwe fè pou n ta limen limyè a devan yo.

Lajistis ta dwe pi rèd toujou ak lidè moral sa yo, paske chaje moun k ap kopye sou yo, chaje moun ki kwè nan yo. Se modèl yo ta dwe ye nan je ti moun ak tout kominote kote y ap viv. Nan moman n ap ekri chapit sa a, gen yon mè ki nan prizon nan peyi a. Yo akize l nan kidnapin, l ap vann ti moun bay etranje. Nou ta renmen pran pitye pou li apre nou fin li lèt tou louvri li pibliye nan yon jounal Pòtopwens ; men, nou blije gade santiman nou. Travay n ap fè la, mande pou l ta nan prizon tou si dwèt li ta tranpe nan zak konsa. Nou konte sou lajistis pou deside sò mè sa a. Li pi fasil pou lidè sa yo fè zak malonèt akòz pwoteksyon espesyal tit ak abiman ba yo. Anpil nan yo, nou konnen, ap travay ak tout kè yo pou ede sila yo ki nan bezwen. Men, ta sanble tou, yo konn itilize bon repitasyon yo tabli yon bò, pou ka antre nan

komès vann ti moun yon lòtbò. Mè yo ki t ap kolabore ak pè a nan pwogram adopsyon LaVale a gen dwa pa te janm konnen poukisa yo t ap travay. Gen biznis lejitim ki konn tabli nan anpil sitiyasyon pou ka sèvi dra pou kouvri yon biznis ilegal osnon malonèt.

Sonje n te di deja, konsyans kèlkilanswa moun ki ta eksplwate inosans ti moun ak inyorans pèp la pou fè lajan, y ap gen pou boule nan lanfè.

Yon paran ki te nan pwogram sa a, te enfòme nou, pè sa a te fè l menas pou l touye li si l chache fouye zo nan kalalou. Agresivite pè sa a nan anpil sikonstans ta lese nou santi, te gen yon enterè espesyal nan sa ki t ap fèt la. Ki jan pou yon pè fè rive nan sitiyasyon pou ap fè yon peyizan menas pou l touye li? Moun eklere yo ka kòmanse fatige ak istwa a menm kote nou di sa. Genyen sila yo ki gentan ap mande prèv, paske pou yo, nou pa ta dwe atake anyen ki gen pou wè ak blan osnon ak otorite legliz yo. N ap di yo pran pasyans, anvan lontan n ap gen pou n li plis detay toujou ak anpil temwayay. Nou chwazi pou n pa site non pè sa a ak mè yo. Se te entansyon n pou n te kontre ak yo pou yon ti koze sou pwogram nan. Bondye te gentan fè desizyon pa l, li te plis bezwen kèk nan yo pase nou. Li te rele yo vin jwenn li anvan pwojè liv sa a te rive nan pwen li ye la. Malerezman, tranbleman tè 12 janvye 2010 te ale ak yo. Nou swete y ale ak lapè al rann Bondye kont pito. Nou kontinye ap mennen envestigasyon pou n ka jwenn pi plis enfòmasyon toujou sou pwogram sa a.

Imajine ou gen 12-14 zan, ou lekòl Pòtopwens. Ou konnen ou gen ti frè ak ti sè, ou vin an vakans lakay paran yo. Ou pa te jwenn nouvèl ki anonse anyen te rive ti frè w osnon ti sè w. Ou rive nan kay la, ou pa jwenn yo. Ou konnen paran w yo gen ti mwayen pou okipe pitit yo, menm lè zafè yo pa te pi bon pase sa. Ou chache ti

frè ak ti sè, ou pa wè yo. Ou panse y al nan dlo osnon nan vwazinay, ou chita w ap tann. Lè w pa wè yo apre yon tan, ou mande manman w pou ti frè w. Li reponn ou:"O! Nou te bay blan yo li wi, li pati aletranje". Kòman w ap santi w? Ou pa gen chans pou te bo ti frè sa a yon dènye fwa, ni ba l yon anbrasad. Ou pral viv, ou p ap menm sonje vizaj ti frè, ti sè sa a. Lè w pi gran, w al Pòtopwens, ou pa gentan lè w tounen pou admire ti pi piti yo pase sa. Ou plis bezwen al nan pwogram ak zanmi ki nan laj ou ki sot Pòtopwens menm jan ak ou. Ki enpak sa a ka fè sou ou? Konsa tou, nan jan ledikasyon nou te fèt, genyen k ap regrèt se pa yo blan yo te pran pito. Yo ta lòtbò, kote y ap ranmase lajan atè. Peyi lòtbò dlo, kote tout moun rich.

Nesesite paran peyizan nou yo te pouse anpil nan yo kòmanse mande ti moun yo konkou lè paran adoptif kèk nan yo mennen yo vin vizite Ayiti. Paske nan tèt anpil nan yo, depi moun lòtbò, yo ka gen kòb. Se mantalite anpil Ayisyen, yo p ap anbarase pou mande kèlkilanswa moun nan lajan depi se lòtbò l soti. Ti moun sa yo, ki dwe pa te menm kò ka ede tèt yo, reyalize pou kont yo, yo dwe mache lwen mizè moun sa yo. Yon moun yo pa konn twò byen ap mande yo lajan ak sipò. Pi fò moun ki gen moun lòtbò, ke l ti moun, ke l gran moun, konte sou yo, pou leve yo atè a. Men jenn moun sa yo ki trouve yo nan yon sitiyasyon kote yo pa twò konnen ki jan pou yo konprann fanmi yo te kite Ayiti yo lè yo te gen sèlman 6 mwa, 1 nan, 2 zan, 3 zan ... Anpil nan yo, ki reyisi lavi yo kontinye pa padonnen paran yo poutèt yo te bay yo pou adopsyon.

Pi fò nan nou-menm ki t ap grandi nan epòk sa a, rive chape, pou ede tèt nou, paran nou yo ak peyi nou. Anpil nan ti moun sa yo, menm jan ak nou te ka gen chans vin kichòy nan peyi a. Men, yo rate opòtinite viv

lavi anpil nan yo panse Bondye te voye yo pou yo te viv la. Nou konprann l ap difisil pou yo konprann sikonstans ki fè yo te nan pwogram sa a. Yo kontinye ap poze keksyon: Poukisa se yo pami tout ti moun yo paran yo te chwazi pou bay nan pwogram nan? Kèlkeswa ti moun paran yo te chwazi bay nan adopsyon epòk la, yo t ap gen pou yo reponn keksyon sa a jodi a.

Nou ka konprann kolon yo ki te konn fòse medam esklav yo bay pitit yo pou yo te ka tounen al travay nan jaden pi vit yo te kapab.

Kòm nou angaje nan chache solisyon a sitiyasyon sa a; men, ki jan nou ka esplike nesesite ak difikilte lavi ane 80 yo, ki te fòse paran sa yo bay pitit yo san yo pa te konn ki kote yo prale? Pou anpil moun sa yo, pitit yo se Nouyòk yo t aprale. Paske jouk jounen jodi a, depi yon moun vwayaje, se Nouyòk l ale. Nou konn ki sa yon vwayaj te reprezante pou yon fanmi. Se pa sèlman nan epòk sa a, jouk jounen jodi a, li toujou reprezante kichòy. Tout moun kontinye ap reve Nouyòk, pou yo ka vin ranmase lajan atè. Menm lè nou vwayaje n al Japon, LaChin, Kanada, Matinik; pou moun nou yo, se Nouyòk n ale. Te gen anpil paran tou nou dwe fè konpliman. Malgre zafè yo pa te bon, menm lè pitit yo te malad, menm lè yo t ap goumen ak dlo pou fè l tchimen; yo pa te dakò pou bay pitit yo. Anpil paran tou te panse se Pòtopwens pitit yo ap ye. Frè ak mè yo te konn pran ti moun ki te fò nan klas yo pou mete yo nan yon lòt fòm sèvitid lakay yo osnon nan vil yo. Lè konsa yo di y ap ede yo, epi y al plase ti moun yo nan lekòl kay frè osnon kay mè Pòtopwens. Ti moun sa yo, se yo ki pou lave asyèt, bale lakou ak fè anpil lòt travay pou relijye sa yo. Gen anpil paran ki panse pitit yo se Pòtopwens yo t ale paske tout blan pou peyizan se pè osnon frè yo ye. Se apre anpil lanne pase, ti moun yo pa vin an vakans, kèk paran

ap reyalize, pitit yo genlè pa nan peyi a. Nou deja ka santi pa t gen kominikasyon klè ant paran yo ak moun ki te responsab yo sou ki kote ti moun yo ap ye. Relijye yo se sitou franse yo pale, chans pou peyizan yo te konprann sa k t ap di nan konvèsasyon yo te piti anpil. Men kijan apostola, povrete ak sivilizasyon kontre nan enstitisyon nou yo. Povrete ak neglijans Leta peyi a, se pi gwo rezon ki esplike yon pwogram ki gen karaktè sa a ka devlope alèz konsa nan kèk kominote nan peyi a. Gen enstitisyon ki dwe pran responsablite nan sitiyasyon sa a. Leta gen obligasyon pou pwoteje ti moun nou yo, se responsablite yo li ye. Legliz la gen obligasyon pou l ede n klèwonnen mesaj sa a ak ede n jwenn solisyon pou li. Popilasyon an ap toujou vle fè Legliz la plis konfyans pase tout lòt enstitisyon yo, menm lè se li-menm ki te kreye sitiyasyon an.

Yon sitiyasyon espesyal

Mant alta nou te konn manje nan ane 80 yo te fre, epi, yo te konn pran tan pou yo fonn nan bouch nou. Yon sèl kou, mant alta te vin yon ti jan farin, depi nou mete yo nan bouch nou yo fonn menm kote a. Apre anpil nan ti moun sa yo te pati kite zòn nan, te vin gen yon bri k ap kouri nan lekòl LaVale yo. Bri sa a ta vle fè kwè, gen yon lòt mant alta k ap vini k ap menm jan ak premye a. Men, mant sa a, se zo ti moun yo di y adopte yo k ap ladan li. Paske blan ki fè mant alta a, se li-menm ki te fè vin chache ti moun yo pou l te ka pran zo yo pou l mete nan mant alta. Jodi a, nou ka griyen dan nou lè nou li yon bagay ridikil konsa ; men, nan epòk la se te gwo koze pou ti moun lekòl. Yo tout te vin pè blan pou yo pa pran yo menm jan ak lòt ti moun yo. Yo te menm konn ap poze tèt yo keksyon: èske frè, pè ak mè ki te blan yo pa t nan konplo sa kont ti moun lekòl yo tou?

Moun ki fè gwo etid nan sikoloji ak sou sosyete yo te ka ede jwenn ak mezire enpak deplasman ti moun sa yo genyen sou kominote a ak sou fanmi yo ak sou jenerasyon ti moun ki t ap grandi epòk sa a.

Nou pa lonje dwèt sou fanmi ki te bay pitit yo pou adopsyon, nou pa lonje dwèt tou sou moun ki te vin ak pwogram sa a. Nou lonje dwèt sou yon pwoblèm sosyal ki te pase yon epòk. Si nou jije li pa te dwe fèt konsa, osnon li fè kominote a mal, se responsablite nou li ye pou n pale sa pou anpeche li repete ankò. Padonnen nou si nou oblije remete yon istwa ki gen lontan l ap dòmi konsa sou tab nou. Li ka ap dòmi pou kèk moun ; men li p ap dòmi pou paran ak pou ti moun ki te nan adopsyon yo. Li p ap dòmi pou kominote a tou.

Antouka, men ki jan, pou fanmi yo te ka gen yon pitit nan peyi etranje, yo te sakrifye chalè relasyon fanmi yo ta genyen ak pitit yo. Pifò nan ti moun sa yo se grandèt yo ye jounen jodi a. Anpil nan yo ka ede nou ak eksperyans yo lè yo tounen, alòs, sila ki gen chans tounen vin chache konn kote lonbrit yo te antere.

Sitiyasyon sa a kreye difikilte jodi a nan mitan anpil nan fanmi ki te bay pitit yo pou adopsyon. Anpil nan ti moun sa yo panse se paske paran yo pa te bezwen yo, ki kòz yo te bay yo pou adopsyon. An reyalite se pa vre. Genyen ki menm ka panse se sèl yo-menm ki te nan sitiyasyon yo t ap viv la olye yo panse se te yon pwogram pou n pa di yon sistèm.

Li difisil pou nou eksplike jenerasyon ti moun sa yo, ki sa ki te lakòz sa te fèt jan l te fèt la. Jodi a, yo se grandèt k ap viv yon vi yo pa konn si se vi sa a yo te dwe genyen. Anpil nan yo tankou nou te di l deja, pa janm rive tabli kontak ak paran yo te kite Ayiti. Imajine yon ti moun ki grandi nan peyi Almay, ki koneksyon l ap gen ak paran li kite andeyò LaVale? Gen lang nan ki separe yo. Yo p ap gen anpil chans pou yo ta pale kreyòl alòske paran Ayiti yo pa menm konnen si gen yon lang ki rele Alman. Anmezi ti moun sa yo ap vanse nan laj, yo kòmanse ap poze tèt yo keksyon sou rezon ki fè yo pa ansanm ak paran yo an Ayiti. Si malchans pou yo, yo pa jwenn renmen tankou tout lòt ti moun lè yo t ap grandi nan men paran adoptif yo, nou ka panse ki sa k ap pase nan tèt yo. Nou konprann sitiyasyon difisil ti moun sila yo te gen pou travèse, san espwa yo ka jwenn yon solisyon a sitiyasyon yo a. Lè yo te gen 18 tan, kèk ladan yo te gen chans kontakte paran yo. Men rezilta yo pa te sa paran yo te espere. Doulè ki te sou kè ti moun sa yo, tout sa yo te manke nan ti laj piti yo kite yon vid ant yo-menm ak paran yo. Yo pa wè manman yo ankò nan

fanm ki te pote yo pandan 9 mwa. Yo pa wè papa yo nan gason ki te la bò tèt manman yo jou akouchman yo. Frè ak sè yo, menm lè yo pa gen anyen yo ka repwoche yo, yo pa santi santiman yo ta dwe gen pou yo a. Ti moun sa yo antre nan yon faz transfòmasyon ekstrawòdinè. Chak jou nan vi yo, pote yo ale pi lwen rasin yo. Nan depeyizman sa a, yo kòmanse panse, se paske paran natirèl yo pa te bezwen yo ki fè yo te bay yo nan adopsyon. Yo kòmanse ap poze keksyon tankou :

Poukisa se te mwen?

M te pi piti, poukisa se mwen yo te bay?

M se premye pitit yo, yo pa konn si yo t ap gen pitit ankò, yo bay mwen nan adopsyon, èske yo te renmen mwen?

Ki sa ki pa te bon nan mwen ki fè yo te bay mwen?

E lòt pitit yo, èske yo pa grandi pou vin bon sitwayen Ayisyen? Elatriye...

Li mande pou nou ta nan pozisyon yo sèlman pou n ta konprann eta kè ti moun sa yo. Li ka mande anpil esplikasyon tou pou ta ede yo konprann sa ki te pase ak pou ki rezon paran yo te bay yo nan adopsyon. Sila yo ki gen limyè, ki pou ta di kichòy sou sa, pa te gen pitit yo nan pwogram nan. Paran yo ap soufri nan kè yo an silans. Yo pa ka eksplike moun sa y ap pase ak lòt k ap imilye yo nan di yo se vann yo vann pitit yo pou yo te ka rich. Nou konnen genyen ki pa janm ka dòmi nan nwit. Gen lòt ki vin fou tèlman koze a toumante lespri yo. Men, pa gen moun ki ka konprann poukisa yo vin fou. Majorite ti moun sa yo gen plis pase 30 tan kounye a. Anpil ladan yo gentan gen fanmi pa yo. Sitiyasyon an tèlman fè lontan san atansyon, ke l ka vin tounen yon pwoblèm sosyal ki ka afekte depi se moun LaVale yon jou. Se pou anpeche nou rive nan sitiyasyon sa a, nou bay

tèt nou obligasyon pou n pale de li kounye a anvan l twò ta.

Nou pa gen kapasite pou n ta pwopoze yon solisyon a sitiyasyon sa a. Nou konte sou sila yo ki gen eksperyans osnon ki se ekspè nan domèn sa a pou ta fè yon kout je sou sitiyasyon an, epi gade kijan yo ka ede moun sa yo (ti moun kou gran moun) ki ka ap soufri. Nan yon premye tan, nou panse anpil moun ka malalèz ak koze sa a; men alenfen, tout kominote a ka rale souf ansanm. Menm jan kongregasyon pè jezwit yo te konn ede esklav yo sou tan lakoloni, ak lè diktati t ap toupizi nou, nou bezwen Legliz Bondye a leve kanpe pou ede kominote LaVale a ak tout *sila yo k ap soufri, travèse move pa sa a.*

Pètèt, la soulaje doulè ki nan kè paran yo ak ti moun yo. Nou konnen deja nan ki kondisyon, nou te ateri sou zile a. Se derasinen yo te derasinen nou, pou fòse nou vini yon kote nou pa te vle vini ak pou nou sèvi moun nou pa te vle sèvi. Gade ozalantou nou, pou wè konbyen nan paran nou konnen ki nan tan pase yo, osnon jous jounen jodi a kite peyi Dayiti pou al nan Panyòl al koupe kann. Papa sa yo, èske nou panse yo pa renmen fanmi yo? Yo kite madanm, pitit, frè, sè, manman, papa ak tè lakay dèyè pou al chache yon lavi miyò pou yo. Malgre kondisyon difisil travay nan Panyòl, papa sa yo gen chans tounen vin wè fanmi yo apre 5, 6 mwa lè lasaf fini. Lè yo pa rive reyalize sa yo te espere, yo konn rete fè vyewo menm jan n ka sonje Yawè te fè. Yo fè sakrifis sa yo pou byenèt fanmi yo, paske yo renmen madanm ak pitit yo. Pa gen papa ki pa ta renmen la lè madanm yo ap akouche. Konbyen Ayisyen ki pa gen chans sa a, nan al chache lavi yon lòt kote? Madanm nou akouche, manman nou mouri, pitit nou marye, nou pa ka la. Nou se moun, men...

An n al gade yon lòt gwoup paran kounye a. Gen paran, papa osnon manman ki kite peyi nou an, pou al viv san papye nan lòt peyi tankou Kanada, Etazini, LaFrans, osnon nan zile Karayib yo. Paran sa yo kite pitit ak fanmi dèyè tou. Nou konnen yo renmen fanmi sa yo anpil. Sèl satisfaksyon yo genyen, se lespwa si gen yon pwoblèm lakay, y a ka bay yon kout men ak plis fasilite. Tout ti moun ki gen paran yo lòtbò, nan yon sans toujou kontan. Yo konnen, paran sa yo ap voye lajan pou rezoud pwoblèm manje, lekòl ak lopital yo ka genyen. Men, se pa sa sèlman yo bezwen, prezans 2 paran yo nan levasyon yo ak ledikasyon yo pi enpòtan pase tout sa nou te ka ofri yo. Ti moun ki gen paran lòtbò toujou gen plis posiblite pase lòt yo nan yon seri bagay. Men, sa pa fè yo pa ta renmen wè paran sila yo ansanm ak yo. Pa gen anyen ki ka ranplase chalè lanmou paran gen pou pitit. Paran sa yo, nou konnen tou konn pase 10, 15, 20, 25, 30 tan san yo pa ka tounen vin wè fanmi yo. Pitit, yo konn ap travay di pou sipòte, konn gentan marye dèyè do yo. Yo pa ka vin patisipe nan maryaj pitit yo, alòske se yo ki voye kòb pou nòs la fèt. Paran sa yo, dapre nou, se renmen yo pa renmen fanmi yo, ki fè y al pase mizè, pran imilyasyon nan peyi etranje? Non, se paske yo renmen fanmi yo, yo aksepte kite peyi yo ak tout abitid yo pou al chache yon lavi miyò. Yo pa ta renmen pitit yo grandi san ledikasyon, yo pa ta renmen wè madanm yo ap soufri, yo pa ta renmen wè fanmi yo ap soufri, yo pa ta renmen wè tèt yo ap soufri. Se pou rezon sa yo, yo pati kite fanmi yo dèyè. Byennèt nou ta sanble l pa nan peyi Dayiti, se yon lòt kote pou n al chache li.

Malchans pou nou, anpil fwa nou fè desizyon ki mal pou jwenn esplikasyon, paske nou pa pale eta kè nou ak lòt moun. Kilti nou pa pèmèt nou di lòt moun sa nou santi. Nou pa fasil di pitit nou yo nou renmen yo, menm

lè yo santi li. Menm lè nou sou kabann lopital, yon moun mande nou ki jan nou ye? Nou reponn: "Nou byen osnon nou pa pi mal". Repons nou an pa konekte ak reyalite a. Si nou sou kabann lopital se paske nou pa byen. Men lapèrèz pou n pale di sa n santi a pa soti lòt kote ke nan tretman gran paran nou yo te konn resevwa lè yo te esklav. San nou pa rann nou kont nou kontinye pa vle di moun vrè eta jan n santi nou. Sa lakòz nou toujou ap pale an parabòl, oubyen nou toujou ap pale san n p ap di anyen ki konekte ak reyalite a. Nou toujou ap miska bò wonn pou n wè si moun ki anfas nou an a rive dekouvri ki sa k nan tèt nou. Nou-menm peyizan ki te toujou anba nan sosyete a, pwoblèm sa a pi grav toujou pou nou. Yo pa t janm te konsidere nou kòm sitwayen peyi a. Nou pa janm te fè pati sosyete a. Moun lavil yo pa janm te bliye fè n sonje se peyizan nou ye lè n te an kontak ak yo. Gen sitwayen anpil lòt nasyon menm jan ak nou, ki pòv ki pati kite fanmi yo dèyè tou. Peyi *kominis an Ewòp ak an Azi yo, ak anpil lòt nan Amerik.* Ki vle di, se plis ledikasyon, povrete ak nesesite ki mete nou nan sa. Nou eseye chache rezon ki te ka esplike pwogram adopsyon sa a nan LaVale, nou pa ka jwenn li. Nou oblije al chache l nan mitan istwa nou ak jan nou viv. Ta sanble nou kondane pou n toujou ap chache konn ki moun nou ye ak ki kote nou dwe viv. Si pandan lontan se paran yo ki te konn pran lanmè, menm lè yo pa t konn naje.

Pou yon fwa nan lavi nou, nan sitiyasyon n ap pale la, paran yo te mete ti moun yo devan sou yon chimen ki pa te twò asire pou al bouske yon lavi miyò. Si paran yo konn fè l ak volonte yo; nou dwe di ti moun yo pa t bay dizon yo nan antant sa a pou te ka amelyore lavi yo ak si yo ta reyisi lavi fanmi yo. Nan Non Sivilizasyon, sa pa t dwe fèt. N espere sa p ap janm fèt ankò nan kominote

nou an. Men pou sa pa janm fèt ankò, se nou-menm sitwayen ki pou pran dispozisyon ki nesesè yo. Nou dwe rekonèt nou pa ka konfye pwoteksyon pitit nou bay Leta ak Legliz ankò. Nou te deja konnen nou pa dwe fè Leta konfyans; men ta sanble n oblije mete Legliz sou menm ban sa a tou. Si nou pa fè sa n dwe fè, nou pa ka di jamè.

Nou espere ti detay sa yo ka ede nou konprann pi byen nan ki kondisyon paran yo te aksepte bay pitit yo nan adopsyon. Nou espere ti moun yo a konprann sa tou, menm lè l difisil pou y aksepte li. Nan fason pwogram nan te prezante a, paran yo te panse nan epòk la, se te yon jan pou bay ti moun sa yo yon pi bon chans reyisi nan lavi yo.

Nou pa ta renmen asosye sitiyasyon an sèlman ak keksyon ledikasyon, povrete, osnon soudevlòpman pou plizyè rezon. Gen paran ki te konn li ak ekri, ki te bay pitit yo nan pwogram sa a. Gen lòt, ki pa te konn li, ki te deside, yo p ap bay pitit yo. Si nou ta konsidere l konsa tou, nou ta oblije mande èske moun ki pa konn li ak ekri pa gen lanmou nan kè yo?

Sakrifis paran yo fè, gen anpil valè pou avni fanmi yo. Gen nan nou ki pran lanmè, pou al chache lavi miyò pou fanmi nou, al riske vi nou sou bato alòske nou pa konn naje. Nou konnen nou ka mouri; men, pou lanmou nou gen pou fanmi nou, nou fè l kanmenm. Nou p ap inyore tou kantite fanmi ki soufri absans paran sa yo.

Konbyen ti moun yo kite dèyè ki tonbe nan *delenkans*?

Konbyen papa ak manman ki tounen manje reken?

Konbyen mari ki kite madanm yo Ayiti ki blije marye pou rezidans?

Konbyen madanm ki kite mari yo dèyè, ki blije marye pou rezidans?

Nou konnen sa ki pase nan anpil ka. Chache lavi, detwi lavi ! Nou kontinye ap fè menm sakrifis sa yo pou fanmi nou jouk jounen jodi a. Nou tout ap chache chimen sivilizasyon nan yon lavi miyò kèlkeswa kote n ka jwenn li.

Nou te pale nan kòmansman chapit la de ki sa yon lidè kominotè ye. Nou pale anpil de frè, pè, mè ak responsablite yo genyen nan kominote yo. Nou p ap bliye tou se yo-menm ki te entwodwi program sa a LaVale. Nou p ap neglije ba yo kredi pou bon entansyon yo ka te genyen lè yo t ap prezante pwogram sila a. Nou p ap bouke di yo mèsi tou pou kontribisyon yo nan devlope ledikasyon LaVale. Karaktè ak tit lidè yo genyen an ta dwe mete yo nan pozisyon pou resevwa depi se konpliman pwogram sa a te pote.

Yon lòtbò, si ta dwe gen repwòch, apre analiz, yo dwe resevwa yo tou. Lidè, se moun ki pran responsablite yo, espesyalman lè tout bagay ap mache mal. Lidè, se pa sèlman pou lè tout bagay ap mache byen. Nou ta dwe pran devan lè gen repwòch pou nou retire chay la sou do sila yo ki pi piti, k ap travay sou lòd nou. Lidè katolik yo nan LaVale ta dwe leve kanpe pou jwenn ki sa pwogram sa a te pote pou kominote a. Mè, frè, pè ki ka te konnen devlòpman pwogram sa a osnon ki te patisipe ladan l, ta dwe gen kont pou rann kominote y ap sèvi a. Pa bliye n ap pale la de ti moun, anpil nan lidè sa yo ap sèvi ti moun. Yo gen ti moun ki plase sou responsablite yo nan tout sa y ap fè. Prestij ki akonpanye tit yo, mete yo nan pozisyon pou ta ede sila yo ki plis bezwen asistans yo. Nou konnen li ka difisil pou yo pran pozisyon nou swete pou yo ta pran tou, paske yo fè pati yon kongregasyon. Nou byen ka twonpe nou nan fason nou konprann vokasyon lidè sa yo. Si nou ta twonpe nou, nou mande yo padon. Men, lè nou marye bon entansyon yo ak

vokasyon yo, nou ta vle kwè yo te gen bòn entansyon, lè yo te prezante pwogram sa a LaVale. Nou p ap manke di tou, anpil nan lidè legliz ki responsab LaVale jodi a gen dwa pa menm konnen si te gen yon pwogram konsa ki te egziste. N ap sezi wè kire pawas la poko gen 40 tan. Li gen dwa pa menm te ankò fèt lè pwogram sa a t ap pran pye LaVale. Men, si nou se kretyen ak lidè k ap sèvi kominote, nou pa ka di nou pa t konnen ankò, apre nou fin li liv sa a. Pa gen rezon pou popilasyon an ta ban nou kredi osnon pou l ta ban nou pote chay pou kèlkilanswa sa ki te fèt nan epòk la. Men, nou kwè lidè jodi yo gen mwayen pou ta ede klere limyè sou keksyon sa a ak ede kominote a chita bò yon tab pou diskite sitiyasyon an. Lidè legliz yo gen otorite ak resous pou fè travay ki ta dwe fèt la. Entèlektyèl LaVale yo, men yon opòtinite pou n mete konesans nou nan sèvis kominote nou an yon fwa anplis; pa rate li.

Jan nou apwoche keksyon sa a ka detèmine ki jan lòt moun toupatou ap wè ak konprann moun LaVale nan 100 lanne k ap vini la. Nou fè jèfò pou n prezante istwa sa a san n pa jwe wòl jij osnon viktim.

Legliz Katolik LaVale dwe kole tèt li ak otorite yo pou adrese pwoblèm sa a. Yon travay konsa dwe antre nan misyon Legliz la pou asiste moun sa yo ki se fidèl Legliz Jezikri a ki ka bezwen asistans pou ede yo konprann sitiyasyon an pi byen.

Gen nesesite pou otorite yo pran dispozisyon pou yon bagay konsa pa janm repete ankò LaVale ak nan ankenn lòt kominote nan peyi a jan l te fèt la. Leta dwe pran responsablite l nan pwoteksyon sitwayen, sitou sila yo ki san defans akòz inyorans osnon estati sosyal yo. Kòripsyon ki nan system Leta a gen dwa pèmèt jouk jounen jodi a pitit tè a kontinye ap soufri nan move kondisyon. Pwogram sa a pa t fèt ankachèt, Leta te

oblije patisipe ladan li. Se Leta ki te bay papye ki te nesesè yo pou adopsyon sa yo te ka fèt. Sitiyasyon kòripsyon nan pwogram adopsyon sa yo pa diferan de jan chèf tribi Lafrik yo te konn itilize otorite yo pou vann frè yo, sè yo ak moun ki te sou kont yo pou vin nan esklavaj. Nou konnen karaktè ak feblès Leta nan peyi a, se sa k fè responsablite pou anpeche yon bagay konsa fèt ankò vin tonbe sou zèpòl manm kominote a ak Legliz. Si nou pa òganize nou pou n pwoteje sila yo ki pi piti osnon ki depann de nou pou pwoteksyon ; kisa nou itil lasosyete menm? Ki misyon n genyen sou tè a ? Nan yon lòt liv ki pou soti sou keksyon sa a menm, nou pwomèt n ap bay plis detay sou eksperyans pwogram sa a LaVale. Pou kounye a, boul la nan pye ou-menm ki fè n gwo onè sa a pou rive li chapit sa yo.

Enpòtans Edikasyon

Gen anpil bagay, ki reprezante enterè tout moun nan yon kominote. Bagay sa yo se sous dlo, wout, lekòl, legliz, mache, ak anviwònman. Tout moun gen responsablite nan konstwi ak proteje bagay sa yo. Yon ti kout men pou kenbe yo nan bon eta se responsablite chak sitwayen k ap viv nan yon zòn. Si yo p ap mache byen, moun k ap viv nan kominote sa a pa ka viv byen. P ap ka gen pwogrè tou, si ti moun yo pa ale lekòl, p ap gen lespwa pou zòn sa a avanse. Tout moun ap rete menm kote a, p ap janm gen youn ki wè pi lwen pase lòt. P ap janm gen youn ki al chache limyè a pou pote l vin nan zòn nan. Si n ap fè regadan youn ak lòt, nou p ap ka vanse tou, si nou pa vanse, gen plis chans pou n fè bak tan pou n ret kanpe anplas. Nou tout gen bezwen byen piblik sa yo pou nou vanse ansanm. Enterè yon peyizan se enterè yon lòt peyizan akòz jan n ap viv. Enterè youn makònen ak enterè lòt, youn rele, lòt la reponn lajounen kou lannwit.

Ledikasyon se chimen pwogrè ak devlòpman. Se pa sèlman kounye a, se konsa l te toujou ye. Li difisil nan tan kounye a pou n peye pou edikasyon ti moun yo ; men, pa panse, yè, li te pi fasil pase sa. Se gwo sakrifis ak anbisyon ki te fè n fè ledikasyon pitit nou yo. Lè nou di anbisyon se pa nan move sans non, nou vle pale de anvi pou n fè pwogrè, pou chanje sitiyasyon nou, pou n evolye. Si yon moun ap viv san anbisyon, li p apral okenn kote. Anbisyon se fòs ki fè n reve denmen ka pi bon pase jodi a. Si nou pa panse konsa, n ap kòmanse wè malè adwat nou, malè agòch nou. Men, moun ki panse denmen ka pi bon yo, toujou viv ak lespwa. Yo toujou

panse lapli ap tonbe denmen pou fèy vèt ka pouse, yo toujou ap ri. Yo gen chans viv pi lontan pase sila yo ki panse pa gen lespwa pou yon denmen miyò. Sila yo ki envesti nan ledikasyon pitit yo, se moun ki kwè nan yon denmen miyò pou tèt yo, pou pitit yo, pou fanmi yo ak pou peyi a. Pa gen anyen ki ka tenyen limyè ak lespwa moun sa yo.

Lè ti moun ap grandi nou pa konn sa yo ka vin ye denmen. Se pou sa, nou dwe bay tout ti moun chans yo, mete yo lekòl. Konsa, yo p ap regrèt denmen, nou-menm paran nou p ap regrèt tou. Ak pèseverans, n a sezi wè se ti moun sa yo ki fè lonnè nou ak ki leve n atè a yon jou jan ansyen yo te konn di sa. Nou pa fè l pou yo nan lespwa y a pran nou sou responsablite yo lè nou pa kapab soutni tèt nou ankò; men nou dwe fè l paske se devwa nou. Men, si yo pa ale lekòl, yo gen plis chans pou vin kontinye fè menm sa nou te toujou ap fè yo. Yo ka toujou bezwen sipò nou nan lavi yo akòz move lavi. Nan anpil ka, se lamizè nou pwolonje lè nou pa mete pitit nou yo lekòl. Sa pa vle di sa nou te konn ap fè pou soutni fanmi nou pa bon; men, tout moun ta renmen wè pwogrè, devlòpman ak chanjman nan fanmi yo. Nou dwe gade wo, pi wo nou kapab. Nou dwe panse pitit nou ka vin okipe nenpòt ki pozisyon nan peyi a osnon nan lasosyete. Sa pa vle di se sa y ap ye; men, omwen nou te di l yo gen chans lan. Voye pitit nou yo lekòl, y a fè rès la pou kont yo. Si yo chwazi pou yo pa ale lekòl, y a peye sa pi devan. Men, nou-menm paran retire chay sa a sou do nou, mete yo sou chimen sivilizasyon.

Pa panse tou, tout moun k al lekòl ap vin filozòf oubyen y ap vin rich. Lekòl se chimen chanjman, evolisyon ak devlòpman, se chimen limyè. Gen moun ki pa gen kapasite pou travay byen lekòl. Sa pa dwe dekouraje nou, gen nan lòt bagay nou fò. Peyizan ki pa

mete pitit yo lekòl gen chans pou yo pa wè chanjman ak limyè n ap pale a. Y ap kontinye viv nan fènwa jalouzi pou sila ki fè efò. Bondye ap toujou pwoteje malere ki fè edikasyon pitit yo kont move je ak jalouzi.

Ledikasyon se yon grenn mayi nou mete anba tè, lapli tonbe sou li, nou mete fimye nan dèyè l, nou sekle l pou raje pa touye l, epi, li vin ban nou 3 gwo zepi. Li pran tan pou n rekòlte, nou pa plante jodi, pou n rekòlte denmen. Nou pa t ap apresye rekòlte jaden nou yo tou, si li te fasil. Se kantite efò ak sakrifis nou fè yo, ki fè nou renmen moman n ap rekòlte yo pi plis. Manje nou yo gen pi bon gou lè nou konnen nou te swe pou yo. Se menm jan ak ti moun yo, ba yo levasyon ak moso ledikasyon pou denmen yo ka sèvi potomitan kominote a ak peyi nou an. Nou dwe konnen si ti moun yo pa ale lekòl sa p ap anpeche yo viv tankou nenpòt ki lòt ti moun. Men, gen yon moman nan lavi yo y ap reyalize yo gen pi piti chans pou chanje sitiyasyon yo pase sa k t ale lekòl yo menm jan nou te wè sitiyasyon Yawè a nan kòmansman liv sa a. Se yon sitiyasyon ki kreye jalouzi kay anpil moun osnon ant frè ak sè. Nèg la te la a ansanm avèk nou, toudenkou, li vin yon lòt moun. Sitiyasyon l chanje alòske nou la nou-menm, anyen pa chanje pou nou. N ap kòmanse di se paske n pa gen chans, se pwen l pran. Se konsa jalouzi ka kòmanse plen kè nou pou moun sa a.

Papa Bondye p ap kite move zak nou touche moun sa yo ki fè sakrifis voye pitit lekòl. Paran ki goumen nan bay pitit ledikasyon ap jwenn pwoteksyon yo kont lòt yo ki pa kwè nan sa ledikasyon ka fè. Menm lè gen jalouzi, Bondye ap kenbe yo anba zèl li. Li pa t ap nòmal pou apre kantite kalamite nou-menm paran nou pase nan fè levasyon ti moun pou malfèktè ta gen pouvwa fè nou

mal. Malfèktè plis ka fè malfèktè parèy yo mal paske y ap batay pou menm bagay.

Nou p ap fasil wè moun ki fè gwo sakrifis voye pitit yo lekòl gen pwoblèm jalouzi youn pou lòt, yo tout konnen sa ki gen nan batay sa a. Yo antann yo pi souvan. Genyen k ap reyisi, genyen tou k ap kase zòtèy yo nan chimen. Sa pa vle di pou n dekouraje; depi n fè devwa nou, se sa ki konte. Yè li te nòmal pou n te mete pitit nou lekòl ak lide pou yo aprann ekri non yo, tan chanje jodi a, nou bezwen pouse yo pou yo rive pi lwen yo kapab.

Sa pa fè lontan depi se pou pitit nou pa pot lèt lanmò yo nou te konn voye yo lekòl. Men, jodi a aprann ekri non ak chif pa sifi. Nou dwe fè ti pa ti pa jiskaske nou rive kote nou ta vle a. Se pa travay paran sèlman, se responsablite chak grenn moun nan kominote a pou ede nan devlòpman jenn moun yo pou yo ka vin sitwayen rezonnab denmen. Gen anpil jan nou ka ede, gen dwa se nan konsèy nou bay paran osnon ti moun yo. Nou ka mete yo sou chimen ki pou louvri je yo ak lespri yo. Si nou fèmen je nou sou ti moun k ap fè move zak jodi a, denmen se nou-menm k ap peye konsekans yo. Se nou k p ap ka dòmi nan kabann nou, paske n ap pè pou vòlè ak vagabon pa vin atake nou. Vòlè ak vagabon sa yo pa lòt ke ti moun osnon jenn moun nou te ka ede pran yon lòt direksyon nan lavi yo. Pi bon mwayen pou n asire sekirite nou denmen se envesti nan jenn moun yo pou yo pa tounen delenkan. Si yo sanble atoufè jodi a, se bon moman pou n pwoche yo, pale ak yo montre yo yo se moun, ofri yo tandrès ak lanmou. Men, si nou gade yo tankou ravèt jodi a, ak repiyans, pa fatige nou, denmen y ap nan asyèt nou. An n fè tout efò pou yo vin bon sitwayen, ki ka omwen itil tèt yo ak kominote a. Li difisil pou wè ti jennonm ki t al lekòl la chita nan savann nan

ap koupe zòrèy bourik moun. Li ka parese, li ka gen lòt defo; men, l ap bay mwens pwoblèm pase lòt sa ki pa ale lekòl yo.

Nou ka wè gwo chanjman nan lakou vwazinaj nou, n ap mande si se pwen yo pran. Men, lè yo t ap fè sakrifis pou voye ti moun yo lekòl, monte desann nan reyinyon adwat agoch, leve bonè pou fè manje lekòl, nou pa t wè sa. Yo toujou wè bèl jaden lè fèy ap pouse; men, yo pa janm wè lè tè a t ap fouye ki kantite mizè madan *Paul* te pase. Zaboka a paka tonbe twò lwen pye a. Li pa ka tonbe anba pye sitwon tou. Moun ki plante se yo ki dwe rekòlte. Papa Bondye ap toujou pwoteje malere ki fè gwo sakrifis pou fè ledikasyon pitit yo kont jalouzi malfèktè ki ta renmen mango tonbe anba pye sitwon ki nan jaden yo.

Lespwa yon denmen miyò pou lasosyete ak sivilizasyon

Lasosyete tèlman fè n (peyizan) santi nou pa anyen; pitit nou yo pa vle etidye metye ki konekte ak sa papa ak manman yo ap fè ki se: travay tè. Nou-menm tou paran, nou pa vle pitit nou yo vin mete men nan tè lè yo konn li. Ledikasyon ak agrikilti pa mache ansanm nan istwa nou. Sila yo k ap travay tè pa ta dwe konn li (se prensip kolon yo te tabli pou esklav yo). Youn nan fason anpil nan nou-menm peyizan konnen nou fè pwogrè, se lè nou wete pitit nou yo nan aktivite travay tè. Nou santi se doktè, kontab, enjenyè ak avoka pou yo ta ye, pou moun ka respekte yo. Pandan lontan nan peyi nou an, yo pa te janm konsidere peyizan pou moun. Pitit nou yo ki etidye agwonomi malerezman ap travay sou biwo nan kapital, alòske pa gen jaden nan kapital la. Nan respè ak lonnè pou valè nou sot pale la yo, nou ka kòmanse konstwi yon lòt kalite sitwayen ak yon lòt mantalite ki pou fè fyète tout sila yo ki mete men nan tè a pou travay li. Fyète a ap pou fanmi yo, kominote yo ak pou peyi a.

An n imajine ki jan lòt moun wè nou. Depi moun lavil tande peyizan, yo panse premyèman a yon nèg pye atè, li ka gen yon chapo pay nan tèt li, rad li chire kèk kote, li pyese kèk lòt kote. Peyizan nan nou ki plizoumwen yo ka gen yon bòt oswa yon boyo plastik nan pye nou. Men, pi souvan, nou pye atè. Genyen nan nou ki ka gen yon kouto-digo nan men nou ak yon manchèt koulin bò senti nou. Gen lòt ki ka gen wou osnon pikwa sou do yo lè yo pral travay. Majorite nan nou pa konn li, ni ekri. Sa ki te gen chans pase nan silabè a, pa janm sispann pale franse. Pale franse a se ranplase tout *i* pa *u* osnon *u* pa *i*. Depi nou chanje 2 lèt sa

yo youn pou lòt, se franse nou pale. Se moun eklere ki pale franse, konsa moun a wè nou yon lòt jan, nou sivilize. Tout sa ki nan idantite nou, yo montre nou yo pa bon menm jan ak lang nou pale ak konprann nan: kreyòl. Konplèks pale franse a fè tout sa nou fè nan jaden nou pa bon devan tout sa ki soti yon lòt kote. Inyorans jwe yon gwo wòl nan pwoblèm sa a.

Kòm nou pa gen asistans sosyal, nou konsève abitid nou yo, ke yo bon, ke yo pa bon, de jenerasyon an jenerasyon. N ap kontinye fè kèlkilanswa sa papa nou ak gran-gran papa nou te konn fè. N ap repete ak fyète se gran-gran papa nou ki te konn fè l konsa, menm si sa n ap fè a pa twò bon pase sa. Chanje abitid nou leve jwenn, se pa bagay ki fasil. Nou pa kwè nan sa nou pa konnen.

Sajès peyizan san limit, se la a nou ka twonpe nou. Lè yon bagay nouvo parèt, nou obsève l, nou fè kòm si nou dakò avèk li pou n pa ofanse moun ki pote l la. Men, kou moun ki vin ak chanjman sa a ale, nou retoumen nan sa nou abitye, abitid se vis. Akòz sajès nou, nou p ap janm di moun sa y ap fè pa bon. N ap toujou kite yo konprann nou dakò ak yo. Sa rann li pi difisil pou lòt moun travay ak nou, paske yo pa konn sekrè ki nan kè nou yo. Tankou nou te di l deja, nou pa alèz pou n di moun jan n santi nou ak sa ki nan kè nou. Lapèrèz gran paran nou yo ki te nan esklavaj kontinye ap make nou nan relasyon nou youn ak lòt. Nou pa fè moun konfyans, nou pè youn lòt.

Sila yo ki vle ede nou pa ka parèt yon bon jou pou n mande tout moun pou yo chanje. Men, nou ka trase kèk egzanp pou ka fè chanjman nou panse ki bon. Kominikasyon se yon lòt gwo koze. Envite nou patisipe nan reyinyon pou diskite pwoblèm kominote a. Sonje anpil nan pwoblèm nou ka wè yo, pa pwoblèm pou anpil

lòt peyizan k ap viv kote n ap pale yo. Se lè lòt moun vini, yo lonje dwèt sou yo, yo tounen pwoblèm. Sitiyasyon nou viv chak jou, san nou pa gen pouvwa ak mwayen pou chanje l, tounen nòmal pou nou. Nan je pa sila yo ki pa ladan l, li gen dwa pa parèt nòmal akòz eksperyans yo fè lòt kote osnon akòz konesans yo. Si nou pa gen mwayen ak konesans pou chanje move sitiyasyon an, li parèt nòmal pou nou. Se pa paske nou sòt osnon inyoran, se konsa lanati ye.

Pa mande nou pou n kite zòn lakay nou pou al patisipe nan reyinyon lòt kote. Nou p ap alèz pou di sa k nan tèt nou. Fè nou santi kote n abite a enpòtan pou ou ak pou tout lòt yo. Fè n santi nou pa abite twò lwen pou moun vin vizite nou. Sa fè lontan depi n ap tande mo sa yo. N ap pi alèz pou n patisipe ak di sa n santi nan mitan moun nou konnen. Si yo envite nou al kote nou pa konnen, nou pa moun nou ye a ankò, nou pa santi nou an sekirite. N ap timid, plis n ap jennen. Sa pa vle di, nou pa gen pou n deplase kèk fwa pou al vizite lòt aktivite nan lòt kominote. Pa fè n santi sa n ap fè osnon sa n konn fè pa bon di tou. Pa fè kòm si sa n pote a, se li ki pi bon. Si se konsa nou fè l, sa p ap mache ak mantalite peyizan bò isit. Si lòt moun ki vle ede nou pa respekte abitid nou, sa nou ye ak jan nou ye, y ap echwe. Sonje tou, sa yo vle ofri a gen dwa se pa sa nou bezwen. Lè yon moun ofri nou yon bagay nou pa bezwen, sa nou fè ? Nou di moun nan nou pa bezwen l kareman. Konsa tou, anpil fwa, moun ki di yo eklere yo aji menm jan ak nou ; men, yo fè l ak ipokrizi. Yo pran sa yo ofri yo; men, nou konnen byen yo pa bezwen li. Pou fè moun nan plezi, yo pran l kanmenm. Kou moun sa a deplase, yo bay yon lòt moun kado sa a, oubyen yo jete li. Se pa tout sa yon moun ofri nou, nou bezwen vrèman. Gade ki jan nou ka itilize sa ki nan abitid peyizan yo pou ka fè mesaj la pase.

Ajoute l kòm yon di plis nan sa nou abitye fè deja. Konsa n a gen plis chans vanse ansanm. Nou p ap santi yo vin anvayi nou ak konesans pa yo.

Si gen yon vye abitid nou ta renmen chanje, li mande pou nou fè anpil atansyon. Tankou gen moun ki mouche nen yo pou souye larim nan ak men yo epi sou rad yo. Nou ka sonje sanba Tiwowo te fè sa nan kòmansman liv la. Menm men sa a ki pral bay lanmen ak lòt moun ka simaye move jèm ki ka bay maladi. Anpil moun fè l, san yo pa menm rann yo kont. Nou ka pale de sa nan reyinyon san n pa lonje dwèt sou pyès moun. Konsa san n pa blese pyès moun, mesaj la pase. Dayè, prèske nou tout gen ti move abitid pa nou. Si nou obsève yon moun ap souye nen l ak men l, nou pa ba l lanmen pou sa, li ka fache ak nou. Men, si sa pale an piblik tankou n ap fè l la, li ka lakòz mwens pwoblèm. Pou yon peyizan, se yon imilyasyon, si n pa pran lanmen lè l lonje men l ba nou. L ap panse se paske nou panse nou plis osnon nou pi pwòp pase li. Li ka manje nou menm, alòs si l kapab. Se pa tout sa k nan tèt yon malfèktè l ap rive reyalize. Bondye ba l limit li tou. Sa pa vle di peyizan se malfèktè, men, nou konnen genyen nan nou ki pa moun tou, nou vle di ki pa dou.

Menm lè peyizan ka parèt sal nan je lòt moun, nou saj anpil. Nou-menm peyizan, nou p ap janm rankontre moun pou n pa di bonjou ak anpil konsiderasyon. N ap mande nou nouvèl anmore, anmorèz, san bliye fanmi. Politès ak dousè nan bouch peyizan san limit. Anvan nou bay moun lanmen, nou retire chapo nan tèt nou. Nou di lonnè-respè tankou si moun nou kontre a se wa.

Lapwòpte atire moun sou moun. Lè yon moun pwòp, lòt moun pa gen pwoblèm kanpe pale avèk li. Ki sa yon peyizan ka fè pou chanje imaj li ak fè moun panse pozitif de li?

Nan kilti nou, nou pa gen pwoblèm ak yon moun ki gen rad sal sou li. Men, nou renmen wè moun ak soulye nan pye yo. Kèlkilanswa soulye a ka pase. Yon moun pye atè pa gen kote nan sosyete yo byen gade l, kèlkilanswa peyi a. Menm lè li ka yon moun rich, pòv, nwa, blan, jòn, saj osnon analfabèt sa p ap chanje. Pou yon rezon osnon yon lòt, soulye ta anvi sanble ak mak diyite yon moun. Li pa bezwen yon soulye chè, li ka yon sandal, depi nou pa pye atè, moun wè nou yon lòt jan. Tout abitid sa yo, nou eritye yo nan jan yo te konn kenbe ansyen paran nou yo nan esklavaj. Pou yon lanne, se sèlman 2 rechany yo te konn bay chak esklav. Se pou sa, yo te toujou abiye ak ranyon anpil fwa. Yon esklav ki te jwenn libète l, premye efò l ap fè se yon soulye l ap chache achte pou montre li pa menm ak lòt frè l yo. Gen yon tan, lalwa te entèdi pou n te mete rad nèf sou nou. Yo te deside se gwo twal ki ka kòche po nou pou n mete. Se sa ki esplike jouk kounye a, Nan Non Sivilizasyon peyizan kontinye ap mache sal pye atè. Pitit yo mache toutouni paske kolon yo pa t janm konn bay ti moun nwa yo rad pou yo mete. Gen anpil jèfò ki pou fèt nan mouvman n ap fè sou chimen sivilizasyon an. Nou pa ka tann vwazen ak zanmi nou yo pou vin chanje sitiyasyon sa yo pou nou. Menm lè se yo-menm ki te kreye li, jodi a se nou-menm yo kritike pou li.

Si nou pye atè, do touni, ak rad sal sou nou, odè ap sòti nan bouch nou ak anba bra nou; pa gen moun k ap vle envite nou vin chita anndan lakay yo. Y ap plis vle resevwa nou anba pye zanmann nan ki sou lakou a, alòs nan lafrèch tou. Sa pa vle di nou pa moun non; men, nou reprezante yon pwoblèm menm pou etranje ki vin vizite kay moun sa a. Si nou gen lide pase fè yon ti chita ka konpè entèl pou diskite yon bagay, ou byen bay 2 blag ; li ta toujou bon pou nou gade jan n ye anvan. Sitou si mouche entèl gen etranje lakay li. Fòk nou sonje tou, se

imaj zòn nan nou ye. Nan peyi Dayiti soulye ki nan pye yon moun anpil fwa di kilès li ye. Men, andeyò sa pa konte. Depi nou pa pye atè, plis nou gen rad pwòp sou nou, nou zòm menm jan ak tout zòm. Andeyò depi yon nèg pa vòlè, tout moun konsidere l kòm yon gran nèg. Lonnè se youn nan pi gwo richès peyizan nou yo. Men, si n vòlè, se tout fanmi nou ki sal. Tach sa yo pa lave, li swiv non nou kèlkilanswa kote n ale. Pa gen mwayen pou n disparèt nan ti lokalite sa yo kote youn konnen lòt.

Nou temwen tout difikilte nou kontre sou chimen n anvan pou n jwenn yon ti losyè lespwa. Difikilte sa yo, nou ka wè, se pa yè yo kòmanse. Depi kote listwa ekri peyi nou an kòmanse jouk pou rive nan kreyasyon nasyon nou an nan lanne 1804, kat la te mal bat. Akòz pwoblèm fondal natal sa yo, nou mal pou konstwi rèv nou nan mitan lòt nasyon ki rele tèt yo nasyon sivilize yo. Yo fè anpil efò pou kenbe nou nan labou a tou. Nou fè lontan n ap akize kolon tan lontan yo pou tout mizè nou. Jodi a, nou akize nouvo kolon yo pou lòt fòm esklavaj yo mete sou do nou. Esklavaj kraze zo a te rèd anpil, men nou te rive retire n anba li. Kounye a, nou dwe goumen pou retire esklavaj moral k ap toupizi nou depi yo te plante kwa a sou mòn sen *Nicolas* a.

Peyi ki te pi rich nan Karayib la tounen peyi ki pi pòv la kounye a dapre sa yo vle fè nou kwè. Esklav ki te goumen pou endepandans nou an te pran eksperyans yo nan goumen pou milat ak blan yo. Kounye a, nou rive nan moman kote nou ranmase anpil konesans nan men moun ki rele tèt yo moun sivilize yo, nou fè anpil bon ak move eksperyans. Nou ka kòmanse itilize tout konesans ak eksperyans sa yo pou n rekonstwi peyi nou an jan nou ta renmen l lan. Si n ta rive fè sa, se t ap yon lòt gwo pa nou t ap fè Sou Chimen Sivilizasyon apre endepandans nou an.

Anpil nan save nou yo panse nou ta dwe kòmanse nan ledikasyon. Gen lòt ki panse, se nan agrikilti nou ta dwe kòmanse. Yo tout gen yon moso rezon, ledikasyon enpòtan nan devlòpman ak nan avansman kèlkilanswa pèp la. Ledikasyon ban nou konesans nou bezwen pou n reflechi ak aji menm jan ak moun sivilize. Ledikasyon konplete moun nan tout sans, li se limyè ki liminen nan fènwa. Se yon anpoul ki vise nan tèt chak grenn moun ki genyen li. Pandan tan difisil yo, nou pa te gen chans al lekòl, pou nou te ka louvri je nou ak konsyans nou. Ki vle di l ap pran tan pou repare sitiyasyon sa a. Ledikasyon pran tan anvan pou l devlope ak bay rezilta. Yon pèp tankou nou k ap resevwa ledikasyon nan yon lang nou pa pale rann li pi difisil pou nou toujou. Ak gras Bondye, nou konnen enpòtans ledikasyon jodi a, ak ki sa l ka fè pou nou. Se responsablite nou pou n pwofite louvri pòt bay sila yo ki frape ki anvi antre. Ledikasyon se baz devlòpman ak evolisyon n ap pale a. Nou bezwen wè plis pitit tè a antre nan inivèsite pou aprann ki jan yo ka chanje sitiyasyon de grenn gòch sa a.

Agrikilti se dezyèm eleman nou dwe konsidere nan devlòpman peyi nou an. Nou lwen pou n ta vin yon peyi ki pou ta gen ekonomi ki chita sou devlòpman gwo endistri. Nou pa gen enfrastrikti pou sa, ni nou pa gen lajan pou n ta devlope teknoloji ak enfrastrikti sa mande. Idantite nou se nan devlòpman agrikilti l te toujou chita. Tè nou an se youn nan tè ki te pi rich ki te genyen nan Karayib la. Nou ka fè l tounen jan l te ye anvan an si nou vle. Ki jan nou ka fè sa? Nou bezwen fòme yon nouvo jenerasyon peyizan ak yon lòt mantalite. Nou bezwen wè n ap plante jaden nou ak kè kontan ak fyète. Nou bezwen rekòlte ak diyite jan sa te ye pa gen lontan. Nou bezwen wè pitit nou yo al nan inivèsite pou yo tounen vin mete konesans yo nan sèvis kominote kote yo te fèt

la, san yo pa vire do bay travay tè. Si agrikilti ta devlope pou jwe yon pi gwo wòl nan devlòpman ekonomi kominote nou yo ak peyi nou an, n ap kontan di se peyizan nou ye. Moun nou pa ta panse ap eseye idantifye tèt yo ak travay tè. Tè nou yo se sèl byen nou pa ka pèdi jodi denmen. Men, nou dwe pwoteje yo nan plante pye bwa sou yo pou kòlè lavalas pa ranmase sa k rete a al lage anba lanmè. Depi nou pa grangou, òganizasyon degrenn gòch peyi etranje yo p ap jwenn mwayen pou eksplwate nou ankò. Y ap sipann itilize mizè nou pou fè biznis yo mache. Pitit nou yo ap kontan di se pitit peyizan yo ye. Pi plis zanmi ap soti nan vil yo pou vin pase tan ak nou anba lonbray bèl pye kalbas ak zanmann nou yo kote n ap bwè ti dlo kokoye nou trankil. N ap wè kapitalis do touni ap pran chimen larivyè pou al pran ti beny ak men longè kann yo nan men yo. Peyi nou an ap gen chans pou l tounen yon paradi ankò.

Nan kòmansman liv sa a, nou te pwomèt louvri *chimen yon lavi miyò pou peyizan*. Nou te pwomèt montre ki jan nou ka chanje egzistans nou. Pou nou rive wè chanjman sa yo, nou bezwen makònen enpòtans ledikasyon ak agrikilti pou n foure yo nan sèvo ti moun k ap grandi jounen jodi a. Byen bonè agrikilti, komès, edikasyon ak devlòpman ka makònen ansanm nan lespri ti moun yo. Nou konte sou jenerasyon sa a pou retire peyi nou an nan esklavaj moral ki anpeche n pran chimen devlòpman.

Jenerasyon grandèt jounen jodi a gentan sa pou l te ye ak tout kwayans tan yo te leve a. Sèl chans nou genyen se ti moun k ap vini yo. Si nou pase men pran yo, nou fè ledikasyon yo lekòl ansanm ak nan travay tè, yo gen chans grandi ak yon lòt mantalite. Yo ka devlope lanmou pou li, epitou kreye yon lòt klas peyizan ki pa sijè dan griyen ak ridikil. Jenerasyon k ap vini an, nou panse l ka

travay tè pou l manje; men gen mwayen pou l fè lajan nan vann sa l pwodui nan jaden yo. Tan pou nou plante yon pye piman nan lakou a, nou ka plante yon jaden piman pito. Tan pou nou gen yon kochon, yon lapen k ap fè pitit, nou ka gen plizyè dizèn lapen ak kochon k ap peple. N ap vann lapen, kochon, piman ak legim adwat agoch. Lè n asosye ledikasyon, elvaj ak travay tè, sa ka kreye yon lòt sosyete, kote tout moun renmen travay y ap fè a. Depi li rapòte lajan ak diyite, pa gen moun k ap plenyen pou li. Lè peyizan yo konnen gen moun ki apresye travay y ap fè a, yo-menm tou y ap kòmanse apresye tout sa ki bò kote yo. Sa ka kreye mantalite nou bezwen pou chanje sitiyasyon peyi nou an. Premye pa nou dwe fè sou chimen sivilizasyon n ap pale a, se la a li dwe kòmanse. Lè filozòf ak inivèsitè nou yo antre nan travay tè ak nan fè elvaj ap gen yon lòt konsiderasyon nan jan popilasyon an ak moun ki di yo vle ede nou yo konprann peyizan an. Moun k ap vin kontakte peyizan an ap apwoche l ak plis respè tou, paske l ap konnen se pa nenpòt ki moun ki kanpe devan l lan. Sila yo ki fin etidye agwonomi ap jwenn plas yo nan kominote andeyò nou yo pou yo travay. Youn ap sipòte aktivite lòt. Imaj peyizan an ap chanje pou tout bon nan sosyete a.

Chimen pwogrè toujou difisil; li pa ka fèt jodi-denmen, li mande anpil preparasyon. Chaje tonbe-leve, jalouzi, move koub, pale anpil ak dekourajman sou chimen pwogrè. Men, chita gade p ap mennen n pyès kote tou. *An n kòmanse jodi a pou n ka jwenn rezilta* nou swete yo denmen. Menm si nou pa ta gentan jwi travay nou yo, pitit nou ak kominote nou ap kontan lonmen non nou pandan lontan apre nou pati al nan peyi san chapo. Travay la anpil, fòk li kòmanse yon kote, fòk se yon moun ki kòmanse l, pouki se pa ou-menm

ansanm ak mwen-menm? An n goumen kont inyorans pou nou ka vanse sou chimen pwogrè.

Pèp ki sivilize yo, osnon ki rele tèt yo pèp sivilize jodi a pa te toujou sivilize jan yo ye a. Yo travay pou pèfeksyone sitiyasyon yo detanzantan jiskaske yo vin sa yo ye nan je nou an. Menm jan ak yo, men nan fason pa nou, nou ka travay pou n amelyore pozisyon nou nan limanite. Si nou nan grangou, l ap toujou fasil pou zòt achte sèvo nou pou kenbe nou nan inyorans. Men, si nou ka manje, n ap wè posiblite ak nesesite pou n chache edikasyon k ap louvri chimen pwogrè devan nou.

An n chache mete sila yo ki poko konprann sivilizasyon, sou chimen pou yo wè klè.

Nou-menm ki gen limyè sa a nan nou, se responsablite nou, pou n liminen sou chimen lòt yo pou yo ka wè chimen an. Chimen sa a kounye a, se devlòpman edikasyon ak agrikilti nan peyi a.

Nan Non Sivilizasyon...Sou Chimen Sivilizasyon

Nan Non Sivilizasyon, moun ki rele tèt yo moun sivilize, ki soti lwen lwen lòtbò dlo, te debake sou tè beni sa a pou vin simen lapèrèz nan lespri zansèt nou yo.

Nan Non Sivilizasyon, yo te vòlè ak piye tout byen pitit tè a te genyen pou yo t al konstwi gwo palè nan peyi kote yo soti.

Nan Non Sivilizasyon, yo te fè kadejak sou fanm ak pitit fi zansèt nou yo. Yo maltrete yo, yo detwi kò yo, moral yo ak diyite kretyen vivan yo.

Nan Non Sivilizasyon, piyajè, vòlè ak malfèktè te vin fè dappiyanp sou tout lò ki t ap koule nan rivyè nou yo ak anba tè nou yo.

Nan Non Sivilizasyon, yo te mete nou nan esklavaj pou satisfè rèv yo te genyen pou domine tout sila yo ki pa sanble ak yo nan koulè. Yo te deklare moun ras blanch yo siperyè tout lòt moun ke yo te wouj, nwa osnon jòn.

Nan Non Sivilizasyon, yo deklare koulè po te sifi pou konn ki moun ki entelijan ak ki moun ki pa entelijan.

Nan Non Sivilizasyon, yo te detwi prèske tout Endyen ki t ap viv sou tè nou an pou tabli modèl lavi ak sivilizasyon pa yo.

Nan Non Sivilizasyon, yo sakrifye Endyen ak Nèg mawon yo sou chimen mawonnay pou ka batize yo katolik.

Nan Non Sivilizasyon, moun sivilize yo te konn koupe bra pitit nou yo pou bay chen grangou manje sou chimen lè yo pral lachas.

Nan Non Sivilizasyon, yo te pote move maladi ak move mès sou tè nou an. Yo kontinye ap pote maladi ban nou jouk jounen jodi a. (Kolera)

Nan Non Sivilizasyon, yo derasinen Nèg Nwè nan peyi Lafrik yo, pou vin travay tankou bèt sovaj nan tout Lamerik.

Nan Non Sivilizasyon, yo fè Nèg Nwè yo ranplase Endyen yo apre yo te fin touye pifò ladan yo nan travay do kase ki pa gen anyen pou wè ak sivilizasyon yo te di yo pote a.

Nan Non Sivilizasyon, moun sivilize yo tabli esklavaj kraze zo, san parèy sou tè nou an.

Nan Non Sivilizasyon, yo detwi diyite, moral, karaktè ak valè moun Bondye te mete nan nou.

Nan Non Sivilizasyon, yo trayi *Caonabo, Anacaona,* Kasik *Henri* ak *Toussaint Louverture* pou te ka toupizi sila yo ki te kanpe pou defann libète ak diyite yon ras, yon nasyon.

Nan Non Sivilizasyon, legliz katolik apre endepandans peyi a vire do bay sila yo ki t ap goumen pou diyite ak libète yo nan peyi Dayiti.

Nan Non Sivilizasyon, yo te fè nou peye libète ak endepandans sa a ak san nou, epi yo mande pou nou peye l ak lajan tou. Nou kontinye ap peye pou sa jouk jounen jodi a.

Nan Non Sivilizasyon, Vatikan te lage nanm kretyen katolik yo ak tout sila yo ki te ka konvèti bay pè devègonde peyi sivilize yo pa t bezwen akòz move zak yo. Nan moman pèp nou an te plis bezwen prezans misyonè sa yo pou te ba li sipò ki te ka leve moral li ; se lè sa yo te chwazi pou koupe fache ak devwa yo. Yo te bandonnen nou sou wout la pou kont nou, pandan 56 zan. Yo vin anbrase nou paske pèp sivilize yo te deside anbrase nou pou yo te ka kontinye souse san nou.

Nan Non Sivilizasyon, relijyon kokobe nanm anpil nan frè ak sè nou yo pou fè yo tounen zonbi nan aksepte tout sa blan di yo kòm volonte Bondye.

Nan Non Sivilizasyon, yo tabli kòripsyon nan peyi nou an, nan moute nou youn kont lòt. Yo itilize povrete pou achte konsyans sila yo ki pi fèb pou fè yo fè sa k pa sa anba menas yo ka koupe souf yo.

Nan Non Sivilizasyon, peyi LaFrans menm apre endepandans nou pa t sispann menase nou.

Nan Non Sivilizasyon, Vatikan pa t vle rekonèt egzistans nasyon nou an paske nou se yon pèp nwa.

Nan Non Sivilizasyon, te toujou gen bato lagè k ap fè laviwonndede nan pò nou yo pou fè presyon sou gouvènman nou yo.

Nan Non Sivilizasyon, yo te enpoze dèt endepandans la sou Nasyon nou an. Yon dèt ki kokobe nou jouk jounen jodi a.

Nan Non Sivilizasyon, sitwayen peyi sivilize yo ki t ap viv nan peyi nou an te ka fòse gouvènman nou yo peye yo dedomajman pou ti krik ti krak.

Nan Non Sivilizasyon, peyi Almay te foure dwèt nan je nou ak imilye nou san rezon

Nan Non Sivilizasyon, peyi Etazini te meprize nou nan efò nou t ap fè pou pwoteje endepandans nou paske nou se yon pèp koulè po nwa. Yo pa t vle aksepte yon Ayiti lib ak Nèg Nwè ap gouvène li.

Nan Non Sivilizasyon, yo te fè dappiyanp gwo lajounen sou bank peyi nou an pou vòlè lò ki te nan kòfrefò yo.

Nan lanne 1914, Nan Non Sivilizasyon, yo pwofite dezòd ki te genyen nan peyi a, ak enkapasite politisyen ayisyen yo pou antann yo, pou yo te vin okipe peyi nou an. Yo taye yon demokrasi restavèk pou nou plis yo ekri yon konstitisyon ak san pèp la prezante bay lachanm.

Sòlda meriken debake nan palman ak zam fanm fwa pou fòse depite ak senatè yo vote konstitisyon sa a.

Nan Non Sivilizasyon, yo te klouwe *Charlemagne Péralte* tèt anba sou yon pòt.

Nan Non Sivilizasyon, depi lanne 2004 fòs militè etranje okipe peyi nou an san n pa konn poukisa.

Nan Non Sivilizasyon, yo piye, yo vòlè, yo vyole, yo ansasinen, yo detui konsyans ak moral. Peyi Dayiti se rezilta travay sivilizasyon pèpè.

Sou chimen Sivilizasyon, nou goumen pou n te ka rete vivan ak diyite. Nou batay pou nanm nou pa disparèt sou tè sa a kote lonbrik nou ak kòd lonbrik potorik gason ak fanm vanyan ki te mache sou li anvan nou ak fyète antere.

Sou chimen Sivilizasyon, gen anpil efò k te fèt soti lanne 1535 apre lanmò Kasik *Henri*, pou yo te detui ras nou an. Men, nou soufri ak kouraj ak diyite. Gen nan zansèt nou yo ki chwazi bay reken manje yo ak fyète tan pou yo te vin sèvi kòm esklavaj an Amerik. Malgre tout sa yo fè nou, malgre jan yo prije nou, yo pa t rive ekstèmine nou.

Sou chimen Sivilizasyon, soti sou *Caonabo*, pase pa Kasik *Henri, Padrejean, Plymouth, Polidor, Mackandal, Boukmann, Toussaint Louverture* pou rive sou *Dessalines,* nou pa janm te dekouraje. Nou pa t janm sispann kwè nou se moun.

Sou chimen Sivilizasyon, apre prèske 300 zan pèsekisyon kraze zo nou fè ajenou, nan lanne 1791 nou te leve kanpe pou tout bon kont mechan yo.

Sou chimen Sivilizasyon, nou te leve kanpe kont abi ak enjistis moun sivilize yo t ap fè nou.

Sou chimen Sivilizasyon, nou te kreye yon Nasyon tou nèf. Zansèt nou yo pa t pè pè pap. Nou pa ta dwe janm bese tèt nou devan kikeseswa. Men... sa tris.

Sou chimen Sivilizasyon, nou te kanpe pou n defann tout pèp ki te pèdi dwa pou yo te egziste tankou moun akòz koulè po yo.

Nou te kanpe, Sou chimen Sivilizasyon, pou n fè pèp sivilize yo konprann lapèrèz, entimidasyon ak tout gwo krim yo te fè sou nou yo, pa t ap anpeche n reklame diyite kretyen vivan nou.

Sou chimen Sivilizasyon, zansèt nou yo te goumen kont enjistis. Yo te goumen nan *Crête-à-Pierrot*, nan *Vertières* pou te deklare endepandans peyi nou an.

Sou chimen Sivilizasyon, Nasyon tou nèf sa a t apral sèvi kòm drapo tout lòt pèp k ap soufri yo. Nasyon nou an t apral sèvi senbòl diyite tout sila yo ki te antere nan simityè fènwa esklavaj. Nou pran libète pou tout sila yo, yo t ap maspinen. Nou pran endepandans pou tout pèp ki te nan fènwa yo.

Sou Chimen Sivilizasyon, pèp sivilize yo pran plis pase 25 lanne anvan pou yo te aksepte rekonèt egzistans Nasyon nou an. Li pran vwazen nou yo ak legliz katolik pi plis toujou pase sa.

Nou pase 56 lanne Sou Chimen Sivilizasyon ap mete ajenou nan pye Vatikan pou te ka rekonèt nou kòm youn nan pèp Bondye yo.

Sou Chimen Sivilizasyon, jounen jodi a, konbyen sen nwa nou konnen legliz katolik nou an rekonèt? Ki sa l ap pran Vatikan pou l rekonèt gen Ayisyen ki te viv lavi yo san fot, jan bib la ak lasosyete te mande yo? Konbyen Afriken nwa ki viv lavi yo an konfòmite ak sa bib la mande ki merite konsiderasyon pou ta vin sen? Kilè y ap aksepte yo kòm sen san se pa favè espesyal yo fè yo, osnon san se pa ajenou kretyen katolik ayisyen ak afriken

yo mete devan Vatikan? Erezman nou-menm Ayisyen nou pa fè foli pou sa tou! Peyi Ewòp yo pran keksyon sen an tankou si se yon byen ki gen pou wè ak yon sèl kontinan. Antouka si se konsa, an n kite Bondye deside ki moun ki sen ak ki moun ki pa sen lè jou jijman an rive. Se sèl li-menm ki ka jije san fot ni plenyen.

Nan Non Sivilizasyon... An n ale Sou Chimen Sivilizasyon, kòm bon patriyòt, pou n ka mete peyi nou an sou ray... An n bliye tout move tan ak tranbleman tè ki fè n soufri yo. An n pase yon chifon sou tout abi pèp sivilize yo te fè nou osnon yo kontinye ap fè nou. An n prepare nou pou n kòmanse tankou si jodi a se premye janvye 1804 ankò. An n fè kòm si pa gen anyen ki te fèt deja. Si n oblije gade dèyè, an n pran eksperyans sa yo pou n ka konstwi yon pi bèl peyi. An n pa panse a tèt nou nan desizyon n ap pran yo. An n panse a kisa peyi nou an ka ye nan 25, 50, 100 tan k ap vini yo. An n kite lespwa pou jenerasyon k ap boujounen kounye a. An n pran chimen sivilizasyon ak jenerasyon Ayisyen k ap vin ranplase nou nan lavi politik, sosyal, kiltirèl, ekonomik, ak nan jaden nou yo. Jan kominote entènasyonal la ap fonksyone a, si n pa pran responsablite nou kòm Ayisyen... jan yo kòmanse ap di l la: Ayiti ka disparèt anvan lontan.

Eske w ap kite sa rive?

François Nau,
Yon peyizan LaVale Jakmèl

Nan Non Sivilizasyon se yon pwezi, yon mizik, yon kritik, yon vaksin, yon liv istwa, yon literati, yon èv sosyal. Lè n ap li liv sa a, n ap tande yon tanbou rasanbleman y ap bat lwen nan ziltik, yon lanbi y ap kònen sou tèt pik Makaya, se vwa yon pèp ki nan yon mizèrere vitametènam, n ap tande lagonni yon peyi ki kouche sou kabann Lopital Jeneral; men ki gen lespwa. N ap reve je klè pandan sant yon kafe dlo kann ak bobori rasi, yon donbwèy nan sòs pwa kongo ap zatouyèt sans nou yo. N ap anvi kouri tounen lakay, andeyò nan mòn, kèlkeswa jan yo vle rele l la. Nou pral nan jaden ki se Relijyon peyizan nou yo. Nou pral sou ti moso tè yo genyen, ki se Patri yo. Nou pral ka fè yon gwo konbit nan lakou lakay sou bitasyon nou, pou n ka viv bèl sivilizasyon sa a.

Sivilizasyon se yon mouvman tèt kole, pa gen plas pou egoyis, pa gen plas pou regadan sou chimen sa.

Nan Non Sivilizasyon se yon travay ki envite n pran konsyans sa nou ye, sa nou genyen ak sa nou dwe batay pou n chanje.

Fanel Benjamin



ISBN-13: 978-0-9899978-3-6
ISBN-10: 0-9899978-3-9
90000
9 780989 997836

JEBCA Editions